ABBAZ
DABÍLOV



# TAŃLAMALÍ SHÍĞARMALARÍ



UDK: 821.512.121-1(081)
BBK: 5-Qar
D-14

**Abbaz Dabılov.**
**Tańlamalı shıǵarmaları** *(Qosıqlar, poema, dástan)* —Nókis: «Qaraqalpaqstan», 2018, —160 b.

Ózbekstan xalıq jırshısı hám Qaraqalpaqstan xalıq shayırı, Berdaq atındaǵı mámleketlik sıylıqtıń laureatı Abbaz Dabılovtıń «Tańlamalı shıǵarmaları» toplamına xalqımızdıń ruwxıy dúnyasın suwsınlandırıp kelgen qosıqları hám dástanları kirgizilgen. Shayır babamızdıń ádebiy miyrası jıllar ótse de kitap súyer xalqımızdıń júrek tórinde máńgi saqlanıp qala beredi. Sebebi, onıń shıǵarmaları Watan, el-jurt mápi, tariyxı menen únles bolıp keledi.

RESPUBLIKALI'Q
MA'LIMLEME-RESURSLI'Q
WORAYI'
INV № 90462

ISBN 978-9943-5327-4-8

© «Qaraqalpaqstan» baspası, 2018-jıl.
© A. Dabılov, 2018-jıl.

## NAWAYÍ HAQQÍNDA

Baylarǵa sen qarsı gúreske shıǵıp,
Sóz benen dushpandı nayzalap suǵıp,
Jáne de qalıpsań qattı tunshıǵıp,
Sózińdi nusqaǵa aldıq, Nawayı.

Gerat qalasında qalǵan topıraǵıń,
Tuwısqan-tuwǵanıń jáne urpaǵıń,
Sol waqtaǵı jatıp qalǵan bul baǵıń,
Qaytadan dúnyaǵa keldiń, Nawayı.

Bizler kórdik seniń qıssalarıńdı,
Oqıp kórip jazǵan nusqalarıńdı,
Sóz jóninde uzın-qısqalarıńdı,
Bilgen soń xalıqqa jaydıq, Nawayı.

Jazıwshılar saǵan ashıq bolıp tur,
Qábirińdi kóriwge qashıq bolıp tur,
Baylar húkimeti mansux qılıp tur,
Sózińdi hám, ózińdi hám Nawayı.

Seniń sóziń bizge jaqsı ulastı,
Bizler ashtıq sizge qarap qulashtı,
Tunshıqqan sózińdi zamana ashtı,
Jazıwshılar qolǵa aldı, Nawayı.

Dúnyaǵa qaytadan keldiń óziń sen,
Ayaǵıńnan aldıń tat basqan kisen,
Bes júz jıldı bes kún boldı men desem,
Sen kózime kórinbeyseń, Nawayı.

Kórdim súwretińde saqal-shashıńdı,
Aynalıp-úyrilip kórdim basıńdı.
Eliw-alpıs shamaladım jasıńdı,
Kózim jası bir-bir tamdı, Nawayı.

Tanıdıq sózińnen seniń oyıńdı,
Súwretińnen kórdim seniń boyıńdı,
Bıyılǵı jıl bes júz jıllıq toyıńdı,
Bir kóriwge qumarlımız, Nawayı.

Jol bermegen hasla saǵan sum zaman,
«Zamanıńda xalıqqa shayır atalǵan,
Eń izinde Gerat sháhárinde qalǵan»,
Dep qayǵırdı barlıq shayır, Nawayı.

Nawayı Alisher deydi atıńdı,
Bizler dushpan tuttıq seniń jatıńdı,
Nusqalarda qalǵan shiyrin xatıńdı,
Bizler xalıqqa jayıwshımız, Nawayı.

## OTARBA

Bardım Charjaw otarbaǵa,
Tashkent, Moskva barmaǵa,
Jer tanabın quwsırmaǵa,
Júrisi bar otarbanıń.

Kórdim otarba súwretin,
Qara ayǵırǵa dizgen bántin,
Hár sháhárde jol dárbentin,
Kórip keldim otarbanıń.

Qarawıl, mexanigi bar.
Tum-tusında áynegi bar,

Ishinde as, nan, shaynegi bar,
Awqatı tayın otarbanıń.

Restoranı tağı bar,
Bir vagonda segiz ayağı bar,
Kelispegen qayağı bar,
Kemisi joq otarbanıń.

Bir vagonda elli jay bar,
Bir adamğa bir taxtay bar,
Kóterseń bir qushaqtay bar,
Postelleri otarbanıń.

Kórgende miyriń qanadı,
Kórgen adam quwanadı,
Bes jerinde sham janadı,
Hár vagonda otarbanıń.

Bes sutka ishinde otırdım,
Mısalı bir bağday kórdim,
Úsh qabattan taxtay kórdim,
Jataq jayı otarbanıń.

Vagonların tórt qırlağan,
Ishin sarı menen sırlağan,
Polat sım menen torlağan,
Ishi-sırtın otarbanıń.

Bir tamasha úlken óner,
Júrgen sayın órshelener,
Qara may menen tas kómir,
Awqatı bar otarbanıń.

Sırtı sarı, ishi jıltır,
Taxtaydıń sırtı qańıltır,

Áste ǵana gúldir-gúldir,
Dawısı bar otarbanıń.

Biri arman, biri berman,
Temir jol menen juwırǵan,
Jerdiń tanabın quwırǵan,
Júrisi bar otarbanıń.

Vagonda segiz dóńgelek,
Sháhárme-sháhár dóńgelep,
Jer qoymaydı kelep-kelep,
Adımı bar otarbanıń.

Zır-juwırmaq muddahası,
Bári birdey bálent-pási,
Vagonları tolǵan kisi,
Aqsham-kúndiz otarbanıń,

Sırtı kók sır, ishi aq sır,
Qay waq kórseńiz tolıp tur,
Hár qalaǵa juwırıp júr,
Jumısı kóp otarbanıń.

Tıńlamaydı oy hám qırdı,
Aylanadı pútkil eldi,
Qayda barsa sarras jolı,
Máńgi gúzar otarbanıń.

Basına qara ayǵır jegilgen,
Neshshe vagon bar tirkelgen,
Om ketip, onı kelgen,
Hár vokzalda otarbanıń.

Qatar-qatar morjası bar,
Ishi tolı oljası bar,

Jańa óspirim jası bar,
Ómiri uzaq otarbanıń.

Barlıq kúshi ayǵırında,
Túrli-túrli óner sonda,
Adasaman demes túnde,
Kewli ziyrek otarbanıń.

Janı joq deseń janı bar,
May, tas kómirden nanı bar,
Ishi keń de, soqpaǵı bar,
Interesnıy otarbanıń.

Aytıp boldım turmısların,
Ishi-sırtı qurılısların,
Bastan-ayaq gúlli bárin,
Tamam ettim otarbanıń.

*1939-jıl.*

## SHOMANAY

Alpıs altı jıldan beri Shomanay,
Suwsız bolıp ótti ómiriń bir talay,
Torańǵıl, jıńǵılǵa ústiń dut toǵay,
Adam júre almastay zamanlar ótti.

Jırtqısh haywan uya basıp ishine,
Jolbarıs, dońızlar tolıp kúshine,
Adam qorıqqan qaraǵanda túsine,
Bir-birin ańlısıp qabanlar ótti.

Qalǵan soń ústińdi toǵaylar basıp,
Adam júre almadı qorqıp adasıp,
Qasqır menen dáwsebenler shuwlasıp,
Qıyquwlasıp, ulıp shaǵallar ótti.

Toǵayıń qalıńıp, qasqır jıynadı,
Ishine azıwlı, arıslan sıymadı,
Qoyın talap, qoyshılardı qoymadı,
Toǵayǵa kire almay shopanlar ótti.

Sayray almay qırǵıy kórip búlbiller,
Kese etekten asıp kelse tuyǵınlar,
Qırǵawılǵa pana boldı jıńǵıllar,
Júregi búlkildep qoyanlar ótti.

Kim baspashı bolsa sonıń mákanı,
Júrdi toǵayında gázzap dúkanı,
Olja boldı oǵan xalıqtıń jıyǵanı,
Kegeyin teris qaqqan adamlar ótti.

Adamnıń hasılın darǵa aparıp,
Shıbın janın gewdesinen qoparıp,
Qaraqalpaqqa mudam tirkis awdarıp,
Soqpaǵın qıysaytıp ne xanlar ótti.

Arzın tıńlatalmay Xiywa xanına,
Xan tınıshlıq bermey jegen nanına,
Búrge, biytler uya basıp tonına,
Etin tır-tır qasıp atamlar ótti.

Qanlı dardan qorqıp barıp tiygeni,
Qushaqqa bir kelmey onıń súygeni,
Aq qoltıqlı qara kóylek kiygeni,
Zarlı qosıq aytıp apamlar ótti.

Shomanayǵa arna qazıp salalmay,
Xannan biyıqtiyar qazıw qazalmay,
Ómirinshe bir shıǵanaq jazalmay,
Bawırın bir jazalmay aǵamlar ótti.

Hárbir alım ótti ilim dáryası,
Astına tóselgen bir qat qıyrası,
Bastan ketpey qarańǵılıq dúnyası,
Júregi ármanlı danalar ótti.

Birewler jarımshı, birew boldı qul,
Sayradı qápeste tarıǵıp búlbil,
Birewde bir eshki, birewde bir pul,
Joqshılıq qayǵıda insanlar ótti.

Qaytıp toltıralmay qımız sabasın,
Alıp qashıp ketti hárkim bir basın,
«Zarlı qız» hám «Bozataw»dıń namasın,
Qayǵı menen jırlap jananlar ótti,

Qızıǵıp bozıqqan jerge, toǵayǵa,
Suwı bolsa kelipti dep ońayǵa,
Qıyat jarǵan menen ol Shomanayǵa,
Qaytıp qolı jetpey adamlar ótti.

Dúzeymen dep tuwrı joldı qıysaytıp,
Nápsi awarası ótirik aytıp,
Kózdiń qırın qızǵa salıp, teris qaytıp,
Xiywaǵa xan bolıp zalımlar ótti.

Keshe-kúndiz islese de dem almay,
Shomanayǵa suw aparıp ege almay,
Bir qaytqan dáwlettiń baxtın jeńe almay,
Júregi ármanlı adamlar ótti.

Jerimiz eń hasıl dúnya júzinde,
Suw tartılıp shólge aylandıń izinde,
Ertekte aytıldıń, xalıqtıń sózinde,
Basıńnan hár túrli dáwranlar ótti.

Ústińnen xalıqlarıń serpilip kóshti,
Jerińe hár túrli haram shóp ósti,
Kóshken el aylanıp kelermiz desti,
Úmitli-maqsetli ármanlar ótti.

Góne qala, Kese etektey tasıńnan,
Adam júre almastay edi qasıńnan,
Bir ayırılmay qara duman basıńnan,
Kózge buldıraǵan dumanlar ótti.

Zamanıń aylanıp jańa túr endi,
Jerińe qondırıp gúllengen eldi,
Hasıl topıraǵıń mol ónim berdi,
Jaynaǵan jańa ómir saǵan da jetti.

Burın bolsań qula maydan, shólistan,
Jerińe el qonıp, boldı gúlistan,
Shomanaydı kórip jazıwǵa dástan,
Abbaz shayır kópke ıqrar etti.

## BIZ JEŃEMIZ

Sáhár waqta uyqı buzıp,
Biziń elge qolın sozıp,
Qarap júrip qanı qızıp,
Es-aqıldan awısqan ba?

Óz jerinde kún kóre almay,
Ashlıqtan dáwran súre almay,
Xalqına awqat bere almay,
Napaqasın tawısqan ba?

Xalqına qayǵı saladı,
Wádesin buzıp tanadı,

Hár shaqaǵa bir qonadı,
Bilmeymen sawısqan ba?

Sógis aytamız fashistke,
Basında miyi kemiske,
Qol saldı biziń jemiske,
Búyiri ashtan qabısqan ba?

Shaytanlardıń izin basıp,
Joldan shıqtı qara basıp,
Patshasınıń aqılı sasıp,
Miyine bále jabısqan ba?

Fashistler ol ómiri zaya,
Bizler ketpen, olar paya,
Qoymaydı biziń Armiya,
Qushaqlasıp alısqanda.

Ete almaydı bizge zorlıq,
Biz beremiz oǵan qorlıq,
Birimiz júzge turarlıq,
Qılısh, nayza salısqanda.

Urıs maydanı qurıldı,
Soǵısaman dep urındı,
Bes ayda kóbi qırıldı,
Tuttıq neshe adasqandı.

Kómemen dep biziń joldı,
Bizlerge qarsı umtıldı,
Kútá qırǵın urıs boldı,
Bizler kúshke tolısqanda.

Fashistler qansha jaw bolsa da,
Bult jarǵan qara taw bolsa da,

Jumır bilegimiz saw bolsa,
Biz jeńemiz urısqanda.

## JEŃGEN JAQSÍ

Jolıń bolsın, bar, azamat,
Barıp jawdı jeńgen jaqsı,
Bizge islegen qıyanet,
Dushpan otı sóngen jaqsı.

Qayırlı bolsın qádemiń,
Kóp oylańız xalıqtıń ǵamın,
Isinen hárbir adamnıń,
Bir nátiyje óngen jaqsı.

Tuwrı jol menen júr tolıq,
Bolmasın hesh námártshilik,
Watan ushın qıyınshılıq,
Basqa kelse kóngen jaqsı.

Jawdı jeńiw erler menen,
Hasıl ónim jerler menen,
Hám til menen, hám qol menen,
Qaytpas wáde bergen jaqsı.

Dushpan kelse Watanǵa,
Qolın salsa biziń qorǵa,
Jawlardı túsirip torǵa,
Qara jerge kómgen jaqsı.

Tabaqqa qol saldırǵansha,
Jalǵız tiyin aldırǵansha,
Dushpanlarǵa jol bergenshe,
Watan ushın ólgen jaqsı.

Dushpanlar háddinen assa,
Júrer jolınan adassa,
Biziń jerge ayaq bassa,
Tabanınan tilgen jaqsı.

Ayırılǵansha gúl mákannan,
Tayaq jegenshe bótennen,
Watandı taslap ketkennen,
Iytler yańlı úrgen jaqsı.

Dushpannan zorlıq kórgennen,
Qayǵılı dáwran súrgennen,
Bir taban jerdi bergennen,
Qara jerge kirgen jaqsı.

Dushpanlardı jeńip shıǵıp,
Ókpesine nayza suǵıp,
Nur jaynaǵan jazǵa shıǵıp,
Minsiz dáwran súrgen jaqsı.

Salıp minaqqas jaylardı,
Keńnen tutıp saraylardı,
Qoy ústinde torǵaylardı,
Jumalatıp júrgen jaqsı.

Ánjir, alma, anar, badam,
Baǵda sayratıp dembe-dem,
Óz miywesin hárbir adam,
Baǵ ishinde tergen jaqsı.

Miyrimsiz bolıp dushpanǵa,
Ushırıp kúlin aspanǵa,
Shıq juqtırmay gúlistanǵa,
Jawdı nıpqırt etken jaqsı.

*1943-jıl.*

## NÁMÁRT JIGIT NEGE DÁRKAR?

Xalıq ushın belin buwmasa,
Jigitte namıs bolmasa,
Watan ushın tuwılmasa,
Onday jigit nege dárkar?

Xalıq húrmetin kózge ilmegen,
Uyat-namıstı bilmegen,
Watan ushın jan bermegen,
Qorqaq jigit nege dárkar?

Ózine jaman at tagıp,
Qashıp júrgen basın bagıp,
Óz betine kúye jagıp,
Júrgen jigit nege dárkar?

Puta túbine tıǵılǵan,
Hesh nárse kórmey jıǵılǵan,
Bas tartıp keyin shıǵınǵan,
Jalqaw jigit nege dárkar?

Almastan qaytqan polattay,
Porsań ayaq jaman attay,
Jarıqtaǵı jarǵanattay,
Bolǵan jigit nege dárkar?

Dushpanına oq atpaǵan,
Xalıq ushın janın qıymaǵan,
Hesh jerge bası sıymaǵan,
Tayǵaq jigit nege dárkar?

Watan ushın oylanbaǵan,
Xalqı ushın qıynalmaǵan,

Jaraq alıp saylanbaǵan,
Námárt jigit nege dárkar?

Qulashlap toqpaq urǵanday,
Dushpannıń moynın julǵanday,
Qaytpas tabanda turǵanday,
Márt jigitler bizge dárkar.

Arıslan kibi bilekleri,
Xalıq birligi tilekleri,
Qap tawınday júrekleri,
Batır jigit bizge dárkar.

Qası qıyılǵan qumar kóz,
Túkli júrek, moynı bir gez,
Xalıqtı jırlaǵan shiyrin sóz,
Ǵosh jigitler bizge dárkar.

Sóz jazıwda ahıw-zarı,
Xalıq ishiniń xabardarı,
Adam janınıń injeneri —
Jazıwshılar elge dárkar.

## XALÍQ ǴARǴÍSÍ

Súyikli Watanǵa qıyanet qılǵan,
Qaraqalpaqta qashqan jigit kim edi?
Ádiwli xalqınıń ǵarǵısın alǵan,
Qanday jigit aqıl-huwshı kem edi?

Qoblan, Alpamıstıń júrgen jerinde,
Oqısań kitaptan erteklerinde,
Mártler ótken qaraqalpaq elinde,
Xalıqtıń abırayın tókken kim edi?

Xalıq ushın uyalıp namıs-ar etpey,
Dushpandı ósirgen kewlin tar etpey,
Bul soğıstıń aqır-sońına jetpey,
Kese belden qashıp ketken kim edi?

Xalıqtıń júrgen jolı menen júrmegen,
Basın tartıp kóp izine ermegen,
Júrmey ketken solar basqan iz benen,
Qashqan jigit xalıq abırayın tógedi.

Adamzat, haywanat, ğarrı, balamnıń,
Ana-Watanım, paytaxt, dalamnıń,
Taw menen tas, dárya, kólat, salamnıń,
Xalqımnıń ğarğısın alğan kim edi?

Jigitte jigit bar xalıq ushın tuwğan,
Watannıń dushpanın qaytarıp quwğan,
Shar tárepke mudam kóz salıp turğan,
Ol jigitler el qayğısın shegedi.

Shalğayınan tartqan baratqan baxtıń,
Bizge keregi joq onday shataqtıń,
Júzin tómen qılıp Qaraqalpaqtıń,
Ayağınan tartıp júrgen kim edi?

Xalıqtıń ğarğısın alıw jaman is,
Biziń tilegimiz mudamı jeńis,
Naqılda jamannıń ayağı segiz,
Kesirinen biri tiyer dep edi.

*1943-jıl.*

## JAWDÍ KEYIN ÍSÍRÍPTÍ

Arqadaǵı frontlardan,
Dushpanlardı ısırıptı.
Armiyamız fashistlerdiń,
Artına shala qıstırıptı.

Armiyamız shıǵıp keńge,
Qaza salǵanday ózenge.
Neshe mıńların kógeńge,
Bólip alıp túsiripti.

Fashisttiń shıqqan janı kóp,
Jerge tógilgen qanı kóp,
Altay qalamızdıń sanı kóp,
Kievti de quwsırıptı.

Ólgeninde esap-san joq,
Suwıq sortam júzde qan joq,
Jeyin dese awqat-nan joq,
Jaw soldatın ısırıptı.

Bildik jawdıń jalǵan antın,
Bizge qarap jańǵan otın,
Buzıp dushpannıń frontın,
Armiyamız óshiripti.

Shiykilik shıqqan soń sózinen,
Qan aǵızıp eki kózinen,
Kúnbe-kún quwıp izinen,
Biziń balalar mush urıptı.

Ísırıp arman ornman,
Qan aǵızıp murnınan,



RESPUBLIKALI'Q
MA'LIMLEME-RESURSLI'Q
WORAYI'
INV № 90462

Neshe qatar saptı qurǵan,
Tártiplerin buzdırıptı.

On segiz ayday alısıp,
Dushpannıń jaǵı qarısıp,
Bir yarım jılday jarısıp,
Báygiden at ozdırıptı.

Jıl yarımǵa toldı soǵıs,
Ele kúshim qaytqan emes,
Márt, qaharman armiyamız,
Sharshadım dep aytqan emes.

Fashistler ólip jerlendi,
Armiya alǵa órlendi,
Barıp alıw Berlindi,
Maqsetimiz dep turıptı.

*1943-jıl.*

## FRONTTAN HARMASÍN

Is palwanı barlıq qız hám kelinshek,
Fronttaǵı mártlerden keldi harmasın!
Bas-basına aytqan eken jekpe-jek,
Depti harmasınnan bári qalmasın.

Harmasın ishinde aytqan sózleri,
Hárkimniń súyikli qumar kózleri,
Aq mańlay, alma bet, arıw júzleri,
Keler-kelmes pe dep qapa bolmasın.

Jaw jaqında qatar turıppız qorshap,
Bir ondı jıǵamız bizler bir ursaq,

Biz frontta, siz elatta umtılsaq,
Jumır polat, aq bilekler talmasın!

Harmasın biz ayttıq qız benen jeńge,
Bir xana paxtańız bizge mıń teńge,
Jawdı jığıp bir kún shığarmız keńge,
Kelinshek, jeńgemiz, qurbı-qurdasım.

Sizler jaynap, oynap-kúlip júrgende,
Atızlardan hasıl ónim bergende,
Sizlerden bizlerge járdem kelgende,
Mıń-mıńğa tay keler bir qara basım.

Asınğan jaraqlar boylarımızda,
Jeńistiń maqseti oylarımızda,
Bas qosarmız shadlıq toylarımızda,
Doslıqtıń nıshanı yadtan qalmasın.

Xalıq ğamı ushın bizler júrmiz frontta,
Sizler járdem qılsań bizge elatta,
Keshikpey jetermiz maqset-muratqa,
Qız-kelinshek orınlasa normasın.

Sizler ishte, bizler sırtqı panańız,
Ballar, qızlar, ğarrı, ata-anamız,
Front ushın tergen hárbir xanańız,
Dushpanlarğa ájel oğı qorğasın.

Bizden tiyip almas nayzanıń ushı,
Bosandı dushpannıń nağız bel kúshi,
Hár jerde toğayda onı-on besi,
Jan sawğa dep panalap júr bir basın.

Bekitken ókshesin buzıp qopardıq,
İsırıp Kievke taman apardıq,
Qural-awqatların túsirip aldıq,
Oq-dári tasıǵan mashina-arbasın.

Tutqınǵa túsirdik neshe mártlerin,
Samolyot, tankasın-pulemyotların,
Almawıt, qanazat, hasıl atların,
Qolǵa aldıq jılqı menen jorǵasın.

Armiyamız kúnnen-kúnge pát aldı,
Zalım dushpan óz peylinen shataldı.
Kinoshı, súwretshi túsirip aldı,
Urıstaǵı sawashlardıń formasın.

Hár túskende bir júz mıńnan kemi joq,
Qolǵa túsken dushpanlardıń ebi joq,
Dep jılaydı bul awırıwdıń emi joq,
«Patshamız aljıǵan», deydi sorbasım.

Dushpan bizge kóp jamanlıq oylaǵan,
Qansha mákkar menen jollar baylaǵan,
Záhár salǵan talay qazan qaynaǵan,
Tógip júrmiz eti menen sorpasın.

Házir alıp turmız jawdıń qolayın,
Tutqınǵa túsirdik onıń talayın,
Názerimiz ortalıqta orayın,
Buzamız wayranlap jawdıń ordasın.

Gazettiń júzinen awhal sorańız,
Dushpan jaqqa kózdi tigip turamız,
Keshe-kúndiz tınbay segbir uramız,
«Jılamay ishsin» dep ballar jarmasın.

Bul sózdiń xabarı haslı fronttan,
Jaw qaytarıp turǵan qaytpas polattan,
Qurbı-qurdasların saǵınıp aytqan,
Sonıń menen tamam boldı harmasın.

## XALÍQ AYLANDÍ SENI TUWǴAN ANADAN

*(Urıs qaharmanı Orazbay Jumaniyazovqa)*

Qaraqalpaq Jumaniyazdıń ulı ediń,
Shabbaz Sarkóp awılında dórediń,
Jasıń jigirmada, atıń Orazbay,
Frontqa barıwdı óziń tilediń.

Dushpannan bosatsam elim jerlerin,
Janajan xalqımnıń mańlay terlerin,
Kóz aldıńa elesletip keltirdiń,
Qaraqalpaq xalqınıń ótken erlerin.

Xalqıń ushın shıǵıp ediń awıldan,
Bas tartpadıń borap esken dawıldan,
Qatarıńa órnek bolıp sóylediń,
Kegimdi almay qoymayman dep jawımnan.

Avtomattı atpaq edi xızmetiń,
Alpamıstay boldı jawǵa sawlatıń,
Dneprdiń dáryasınıń boyında,
Keldi bir kún xızmet eter náwbetiń.

Bir bólimde batır palwan sen ediń,
Bas tartpadıń, men barmayman demediń,
Óziń menen besew bolıp qayıqqa,
Minip alıp, tayaw basıp jónediń.

Tórt jigit qasıńda, qayıqta ıqtıń,
Mártlikte bir óziń ayrıqsha shıqtıń,

Batısına kózin salıp dáryanıń,
Kórinbese turdıń, kórinse buqtıń.

Xanańa sıymay tur kúshiń boyıńda,
Jawdan qorqıw niyetiń joq oyıńda,
Qıyın jerde shadlıq sózdi sóylediń:
«Jaw qaytarıw bizdey mártke qıyın ba?».

Bir basıńdı júz fashistke shaqladıń,
Aldıńdı uzaqtan boljap baqladıń,
Názerińdi qarsı jawdan awdarmay,
Jetpis bir oq penen jaraq oqladıń.

Sol waqıtta dushpannıń kózine tústiń,
Saǵan qarap oǵı jawdı fashisttiń,
Eger de sen bolmaǵanda Orazbay,
Bir qıyın jeri edi biziń jeńistiń.

Oq jawdırdı saǵan qarap burshaqtay,
Úsh saat oq attı jawlar qurǵatpay,
At basınday tasqınlanǵan júregiń,
Búlk etpedi qoyan júrek qorqaqtay.

Jawdıń oǵın tıńlamadıń, órlediń,
Jeńistiń qolayın jawǵa bermediń,
Aman-esen qırǵa tiyse ayaǵıń,
Sonday jawdı pisent etip júrmediń.

Júzińdi awdırmay jawǵa qarattıń,
Qayıqtıń ishinde oqtı tarattıń,
Ortasınan arman júzip awǵan soń,
Jaw ústine jawǵan qarday borattıń.

Oq tiyer dep iyilmediń emendey,
Jaw serpildi anıq tajjal kórgendey,

Qasıńdağı tórt jigitke sóylediń:
«Biz qashpasaq, jaw qashadı» degendey.

Jaw serpildi bilip seniń shamańdı,
Sen basqan soń arğı júzge tabandı,
Bergi jaqtan qaharmanlar barğansha,
Okop qazıp, mákan ettiń somandı.

Jaralanbay aman óttiń arjaqqa,
«Kelińiz» — dep qol bılğadıń berjaqqa,
Xalqıń ushın shıbın jandı ayamay,
Kúshli soqqı berdiń arsız aqmaqqa.

Berjaqtağı áskerińdi jıynadıń,
Kewliń tasıp kúsh xanańa sıymadıń,
Márttiń sózi bir boladı degendey,
Sızğan plan — arjaqqa ótpey qoymadıń.

Arğı júzden arman qaray ısırdıń,
Avtomattı ústi-ústine kóshirdiń,
Bir punktli el-elatqa barğanda,
Bir oficer, on soldatın óltirdiń.

Jaw seskendi oq atıwğa batalmay,
Qoyan sıpat jatağında jatalmay,
Xalqıń ushın atqan oğıń Orazbay,
Ketken emes barıp jaqqa qadalmay.

Seni kórgen jawlar qashtı kiyiktey,
Tutqınğa túskeni boldı iyiktey,
Qalğan jerdi tazartsam dep oyladıń,
Barlıq Ukrainanı, Xarkov, Kievtey.

Óz óligin ózlerine sanattıń,
Óz qanların ózlerine jalattıń,

Xalıq batırı ataq alıp sol jerde,
Óz xalqıńa dańqıń tarattıń.

Hárkim miynet etse bolsın hadalı,
Xalıq alǵısın aldıń qımbat bahalı,
Seni kórse bir qushaqlap súygendey,
Qaraqalpaq xalıqtıń sende qıyalı.

Xalıq alǵısı, Altın juldız bayraǵıń,
Bayraǵıńa sebep bolǵan aybatıń,
Watan ushın qıynap shıbın janıńdı,
Aybatıńa sebep bolǵan ǵayratıń.

Kim kemis tabadı sendey panadan,
Xalıq batırı bolıp shıqtıń jańadan,
Toǵız ay, toǵız kún qursaq kótergen,
Xalıq aylandı seni tuwǵan anadan.

Asqar tawdı awdarǵanday qıyalıń,
Jáhán palwanınday xalıqqa mısalıń,
Barlıq Qaraqalpaq tuwılǵan jeriń,
Qutlıqlaydı batır degen ataǵıń.

*1943-jıl.*

## JÍL KIYATÍR

Bıltırǵıdan bıyıl biyik,
Tóbesi aspanǵa tiyip,
Bul jáhánge zorǵa sıyıp,
Qırıq besinshi jıl kiyatır.

Jıl basına basshı bolıp,
On bir jigit qosshı bolıp,
Nama salıp sazshı bolıp,
Yanvar ayı bul kiyatır.

Aspan astına nur tógip,
Jer júzine shatrash toqıp,
Aqsham batıp, kúndiz shıǵıp,
Úsh júz alpıs kún kiyatır.

Kórinedi ay hám juldız,
Erli-zayıplı qumar kóz,
Biri aqsham, biri kúndiz,
Kún menen tún bir kiyatır.

Traktor jónin taqlatıp,
Qızǵınlı túrde shaǵlatıp,
Bel, ketpenlerdi saplatıp,
Jerge «urha-ur» kiyatır.

Biziń joldan adasqanlar,
Jalqaw menen bas qosqanlar,
Házir etip pushaymanlar,
Nátiyjede bos kiyatır.

Bes júzge plan tolmaǵa,
Názerin tuwrı salmaǵa,
Qaytpastay baxıt qonbaǵa,
Bizge dáwlet qus kiyatır.

Adamnıń janın endirip,
Qayǵı hásiretti qoydırıp,
Sazıńa búlbil qondırıp,
Namańdı shal Gosteatr.

Jeńis nama shaldırmaǵa,
Planıńdı toltırmaǵa,
Xalıqtıń miyrin qandırmaǵa,
Shalqıp tasıp suw kiyatır.

Qus balası dawılpazlar,
Aspandaǵı xosh hawazlar,
Almabas sonalı ǵazlar,
Suw jaǵalap quw kiyatır.

*1945-jıl.*

## 9-MAY

Qaplap kelgen qara bulttıń,
Jolın ashqan bayramımsań,
Qara jılan, qara qurttıń,
Qanın shashqan bayramımsań.

Jawdan qaytpas biziń bilek,
Biz jeńemiz degen tilek,
Orınlanǵan jeńis kúni,
Shadlanbasın nege júrek?!

Bayramlayman búgin seni,
Óytkeni sen jeńis kúni,
Endi aylanıp kelgenińshe,
Saǵınaman kúni-túni.

Sáwbet qosıp sazlar menen,
Jigitti qosıp qızlar menen,
Búgin seni bayramlayman,
Shiyrin-shiyrin sózler menen.

Dushpannıń tanabın qıydıń,
Shın júrekten seni súydim,
Ólgenimshe umıtpayman,
Qıyınlıqta kózge tiydiń.

Isi haqtıń jeńisi haq,
Biziń jumıs jeńis tappaq,

Oylan xalqım, górqaw aqmaq,
Jerde turıp ayǵa shappaq.

Xalqım súygen bayramımsań,
Jeńis kúni sayranımsań,
Tiygen jawǵa soqqı berip,
Shıǵarǵanday wayranın sen.

Sol kúni pitti ármanım,
Jawdı jeńip qaharmanım,
Xalqın qorǵap, ǵamxor boldı,
Geroylarım, mehribanım.

*1945-jıl.*

## PALWANLARǴA

Awa, xalqım, ortań tolsın,
Dushpan jılap, doslar kúlsin.
Million-million raxmet bolsın,
Márdana márt palwanlarǵa.

Biz tarqattıq kewil sherin,
Umıtpaymız erdiń erin,
Jıldaǵıdan kóp alǵıs beriń,
Jeńis nama shalǵanlarǵa.

Qayǵınıń qaspaǵın ketir,
Kewlińdi aspanǵa kóter,
Paxtań tolsa, qolıń jeter,
Biyik-biyik nárwanlarǵa.

Qıyınlıqlar ótti jaman,
Jańa sózler, jańa zaman,
Keldi házir jaynap jáhán,
Jettik shalqıp dáwranlarǵa.

Júklep kelse paroxodqa,
Skladlar keter xodqa,
Kelmespeken úsh manatqa,
Úsh metri chervonlarǵa.

Jelbiretip jeńis tuwdı,
Márt ullarım jawdı quwdı,
Bul turmıstıń ayı tuwdı,
Miynet bayraq alǵanlarǵa.

Shekerden shiyrin palı bar,
Tatqannıń hár qıyalı bar,
Neshe hasıl maqpallar bar,
Jawdır kózli jáwlanlarǵa.

Qaraqalpaqtıń orayı,
Tovarǵa tolıp sarayı,
Qız-kelin kiyip darayı,
Oranarsız lawdanlarǵa.

Mártlerdiń qádirin bilersiz,
Qızıllı-jasıl dónersiz,
Óz meylińshe bólenersiz,
Qızıl-qızıl álwanlarǵa.

Basqarmalar, azamatlar,
Bolıp atqan dokladlar,
Kelip atqan hasıl zatlar,
Jer baplaǵan diyqanlarǵa.

Shelek-shelek aq may keler,
Yashik-yashik qant, shay keler,
Hasıl zat hám abıray keler,
Tınbay miynet qılǵanlarǵa.

Ótken jılı Qaraqalpaqta,
Uyat boldı maqtansaq ta,
Tolmay qalıp plan paxta,
Kóp ushıradıq ármanlarǵa.

Paxta egisi ala bolǵan,
Tárbiyası shala bolǵan,
Bilmeymen ne bále bolǵan,
Bıltır paxta qırmanlarǵa.

Tamaǵı toq, paxtası joq,
Ǵoddaslaǵan basqarma kóp,
Tovar túwe hesh nárse joq,
Qurı shappat urǵanlarǵa.

*1945-jıl.*

## PAXTAKESHLERGE

Tógin tóksek jerimizge,
Jemisin berer elimizge,
Kúsh bergizer bárimizge,
Tárbiya ber anańızǵa!

Tóginge arba aydamasań,
Jeń túrip, bel baylamasań,
Sabaǵında sayramasań,
Is kelmeydi shamańızǵa.

Barlıq jeriń kúshke miner,
Kúshke minse altın óner,
Xalqımız saǵan isener,
Tilden shıqqan sanańızǵa.

Bir kilo paxtań úsh yarım,
Bilip qoy biyday tabarın,
Qant, shayıń menen tovarıń,
Kirdi házir qalańızǵa.

Tógin plandı pitkerseń,
Jayıp, shel shawıp, suw berseń,
Sheker shaynap, nabat jerseń,
Dáwlet darıp arańızǵa.

Qoldı sermep qádem urıń,
Nátiyjeli jıldıń túrin,
Kempir-shalǵa túsindiriń,
Hayal-qız hám balańızǵa.

Quyashlı Ózbekstanda,
Attı qostıq tuwısqanǵa,
Bas kótermeseń aspanǵa,
Bıyıl taǵı qalamız ba?

Dáris tógip, arba aydańız,
Is maydanında jaynańız,
Miynet etip, pal shaynańız,
Mánzil-mákan, xanańızda.

Jaqsı-jamandı tamp tur,
Kúnbe-kún xabar alıp tur,
Bárshe xalıq kóz salıp tur,
Aǵıń menen qarańızǵa.

Bolsam xalıq shayırı ózim,
Xalıq ishinde eki kózim,

Qolda qálem, tilde sózim,
Men de siziń arańızda.

## MAQSETIM

Atam meni muǵallimge beripti,
Tanıp kiyatırman barlıq háripti,
Hújdanım aldıma tartıp turıptı,
Klastan-klasqa ótiw maqsetim.

Onınshı klastı oqıp pitkersem,
Sabaǵımdı institutqa jetkersem,
Imtixandı aǵla qılıp ótkersem,
«Bes» alıp bárhá-bár oqıw maqsetim.

Institut pitkergen soń diplomın alıp,
Bilim saǵasına qarap jol salıp,
Aspandı dáwirlep Tashkentke barıp,
SAGU kursına kiriw maqsetim.

Bergen bir keńesim barlıq ballarǵa,
Bilim talap etken barlıq janlarǵa,
Hár bala jetedi bul qıyallarǵa,
Bul tiykarǵı ilim meniń maqsetim

Bir qıyalım tınbay mektep qatnasam,
Jaqsı oqıp qalmay klass atlasam,
Oylaǵan qıyaldıń bárin taqlasam,
Degen qıyal meniń ullı maqsetim.

Qıyalım bar, bilim qoymay oqısam,
Oqıp kókiregime nıqlap toqısam,
Ózimdi xalqıma bilimpaz qılsam,
Ataqtı jáhánge jayıw maqsetim.

Bir qıyalım oqıp men vrach bolsam,
Barlıq vrachlarǵa jáne bas bolsam,
Xalıqtıń xızmetinde mudam taq tursam,
Adamdı saw saqlaw meniń maqsetim.

Bir qıyalım Watanımdı qorǵasam
Suwıq xabar bolsa minut turmasam,
Razvedchik bolıp aldın barlasam,
Watan qorǵap, batır bolıw maqsetim.

Bir qıyalım jáne injener bolsam,
Orman, okean, tawdı-tastı qıdırsam,
Altınǵa xalıq ǵáziynesin toltırsam,
Gáwhar sham-shıraqtı tabıw maqsetim.

## ƑARRASLAP JÚR SABAǴÍŃDÍ!

Ata-anadan tuwǵan menen,
Miynetsiz bas kúte almaysań,
Oqımay tek quwǵan menen,
Bilim — júyrik, jete almaysań.

Balam, mektepte oqıwǵa,
Áwel durıs ádep kerek,
Ádep jolın kóp oqıǵan,
Ustazlardan mádet kerek.

Jaqsı ádep dúzer seni,
Bekkem saqla, qarıydar bol,
Jaman ádet buzar seni,
Balam, soǵan xabardar bol.

Qalıń jawda qalsa basıń,
Berilgennen ólim jaqsı,

Námárt bolsa jan joldasıń,
Onday jerde bilim jaqsı.

Úydey qılıp úyseń altın,
Jumsasań tez tawsıladı.
Sen pitkerip bilim shártin,
Jumsasań kóp qosıladı.

Sınaqtı ayrıqsha berip,
Sarraslap júr sabaǵıńdı!
Dostı jannan shiyrin kórip,
Ashıp qara qabaǵıńdı.

Suwdan suyıq, jelden júyrik,
Suwdır sózli bola górme,
Bir bilimpaz zeyni ziyrek,
Degen sózden qala górme.

*1950-jıl.*

## BÁHÁR

«Ókshenıdi kóter!» dep qısqı toqsanǵa,
«Endi náwbet ber!» dep erkin bostanǵa,
Nur shashaman, degen jáhán aspanǵa,
Qulaqqa kelip tur úni báhárdiń.

Ámiwdárya aydın, shalqar kólime,
Azatlıqtıń kánin ashqan elime,
Altınnan ǵaziyne shıqqan jerime,
Jalpı tógilip tur nurı báhárdiń.

Keldi báhár keńnen jayıp qulashın,
Jer betine sewip kúnniń quyashın,

Tońlar erip, balqıp ketti qorǵasın,
Taslardı jibitti kúni báhárdiń.

Juldızlar jaltırap ay menen birge,
Jımıńlap kúlisip, qarap tur jerge,
Deydi: «janlı-jansız, ornıńnan túrge!»,
Tap sonı sóylep tur tili báhárdiń.

Sáwirdiń samalı nama shalǵan soń,
Siz benen bárshe jan xabarlanǵan soń,
Ósimlikler bórtip talaplanǵan soń,
Jawdırap ashılar gúli báhárdiń.

Dárya jaǵalasań zeynińdi ashadı,
Atızǵa suw ashsań kewliń tasadı,
Ishkenler dawısqa-dawıs qosadı,
Dártliniń dawası suwı báhárdiń.

Jayınlar, bekireler, súwen hám sazan,
Suwdı sayqal etip shashıp júr tozań,
Shaǵala sharq urıp, tırna, birqazan,
Ǵaz benen almabas quwı báhárdiń.

Báhárdiń kelisi — jazdıń deregi,
Jaz emes pe bárshe jannıń keregi,
Watanımnıń quwanıshlı júregi,
Sonda tigilip tur tuwı báhárdiń.

## JAZ MÁWSIMI

Kún tóbege kelip nurı shashıldı,
Bilgenge belgisi jazdıń máwsimi,
Qırmızı qızıl gúl baǵda ashıldı,
Esittim sayraǵan búlbil dawsını.

Tórt pasıl izbe-iz kelmek dúnyaǵa,
Jarasıqtı jaz keltirer giyaǵa,
Haywanat jún taslap, qus palapanlap,
Jazdıń kúni tuwıp óser uyada.

Ǵaz, quwlarǵa kóldiń ishi jańlaydı,
Qayır menen kól qopanı jaylaydı,
Jaz jaylawda qayta túlep párlengen,
Jetilgen qanatlar ushsa talmaydı.

Aq suńqar, aq tuyǵın biyik tawlarda,
Kók ǵarǵa, kógershin jarqabaqlarda,
Aq sarı uyası shınar basında,
Búlbildiń mákanı shámen baǵlarda.

Jaz máwsimin kórseń qalmas ármanıń,
Jemislerdiń baqshalarda turǵanın,
Kórgen adam ishpey-jemey toyadı,
Arpa, jazlıq, aq buwdaydıń qırmanın.

Uzaqtan kóriner biyik shınarlar,
Ánjir, badam, piste, alma, ánarlar,
Qol uzatıp, úzip alıp miywanı,
Salıp tur awzına jemisqumarlar.

Qaratal, aqterek, nárwan aqtalım,
Tartıp tur sayası jáhán samalın,
Torsıldap astına túsip turıptı,
Solqım júzim, erik penen shabdalım.

Aq paxta ağarıp saldı gúl-ğumsha,
Aq qızılğa dóner paxta bolğansha,
Ğarbız tarğıllandı, pisti qıyarlar,
Qawınlar tor basıp, shıqtı jambılsha.

Marjanday qızarğan torsıqtay jiyde,
Jemisler pisip tur, ziyneme-ziyne,
Aytıp ada ete almayman miywanı,
Jaz máwsimi jalpı jatqan ğáziyne.

Qaraqalpaq, quw daraqlı el ediń,
Jılap shólistanda qaldım dep ediń,
Jarasıqlı jazğa miyriń qandırıp,
Eldi gúlge, jerdi nurğa bólediń.

## BILIMLEN

Talay kúnler ótti meniń basımnan,
Atam ólip qalıp edim jasımnan,
Anam ğárip bir ayırılmay qasımnan,
Bárha mańlayımnan sıypadı júrdi.

Basın qoyıp meniń ushın girewge,
Kún qayda otırıp ayaq tirewge,
Tapqanın ákelip mağan beriwge,
Qolına túskenin jıynadı júrdi.

Bir párshedey nan tapsa da beredi,
Jaya menen jal tapsa da beredi,
Aya tolım[1] pal tapsa da beredi,
Anam anasınday sıyladı júrdi.

Jetimlik, jesirlik bastan keter dep,
Kewlimniń jarası qalmay piter dep,

[1] Aya tolım — tolı alaqan mánisinde. (Red).

Kemlik kórgen bir kamalǵa jeter dep,
Anam sonı anıq oyladı júrdi.

Ayttı anam bir kún maǵan «tur» dedi,
«Sal kózińdi, qatarıńdı kór» dedi,
«Endi balam, bir mektepke kir» dedi,
Kitap tawıp maǵan, sayladı júrdi.

«Balam» deydi, «ornı basqa hár altın,
Aq altın, qara altın, hasıl sarı altın,
Bilimlige dúnya júzi bári altın,
Balam, oqıygór» dep sóyledi júrdi.

Til almay tom-torıs boldım, jarmoyın[1],
Aqılımdı alıp ketti asıq, top oyın,
Jaslıqtaǵı túwesilmes kóp oyın,
Ballar meniń menen oynadı júrdi.

Sawatsızlıq japa berip janıma,
Qızbalıqtı payda qıldı qanıma,
Bar kúshimdi sonsha salsam nanıma,
Sonda da janımdı qıynadı júrdi.

Jaslıqtan soń jigitliktiń xabarı,
Oyın egiz eken keldi sıńarı,
Jup jaǵadan uslap ıshqı qumarı,
Tuttı meni hasla jazdıra almadım.

Oqıp, bilim alǵan bir dáwlet eken,
Kelgen dáwlet basqa bir náwbet eken,
Jigitlik qumarı biydáwlet eken,
Men sonı ózimnen bezdire almadım.

---
[1] Jarmoyın — gejir. (Red).

Bilmey qaldım zıyankerlik qaslıqtıń,
Astında jatqanın tósek-dastıqtıń,
Nadanlıǵım joldası eken jaslıqtıń,
Mektepti jasımnan úlgere almadım.

Altın qayda, jez benen mıs bolmasa,
Keńse qayda, sırtqı jumıs bolmasa,
Boyımdaǵı bar qara kúsh bolmasa,
Bilimnen kúsh alıp kún kóre almadım.

Jasımda oyınǵa basım satıppan,
Sawatsızlıq ılayına batıppan,
Bilimge oyanbay uyqılap jatıppan,
Qáddi-boyım tiklep túrgele almadım.

Tanıdım ne payda altındı, mıstı,
Turmıs mashqalası basıma tústi,
Anam otırıp qalıp turmısım qıstı,
Qaytıp mektep júzin bir kóre almadım.

Tártipsiz oynap-em qaldırdı bosqa,
«Tártipli oynań» deymen endigi jasqa,
Ilimnen, bilimnen tilim qıp-qısqa,
Sonday májilislerge bir kire almadım.

Oqımastan oyınǵa kóp quınıqtım,
Endi mennen ayrımı joq tulıptıń,
Tap ózi bolıppan «giltsiz qulıp»tıń,
Ashıp kewlimdegin boldıra almadım.

Oyınǵa aldanıp sawatsız óstim,
Ózimnen mekteptiń soqpaǵın kestim,
Úlkeygen soń men xojalıq turmıstıń,
Gúlin-gúline bir keltire almadım.

Oynappan anamnıń aqılın almay,
Qattı berilippen xabardar bolmay,
Oylansam qalıptı qapshıǵım tolmay,
Bilimge qaltamdı toltıra almadım.

Úlkeygen soń oqısam da kúsh salıp,
Mektepten qalmay-aq kúnbe-kún barıp,
Xojalıq turmısqa ǵalawıtlanıp,
Zeynime bir nárse ildire almadım.

Bilimli jıynalǵan jerge men barsam,
Sózge túsinbeymen qulaǵım salsam,
Jáne kópke barıp sóz tappay qalsam,
Ol jerde ózimdi kúldire almadım.

Jarlıshılıq sawatsızǵa dos eken,
Kótere qawırsın pársiz qus eken,
Bilim qolǵa tússe kóp jemis eken,
Men qolımdı oǵan jetkere almadım.

Endigi jaslarım — meniń ulımsız,
Tazadan kógergen náwshe gúlimsiz,
Mendey bolıp qalagórmeń bilimsiz,
Men sorlı bir atlam[1] pitkere almadım.

Mektebińnen bir kún qalmań jaslarım,
Sawatsız sarsańǵa salma baslarıń,
Dúnyadaǵı belli bilim qostarıń,
Soń onı qushaqqa keltire almadım.

Biraq, men de tileklespen senlerge,
Bilimnen basqaǵa kewil jiberme,

[1] Atlam — klass. (Red).

Jas kúninde bas tartpasań oyınnan,
Kóp pushayman kirgizedi ómirge.

Tuyǵın, suńqar aw alalmas talpınbay,
Umtılıń jaslarım, alǵa tartınbay,
Qap tawınday kórinip tur aldıńda,
Bilim káni — túwesilmes altınday.

Soǵan jetkeredi oqısań bilim,
Qádirler xalqım oqıǵan ulın,
Bilim tawıp Watanımda sayrasań,
Deydi xalqım: — «Meniń mınaw búlbilim».

## BIYBISÁNEM

Bir mıń toǵız júzde qırıq segiz jılı,
Adamzattan shıqqan jánnettıń húri,
Jarısqa jar urǵan qızlardıń biri,
Dańqın táriyp etsem Biybisánemniń.

Aytıwlı ardaqlı Watannıń qızı,
Xalqınıń ilgir naǵız oń kózi,
Jarısqa shaqırǵan bir awız sózi,
Mıń túmenge arzan Biybisánemniń.

Áyne on toǵızda jasaǵan jası,
Bes qızǵa barabar jumısta bası,
Kirpik, mańlay, eki qastıń arası,
Kerilgen tórt barmaq Biybisánemniń.

Som polattay jaratılǵan bilegi,
Xalıq mápi bolǵan maqset-tilegi,
Shadlanıp, sháwkildep soǵar júregi,
Iske kiriserde Biybisánemniń.

Onıń dańqı kóp jerlerge taralǵan,
Qanday qıyın jumıslarda sınalǵan,
Islegen islerin kórip qumardan,
Kórip shadlanasań Biybisánemniń.

Ózi on adamǵa zveno bası,
Gúl-gúl janǵan eki bettiń alması,
Qırmızı sap jipek basta shalması,
Lipası shın hasıl Biybisánemniń.

Kórgen qardar diydarına toymaǵa,
Aqılıńdı alar qara kózdiń oynaǵı,
Atızda aydalǵan tógin doynaǵı,
Kúnde júz elli arba Biybisánemniń.

Jerge jupar topıraq sewip balqıttı,
Zıyanlı jánlikti suwǵa qalqıttı.
Úyrek ushıp, ǵaz qondırıp shalqıttı,
Kúldi shaǵalası Biybisánemniń.

Sóytip jıl basınan jumıs basladı,
Zıyankesli jerge ayaq baspadı,
Birinshi aprelden shigit tasladı,
Tilegi bir mıń Biybisánemniń.

Toǵız ketpen urǵan eken paxtaǵa,
Qarıq jarıp paxtańa suw aqpaǵa,
Sheber eken tárbiyalap baqpaǵa,
Agronomlıq jarı Biybisánemniń.

Jumısında tártip penen ádep bar,
Tórt qızǵa, bes jigit bolıp mádatkar,
Otaqtıń waqtında janǵa bir gektar,
Hár kúnlik norması Biybisánemniń.

Kórinbeydi bir shóp paxtadan basqa,
Kim alǵıs aytpasın bunıńday dosqa,
Aldı belbuwardan, keyni jambasqa,
Keldi paxtaları Biybisánemniń.

Iyunniń ayaǵı túynekke kóshti,
Iyuldiń ayaǵı paxtası pisti,
Talap etti on jetinshi avgustta,
Teriwge paxtası Biybisánemniń.

Kórseń názer etip paxta tergenin,
Qos bilek, on barmaq sermep júrgenin,
Tárezide kórdim ólshep bergenin,
Eki júz on kilo Biybisánemniń.

Xalqımnıń ashılǵan taza náwshesi,
Gúlxatisha, Aygúl, Ayjan, Ayshası,
Kim júz elli, kimler júzden bárshesi,
Izinde qolqanat Biybisánemniń.

Orta esaptan bes mıń eken planı,
Jıl boyınsha tergen on mıń kilonı,
Is júzinde adamzattıń kranı,
Kórdim men ǵayratın Biybisánemniń.

Aq egis, kók egis barlıq paxtadan,
Qay jumıs bolmasın bárin taqlaǵan,
Pisken zat, shiyki zat, sarǵırt aqshadan,
Tólenbey qalǵan joq Biybisánemniń.

Bizdi qalay kóredi dep sol qızdan,
Támedar jigit kóp arqası qozǵan,
Óńirine taqqan orden juldızdan,
Kózi shaǵılısar Biybisánemniń.

Jetilgen suńqarday pári qanatı,
Ótken qurıltayda kóp shıqtı atı,
Eki júz procent tapsırǵan zatı,
Mámleket jaǵına Biybisánemniń.

Bıyıl jıl basınan — yanvar aydan,
Tabelshigin kórip turman hár aydan,
Bıltırǵıdan bıyıl kúshi zorayǵan,
Jáne alǵa basıp Biybisánemniń.

Biz harmasın ayttıq, ol sálem bizge,
Berdi de sóyledi kiyatqan gúzge,
Procentti aparmaqshı úsh júzge,
Awzında lebizi Biybisánemniń.

*1948-jıl.*

## MEKTEPTE BOLAR

Keliń, ballar, bilim tabıń shkoldan[1],
Bilim tapsań qutılarsań múshkilden,
Geybir aǵash miywe salar bir gúlden,
Danalıq, bilgirlik mektepte bolar.

Mektepke barsańız ádebiyat bar,
Qolda qálem, cifrlarında xat bar,
Súwretke basılǵan neshe sulıw at bar,
Ullı qızıq súwret mektepte bolar.

Keliń, ballar, muǵallimge barayıq,
Saat pitse, oynamaqqa turayıq,
Kemshilikti jol basshıdan sorayıq,
Aqmaqlıq, nadanlıq múshkilde qonar.

[1] Shkoldan — mektepten. (Red).

Úyreneyik onıń jazǵan xatların,
Xat penen toltırıp tetradların,
Qolǵa alıp kolxoz schetovodların,
Izleseń bul óner mektepte bolar.

Mekteplerdiń ishi-sırtı aq bolar,
Bul sózlerdi aytqan til hám jaq bolar,
Bilimli adamnıń qarnı toq bolar,
Zeyinli xızmetker mektepte bolar.

Qaǵaz, qálem alıp, mektep jolında,
Xat jazdım mekteptiń saǵıw-solında.
Qaybir óner kewil menen qolında,
Muǵallim jaqsısı mektepte bolar.

Mektep barıp sawatımız ashayıq,
Eski ádetti ayaqlarǵa basayıq,
Bilimsizge bilim nurın shashayıq,
Bilimniń bulaǵı mektepte bolar.

*1939-jıl.*

## HAYAL-QÍZLAR

Qaraṅǵıdan shıǵıp kúni,
Baxtı ashıldı hayal-qızdıń,
Jaqtı bolıp qara túni,
Qolı jetti hayal-qızdıń.

Jábir kórip shiyrin janı,
Tolıp ishine ármanı,
Mal ornına satılǵanı,
Qaldı búgin hayal-qızdıń.

Erler menen teń júredi,
Tarshılıq joq, keń júredi.

Qızıqlı dáwran súredi,
Jolı ashıq hayal-qızdıń.

## BATÍR AZAMAT

Ǵoshshaq jigitlerdiń jawıngerligin,
Qashırǵan dushpannıń awız birligin,
Xalıqqa aytıw kerek erdiń erligin,
Erlik is kórsetti batır azamat.

Dushpanlardan jan almaqtıń qastında,
Belde qılısh, polat nayza dástinde,
Jawdı qutqarmastay ǵıyrat astında,
Mingen atı naǵız buwdan qanazat.

Márt jigitler dushpanınan qorıqpaydı,
Xalıqtıń ǵamı ushın basın tartpaydı,
Olardıń yadınan hasla shıqpaydı,
Eki jılǵı jawlar qılǵan qıyanet.

Boyına asınıp almas polattı,
Jaw betine at názerin qarattı,
Sol sawashta fashistlerdi qulattı,
Xalıq alǵısın alǵan ne bir azamat.

Sawash maydanına bardı qaytadan,
Qaytama dushpanın jeńbey márt adam,
Dushpandı óltirip shıqtı ortadan,
Kópshilik frontqa berdi marapat.

Jawǵa qarsı barlıq kúshin órletti,
At bawırın, óz mańlayın terletti,
Ókpesine nayza suǵıp zirletti,
Fashistler ordası boldı kúl-opat.

Álhasıl dushpandı olar óltirdi,
Qazan urǵan gúldey júzin soldırdı,
Gellelerin kók nayzaǵa ildirdi,
Jawlardıń basına saldı alamat.

Kemisi joq ǵayratında, kúshinde,
Watandarlıq urıs dárejesinde,
Sawash maydanında, ottıń ishinde.
Orden aldı xalıqqa tiydi sharapat.

Watan ushın aq hám qara kórinbey,
Mudam at shawıp júr hesh waq súrinbey,
Batırlar jawlarǵa tajjal túrindey,
Kórinip, kórsetti úlken káramat.

Hár adam olarday olja keltirse,
Watanı, xalqı ushın sawashqa kirse,
Hár bilek jawlardı jeńip óltirse,
Biziń Watınıma qansha dáramat.

Bazarda belgili hasıldıń narqı,
Márt penen hámárttiń sawashta parqı,
Batırlar aylanıp elimniń sharqı,
Dushpanına soqqı berdi haqıyqat.

Batırlar sawashta jawdı shawıp júr,
Mártliginen nátiyjeni tawıp júr,
Námártti mudamı iytler qawıp júr,
Mázi tek esheyin janı amanat.

Fashistlerdi olar bawlap óltirip,
Kúsh-ǵayratın mánisine keltirip,
Sawashta erligin xalıqqa bildirip,
Batırlar frontta júr saw-salamat.

*1944-jıl.*

## ÁRMANÍM

Patırat bolıp ótip neshe zamanım,
Jas kúnimde ishke toldı ármanım,
Talay jarǵabaqta tayıp tabanım,
Neshe sapar et-betimnen quladım.

Aq suńqar, aq tuyǵın, qarshıǵa quslar,
Qálegen awların jazdırmay uslar,
Qálpesiz qus ań ala ma, jan doslar?!
Mısal qus jamanı boldım kúládin.

Shayır bolıp shıqtım sawatsız elden,
Ne shıqsın gúrmewge kelmegen tilden,
Qarańǵı, qayǵılı qapa kewilden,
Tabalmay kóp júrdim sózdiń bulaǵın.

Kóp ómir ótkerdim jaza almay bosqa,
Bastı qosa almadım haqıyqat dosqa,
Turmıs aylandırıp jazımdı qısqa,
Ilaj tappay shar tárepke qaradım.

Oń jaqtan tuwılǵan ayı bolmasa,
Jazayın dese sóz ıńǵayı bolmasa,
Tilden bir-bir tamar mayı bolmasa,
Kim jandırar sózdiń gáwhar shıraǵın.

Sol zaman qarańǵı bolıp jaslarǵa,
Erkin bir tiymedi awzım aslarǵa,
Qolım bir jetpedi qolań shashlarǵa,
Hesh bolmadı kewilge alǵan muradım.

Kewil jám bolmasa, sóz nege dárkar,
Úyde nan bolmasa, qız nege dárkar,

Jigirma jasımda baslandı bul kár,
Xalıq ishinen masaq sózdi quradım.

Saz berdi, nurlanıp sağınğan tańım,
Jay taptı qıynalğan japalı janım,
Keltiriwge ádebiyattıń sánin,
Mağlıwmat jağınan bosqa jür edim.

Otırıspada jigit kórsem qız benen,
Juwaplassa ilme sultan sóz benen,
Kórsem, jańa ashılğan gáwhar kóz benen,
Tildi sozıp, sózdiń aldın oradım.

Talay miynetlerden qutqardım bastı,
Túsińbey otızdan asırdım jastı,
Nesip tartıp bizdi sizlerge qostı,
Anıq jeti jılğa toldı turağım.

Sherik boldım sizler menen zamanğa,
Ókinbeymen burınğı ótken ármanğa,
Járdem ber dep keyinlegen shabanğa,
Jazıwshılıq jolına dep soradım.

Men jazaman ádebiyat kórkemnen,
Janlı janlar kórkeyedi járdemnen,
Tárbiyası anıq jetse ot-jemnen,
Maqsetińe jetkeredi pırağın.

Dástanlar jazıwğa wáde etemen,
Pitkergen soń aldıńızdan ótemen,
Opa qılıp, sol wádeme jetemen,
Tutılmasa tilim menen qulağım.

Sóz baslayın kánin tawıp dástannan,
At shığa ma jazbayman dep qashqannan?!

Jerge kirip yaki ushsa aspannan,
Tabayın qıdırıp sózdiń bulaǵın.

*1946-jıl.*

## SHAYÍRLARǴA[1]

Qolǵa qálem alayın da,
Jáhánge kóz salayın da,
Jer júzine názer etip,
Aldı-artıma qarayın da...
Bilgenlerdi aytayıq ta,
Bul otırǵan xalayıqqa,
Sózdi sózden balalatpay,
Júrgen bizge ılayıq pa?
Qırım menen Túrkstannan,
Xalqımız búlip-posqannan,
Sóz baslaǵan Jiyen jıraw,
Arqalanǵan tuwısqannan.
Sózin tapsa uzın tildiń,
Jerin tappay qızıl gúldiń,
Baǵın tawıp sayray almay,
Ármanı kóp ash búlbildiń.
Shańlar jutıp qula dúzden,
Qayǵı dáryasına júzgen,
Árman menen xalıqtıń muńın,
Jırlap ketken Jiyen bizden.
Berdaq edi — sóz saǵası,
Súyenerge joq aǵası,
Ol kúndegi shayırlardıń,
Basqan jeri — jar jaǵası.
Xanǵa qarsı sózi shiye,

---

[1]Avtordıń Qaraqalpaqstan ASSR Jazıwshılar awqamınıń pleniumında sóylegen sózinen. (Red).

Qanlı darğa ishi kúye,
Qaraqalpaqtan Kúnxoja ótti,
Kóre almay jaqsı tárbiya.
Ájiniyaz ótti ol da,
Onday shayır qalda-qalda,
Zamanında elatına,
Hárbir sózi qızıl alma.
Tağı basqa shayırlar bar,
Ótesh penen ótti Omar,
Jıyrığın tildiń jaza almay,
Ármanlı ketti pátqumar.

Zulım kórip Xiywa xannan,
Bári ketti bul dúnyadan,
Jańa zaman tańın kútip,
Tatalmadı hesh miywadan.
Awzı batıp ashshı suwda,
Ómiri ótken tunshığıwda,
Zarlı qosıq jazıp ketti,
Ahıw-zar bop kún shığıwğa.
Ótti olar tarlıq penen,
Kóp qısıwmet zorlıq penen,
Burın ótken shayırlardıń,
Ketkeni joq shadlıq penen.
Ayapbergen shayır edi,
Awzında sózi tayın edi.
Sóz mánisin bilgenlerge,
Hárbir sózi gáwhar edi.
Azğana kún kórdi bizdi,
Bolajaqtı kewli sezdi.
Altındı mıstan ayırıp,
Hasıl sózden marjan dizdi.
Ómiri biraq az boldı,

Toptan ayırılǵan ǵaz boldı,
Ózi ólip, qalǵan sózi,
Aytsaq qosıq hám saz boldı.
Biz solardan alsaq úgit,
Jıyılǵan kóp, barna jigit,
Bilimim joq meniń ózim,
Sayasız ósken aq sókit.

Basıńa da paydası joq,
Búlbil sayrar shaydası joq,
Biziń ballar qosıq jazsa,
Sózdiń iplas maydası kóp.
Shayırlardıń birazları,
Aytar sózin tabalmay júr.
Jolǵa sıymay joldı shalıp,
Atın tuwrı shabalmay júr.
Bir qanshalar jazǵan qosıq,
Sózin kórseń gazet oqıp,
Qurap-surap shıǵarıptı,
Aqbas penen jantaq qosıp.
Bunı aytsaq dım jazbaydı,
Kúnleydi dep qatnaspaydı,
Qoldı bılǵap shaqırsań da,
Berregirek jantaspaydı.
Sol jerimiz gúlli ayıp,
Baylıq tilde sóz jazayıq,
Qosıqlarda, piesalarda,
Kemshilikler ketti uzayıp.
Qol qoyayıq dástanlarǵa,
Názer salıp aspanlarǵa,
Kewil sandıq, ash til menen,
Baǵlar bilen bostanlarǵa.
Jazǵan sózin gáwhar shamday,

Kórgen qalsın miyri qanbay,
Xalıq ishine tásir etken,
Romanlar «Qutlı qan»day.[1]

*1946-jıl.*

## BERDAQ HAQQÍNDA QOS QOSÍQ

*(Berdaqtıń qaytıs bolǵanına 50 jıl tolıwına)*

### 1. Túsimde sawal

Jatır edim bir kún sáhár shaǵında,
Áyne tańnıń atar aldı waǵında,
Búlbil sayrap turǵan gúldiń baǵında,
Ózi aqsaqallı bir adam kórdim.
Búlbilge jarısıp sóylep tur tili,
Kúnge shaǵılısıp júziniń nurı,
Shoq saqal, at jaqlı, súyegi iri,
Jaqınlasıp qalıs sálemim berdim.
Qolına qol berdim, jası úlken dep,
«Gúlbaǵdıń baǵmanı meken júrgen?! dep,
Gúldiń arasına qaydan kelgen?!» dep,
Hayran bolıp onıń qasında turdım.
Ózi uzın boylı qara kisi eken,
Shım qara emes qarapáreń tús eken,
Jasaǵan shın jası jetpis úsh eken,
Jılın sorap men esaplap keltirdim.
Ǵarrınıń qáddine qaraǵım keldi,
Xabar alıp halın soraǵım keldi,
Tildi sozıp aldın oraǵım keldi,
Júginip aldında qarsı otırdım.
— Ata, — dedim — ne sawda bar basıńda?
Kempiriń joq, joldasıń joq qasıńda,

[1] «Qutlı qan» — ataqlı ózbek jazıwshısı Aybektiń romanı. (Red).

Sen nağıp júripseń gúl arasında,
Bul bağdıń ishinde ne sebep turdıń?
Bağmanı boldıń ba bağdağı gúldiń,
Óziń adamısań ata, qaysı eldiń,
Kóp jasapsań zamanıńnan ne bildiń.
Jasağan dáwirińde kimlerdi kórdiń?!
Bayan etiń, mağan haslı zatıń kim,
Ağayin kim, jaqınıń kim, jatıń kim,
Atańız kim, atağıńız, atıń kim,
Sharwa ma, diyqan ba, qayerde júrdiń?!
Qanday sóz bileseń qaraqalpaqtan,
Ámiwdárya arjağınan, berjaqtan,
Kórseńiz xabar ber shayır Berdaqtan,
Jigitlik dáwrandı qayerde súrdiń?
Dabıl ulı atım Abbaz sorasań,
Sizge ruqsat ata, aldımdı orasań,
Ya bağmansań, yaki gúlge qonasań,
Siz juwap berseńiz, men sawal berdim.

### 2. Sawalğa juwap

Ayttı ğarrı: — «Ómirim qaraqalpaqta,
Ótip edi atım shığıp shańlaqta,
Dońızlar tóbege shığıp awlaqta,
Iytimdi solarğa qosqan Berdaqpan.
On toğız[1] ásirde atı belgili,
Qaraqalpaq xalqınıń buwınsız tili,
Nama tapsa, gúl tappağan búlbili,
Ómiri óshik bolıp ótken Berdaqpan.
Zamanımnıń shatpaqların jaza almay,
Iyne, teben menen qudıq qazalmay,
Maqset pitip, bawırımdı bir jazalmay,

[1] On toğız — on toğızınshı ásir. (Red).

Bul dúnyadan kóship ketken Berdaqpan.
Nayza qılıp tilin urǵan hár tasqa,
Altı qabat aspan túsip bir basqa,
Qoyın-qonısh, etek tolıp kóz jasqa,
Sıyǵızalmay búlip ótken Berdaqpan.
Neshe qabaq jawdı maǵan túnerip,
Búgin basqan izi erteń gónerip,
Qolı túwe kózi jetpey mólerip,
Dushpanları kúlip ótken Berdaqpan.
Tar zamannıń talay sapar tarlıǵın,
Ádalatsız patshalardıń zorlıǵın,
Záhárin jayǵan áydarhanıń barlıǵın,
Ilajım joq bilip ótken Berdaqpan.
Sózdi dárya qılıp júrdim darǵaday,
Qaraqalpaq, qoldawlı, ákem Ǵarǵabay,
Júrgen jerim bar ma xalıqtı jırlamay?!
Jigitimde jelip ótken Berdaqpan.
Aral teńiz, Qazaqdárya, Dáwkempir,
Qaldı sol jerlerde sózlerim náwpir,
Biziń qıslaw basıp ósken mákan jer,
Jılap-kúlip, janıp-óshken Berdaqpan.
Tilim tiygen waqta sózdiń kánine,
Men mayday jaqtırdım dostıń janına,
Dushpanım bir qospay adam sanına,
Árman menen ólip ketken Berdaqpan.
Dushpanlardı kórsem kózim qantalap,
Talay sapar jetip bardım antalap,
On barmaqtı on mıń áskerge sanap,
Duwtarımdı gózep ótken Berdaqpan.
Xalqımdı jırladım talay jıyında,
Aral teńiz, Qazaqdárya boyında,
Ádil qalmaq, Qúlen bolıs toyında,
Tildiń ushın bezep ótken Berdaqpan.

Bastı qutqaralmay jánjel-ǵawǵadan,
Tatalmay ketkenmen shiyrin miywadan,
Sózi zaya, jetpis úshte dúnyadan,
Ómirimdi tejep ótken Berdaqpan.
Meniń ólgenime elli jıl toldı,
Qábirim kógergen qızıl gúl boldı,
Bilmeymen jaynaǵan gáwhar nur boldı,
Háyrana-háyrana turǵan Berdaqpan.
Xabarsız jatır-em ólgennen beri,
Gúllenip keńeydi górimnin tóri,
Gúlbaǵ dep turǵanıń Berdaqtıń góri,
Shadlana-shadlana turǵan Berdaqpan.
Zaman ózgertilip tazarǵannan soń,
Quwraǵan tamırlar jasarǵannan soń,
Qarańǵı gór búgin aǵarǵannan soń,
Quwana-quwana turǵan Berdaqpan.
Qaraqalpaq ballarınıń barlıǵın,
Men tileymen barlıǵınıń sawlıǵın,
Yadına alǵan soń aqlıq, shawlıǵım,
Gúllene-gúllene turǵan Berdaqpan.
Atımdı dúnyada táriyp qılǵan soń,
Sózimdi nusqada tariyx qılǵan soń,
Qarańǵı górimdi jarıq qılǵan soń,
Márdana-márdana turǵan Berdaqpan.
Denem sezip ádebiyat maydanın,
Gewdeme qaytadan jayǵastı janım,
Kewlinde bir sher qaldırmay ármanın,
Tarqata-tarqata turǵan Berdaqpan.
Bizden sálem bolsın barlıq ballarǵa,
Alǵısım kóp bizdi bilgen janlarǵa,
Súwretimdi qoysa saxna, zallarǵa,
Tirile-tirile turǵan Berdaqpan.
Raxmet ballarıma, atımdı bilgen,

Jıynastırıp alǵan nusqamdı elden,
Qábirime nur toldı, kepinim gúlden,
Sayrana-sayrana turǵan Berdaqpan.
Bir nárseni alıp turman oyıma,
Súwretimdi tayınlasa toyıma,
Shın hasıldan kiyindirse boyıma,
Dolana-dolana turǵan Berdaqpan.
Abbaz shayır, elli jılda tirildim,
Sózlerime sen haqıyqat berildiń,
Búgin saǵan men túsińde kórindim,
Oyata-oyata turǵan Berdaqpan...

* * *

Men oyandım tań sarǵayıp atqanda,
Gewgim ketip barlıq juldız batqanda,
Qábirinde gá túrgelip jatqanda,
Men esittim usı sózdi Berdaqtan.
Anıq ólgen eken jetpis úshinde,
Kórgen waqta aldı aqlı-huwshımdı,
Sonday bolıp kórindi maǵan túsimde,
Ayırmadım usı kózdi Berdaqtan.
Abbaz shayır diydarına toyar ma?!
Tiri bolsa jır etpesten qoyar ma,
Máńgilikke xalıq yadınan qalar ma,
Shayırlar úyrener bárha Berdaqtan.

*1950-jıl.*

## GES QURÍLÍSÍNA

Zibanǵa-ziban qosılıp,
Sózdiń basın baslayıq,
Kórdik xalıqtıń rawshanın,
Qolǵa qálem uslayıq.
Xalıq aynası gazetten,

Qosıq qılıp jiberip,
Xalıqtıń waqtın xoshlayıq.
Qáte bolsa qaytaman,
Shayırlarǵa aytaman,
Alıńız qálem qolıńa,
Sózimizdi durıslayıq.
Jazıwǵa tema kóbeydi,
Órisi sózdiń keńeydi,
Qálegen jerden baslayıq.
Qayta-qayta aytılǵan,
Ańızlı sózdi qospayıq,
Ózine adam tartqanday,
Mańızlı sózden baslayıq.
Sózdiń altın gáwharın,
Gúmis penen jáwharın,
Ayırıp alıp ishinen,
Basqasın bılay taslayıq.
GES ti qurıp Ámiwden,
Nurdı nurǵa qosayıq.
Nur jaynaǵan sarayda,
Gúl jaynaǵan orayda,
Quwanısıp shaǵlayıq.
Jazıwshılar til menen,
Sayrasın búlbil gúl menen,
Jigitler júrsin húr menen,
Paradqa qádem basayıq.
Qızlar júrsin naz benen,
Qosılsın dawıs saz benen,
Tolıp jatır minekey,
Kewildegi muradı.
Miynetińniń tiygeni,
Lampamaysız hár adam,
Úyine jaqsa shıranı,

Nurdıń kózi ashılıp,
Túniń kúndiz boladı.
Kún menen túnde ayırım joq,
Paxta atızıń ishleri,
Jaynaǵan juldız boladı.
Sáwlesi menen sol nurdıń,
Qızǵın miynet ústinde,
Kelinshek túwe qartayǵan,
Kempir de qızday boladı.
Alpıstaǵı ǵarrılar,
Jigitten qalay qaladı?!
Atızdan nurǵa bólenip,
Qız benen jigit aralas,
Jarısıp jumıs qıladı.
Maydanında miynettiń,
Haqıyqat anıq kóriner,
Qızlardıń qırlı qıranı,
Sol qızlardıń qasında,
Paxta atızdıń basında,
Sáwlelenip jelbirep,
El bayraǵı turadı.

## QÁLLI AYÍMBETOVQA

*(Tuwılǵanına 50 jıl tolıw yubileyine)*

Bir sózim bar Qálli Ayımbet inimnen,
Azıraq sóylesem ótken kúnińnen,
Ósip shıqqan bir inimseń elimnen,
Kóp shákirtler paydalanıp tilińnen.

Men bir kórgen waqta on jasar ediń,
Azatlıq jolınan xabardar ediń,

Men sonı tanıdım kózqarasıńnan,
Oqıw, dástanlarǵa kóp qumar ediń.

Atań ólip qara bulttıń astında,
Kóylek-ıshtan ya bar, ya joq ústińde,
Sol waqta da seniń soqqan júregiń,
Dushpanlardan kek alıwdıń qastında.

Talap etken jeriń ılaq baǵıwǵa,
Sum zamanda qalıń nandı tabıwǵa,
Jaslıq, jetimligiń birge qosılıp,
Úyiń túwe, tósegiń joq salıwǵa.

«Jalpaqshek» degen jer ósken jaylawıń,
Saǵan qıyın boldı dúnya jıynawıń,
Jetimlerdiń tóbesinen sol kúnde,
Kórdik bizler mıs qazanday qaynawın.

Gedeydiń balası atası-tegi,
Qaynadı jasınan dushpanǵa kegi,
Kindik qanı tamıp tuwılǵan jeri,
Qusxana tawınıń bergi etegi.

Tanıdı ózine dostı, jaqındı,
Kewline ornattı kem-kem aqıldı,
Qatıqulaq kempir menen shallardan,
Jıynadı torlanǵan juwap, naqıldı.

Biziń sawatı az xalıqtı oyattı,
Sózler jıynap shaqqan basıp ayaqtı,
Bastan úles qosıp qaraqalpaqta,
Janlandırdı alǵa ádebiyattı.

Ózine dos tutıp tildiń jorǵasın,
Jaǵaladı ádebiyat dáryasın,
Moskvaǵa barıp jazıwshılarǵa,
Ayttı Qálli xalıq atınan harmasın.

Roman, piesaǵa, poeziyaǵa,
Jibermey dúzetti ketse qıyaǵa,
Xalqıma máńgilik ǵáziyne qılıp,
Járdem berdi qondırıwǵa uyaǵa.

Sondaydan qırıq-elli jumıs pitkerdi,
Jumısların xalıq aldınan ótkerdi,
Dástan, roman, piesa kim jazıp shıqsa,
Doslıq aynasına qarap sın berdi.

Sonday miynet penen shıqqan ellige,
Awa, doslar mıń raxmet Qállige,
On eki rayonnıń naqıl, juwabın,
Jıynap jasqa kórsetkeni úlgili.

Xalıqtıń naqılların jıynap ǵalaba,
Razı boldı oǵan qız da, bala da,
Mádeniyat maydanında is qızdırdı,
Jaslarǵa kórsetip iskusstvoda.

Bir otız jıl xızmet etken ol elge,
Xalıqta iye bolǵan úlken húrmetke,
Hámme qutlıqlap tur elli báhárin,
Xalqım raxmet aytıp Qálli Ayımbetke.

*1958-jıl.*

## MAQTÍMQULÍǴA

Xalıqqa mashhur Túrkmenstan ulınıń,
Tilinen dur shashqan Maqtımqulınıń,
Mazasın kóp aldım shiyrin tiliniń,
Kitapların oqıp kórip men jastan.

Sóz bulaǵı iyrimlenip qaynawın,
Altın, sulıw sózli juplap baylawın,
Átirek-Gúrgen, Hajıǵawshan jaylawın,
Kitabınan oqıp bildim barmastan.

Qolında qálemi, tilinde sózi,
Kózine kóringen dúnyanıń júzi,
Kewli ǵjalatta sáyir etken ózi,
Xabarlı eken qubla, shıǵıs, batıstan.

Aytqan Maqtımqulı bay menen biyge:
— Jetimdi jılatpa, jarlıǵa tiyme,
Haqıyqattı aytıp, sózdi durıs sóyle,
Qalıs insan bolsań, para almastan.

Iyshan bolsań qoy-qozıǵa qızba dep,
Eki qolıń jayıp xalıqqa sozba dep,
Jetim-jesir, jarlıdan sóz qozǵa dep,
Qazanıńa zárre haram salmastan.

Bolıs, aqsaqalǵa aldıń tar degen,
Xalıq qáhári saǵan qarıydar degen,
Aldın al, ástelik penen bar degen,
El aldında júziń qara bolmastan.

Maqtımqulı mór uslaǵan qazıǵa,
Ayttı: sen, paraǵa qızıp qajıma,

Jarlılardıń jılap shertken sazına,
Qulaq sal, xabardar bolıp kóz jastan.

Sonı aytıp sózden sózdi tuwdırıp,
Xalıq qálbinen shaytan sháhrin buzdırıp,
Kir basqan kewildi shayqap juwdırıp,
Tazalıqtı ornatıwǵa at qosqan.

Qol qálemde, tili sózde talmaǵan,
Qanlı dardı kórip tildi jallaǵan,
Zalımkerge sózi tiymey qalmaǵan,
Sóz mergeni bolıp talay atısqan.

Kóp ezilip túsken bolsa ultanǵa,
Tildiń ushın bezep urıp dushpanǵa,
Mansapdar tajı bar taxtta sultanǵa,
Almastay sóz torlap urǵan qaytpastan.

Aq qaǵaz betinde qálem oynatıp,
Kewli gúl baqshada tildi sayratıp,
Aqılı kámillerdiń basın shayqatıp,
Aqılı qısqalar hám túsingen ásten.

Sóziniń mazası hasıldan artar,
Esitken adamdı ózine tartar,
Aq qaǵazǵa sulıw sózler ǵaz qatar,
Bir hárip joq qoyılǵan bálentten, pásten.

Oqıǵanǵa sheberligi sezilgen,
Ustasına túsken istey dúzelgen,
Hár qatarda sóz marjanı dizilgen,
Hárbiri bahalı altın-gúmisten.

Jayhunnıń dáryası arjaq-berjaqta,
Maqtımqulınıń kitabın oqıp Berdaq ta,

Orın alǵan biziń qaraqalpaqta,
Xorezmniń bes qalası qalmastan.

Taraǵalı qaraqalpaq xalqıma,
Túsingenler hárbir sózdiń parqına,
Teń tappay qıdırǵan sózdiń nırqına,
Kewli menen orman, okean, taw-tastan.

Baqsı bolıp ótti xalqımda Muwsa,
Qáne, baqsı bolǵan sonday bop tuwsa,
Muwsaǵa kim shákirt bolıp jol quwsa,
Sózi Maqtımqulı, sazı juǵısqan.

Xalqım hayt-mereke, májilis qurǵanda,
Baqsı bolǵan Artıq penen Qurban da,
Baslaması Maqtımqulı turǵanda,
Basqa sózge jol joq, iz jaǵı dástan.

Maqtımqulını oqıp shıǵıp betpe-bet,
Baqsı bolıp shıqtı Aqımbet, Ámet,
Kasht etip[1] sharwaǵa, diyqan sháhárkent,
Aytqan baqsı xalıq penen tabısqan.

Zamanında baqsı bolǵan Edenbay,
Maqtımqulını aytar edi bir tınbay,
Esitken qalǵan joq miyri bir qanbay,
Ol ázeliy túrkmen tilge tanısqan.

Xalıq biler baqsınıń altın-mısını,
Baqsılardan ayttıq biraz jaqsını,
Bayniyazday, Sherniyazday baqsını,
Kemi bar dep aytalmayman shabıstan.

[1] Kasht etip — araladı degen mánide. (Red).

Berdaqtıń qızı baqsı boldı Húrliman,
Bir esitken waq-waq dedi janajan.
Onnan tuwǵan Qabıl ulı Qarajan,
Maqtımqulını aytıp ótti tınbastan.

Dosjan, Qudaybergen qaraqalpaqta,
Juman solaqay da, Esjan, Japaq ta,
Tákirarlanǵan oqıǵanday sabaqta,
Kitabınan oqıp úyrengen jastan.

Maqtımqulınıń sózi shaqırdı kópti,
Nadanlar túsinbey kóp tókti sókti,
Jaqınnan túsingen kóz jasın tókti,
Bas shayqadı túsingenler alıstan.

Taraǵalı qaraqalpaq eline,
Qosılǵalı sazı menen tiline,
Sheriklesip otırıspanıń gúline,
Talay májilisimiz boldı gúlistan.

Maqtımqulı sebep tilge til qostıq,
Qız alıp, qız berip, elge el qostıq,
Túrkmenstan menen bayladıq doslıq,
Biz — qashshannan qatnasıqlı tuwısqan.

*1959-jıl.*

## PAXTAKESH XALQÍMA

Planın bejerip ótken xalqıma,
Respublikanıń abıray-dańqına,
Kewli shalqıp shayırlarǵa yosh keldi,
Kóterip jazıwǵa pálek sharqına.

Geroylar ustazı Shamurat aǵa,
Paxtasın tapsırıp, qaytar el jata,

Jası alpıs beste, bálki jetpiste,
Soǵan qaramastan isler tań ata.

Búlbil sayrar waqta paxta teripti,
Ayma-ay asırıp norma beripti,
Gektarına bıyıl bergen paxtası,
Centneri alpıs besten kelipti.

Masharipov Mátnazar, Durdiev Abajan,
Súyikli perzenti xalıqtıń janajan,
Sizlerdi márt etip iste ósirgen,
Baxtiyar xalqımız, mehriban Watan.

Írza boldı qaraqalpaq tuwǵan jer,
Ornın tapqan eken dedi mańlay ter,
Bıyıl ekken paxtasınan Ayımım,
Berdi gektarınan seksen centner.

Shimbaydan Saparbaeva Amangúl,
Amangúldi óz isine maman bil!
Miynet qazanında jastan qaynaǵan,
Kóp jıl boldı ústinde joq jaman til.

Xojelide Ibragimova Janıl da,
Usı bıyıl paxta terim waǵında,
Kúnine úsh yarım tonna teripti,
Bir túlegen bala qustay shaǵında.

Umtılıp aldına qarap talpınǵan,
Ayaǵanday, janım joq dep xalqımnan,
Paxta jerdiń bir uwıstay topıraǵı,
Artıq deydi at basınday altınnan.

Gúljan, Ánar Beruniydiń xalqınan,
Bir-bir mashın[1] minip alıp shalqıǵan,
Jetiwge asıǵıp jaqsı kúnlerge,
Xalqı menen alǵa qarap talpınǵan.

Aytılǵan qızlarım qarındasımday,
Jarqırap kórinip bulyur tasınday,
Tabıslarǵa jetip xalqım qaharman,
Kóp ármanlar pitti attıń basınday.

*1960-jıl.*

## SÁBIT MUXANOVQA

*(Qazaq jazıwshıları Qaraqalpaqstanǵa kelgende)*

Assalawma áleykum, janajanım,
Aman-saw keldińiz be, qádirdanım!
Hár basqan qádemińdi kózge súrtip,
Tórime tósek saldım, kel, miymanım!

Shadlandı dańqıń túsip, qala, dalam,
Kim qurdas, kimler inim, kimler balam,
Sizlerge qaraqalpaq xalqı atınan,
Beriwge ruqsat etiń qızǵın salam.

Sábitjan, shıń ústinde sen bir shınar,
Sayalı sawlatıńa kewlim gúlzar,
Kórmege sırtıńızdan bolıp qumar,
Júr edim násiyp etti-aw búgin diydar.

Dańqıńa toyıńızdıń qulaq túrdim,
Ádebiy xızmetińe alǵıs berdim,

[1] Paxta teriw mashinası mánisinde. (Red).

Jeti júz jigirma aydıń júzin kórgen,
Alpıs jas, qutlı bolsın taqqan orden!

Ol toydıń abırayına hámme sherik,
Ketti ǵoy toy degende bawırım erip,
Qutlıqladım qasıńda ballarıńdı,
Ayırıp sóz marjanın júrgen terip.

Sábitjan, arǵı atamız birge tuwǵan,
At saylap, aq bókendi birge quwǵan,
Túrkstannan biz kóship kelgen waqta,
Jaǵalap Quwan[1] boyın birge turǵan.

Kiyatqan ásirme-ásir bir tariyxta,
Suwatlas qońsı bolıp bir arıqta,
Qız-jigit eki jaqtan aralasıp,
Aq súyek oynaydı eken ayjarıqta.

Shıraǵım qazaq, ózbek, qaraqalpaq,
Bar eken qolqa berip, qolqa almaq,
Qashannan «qara qazan» «sarı bala»,
Barabar úshewimizge birdey ortaq.

Jerimiz jalǵas jatır topıraǵıma,
Ózbek, qazaq atalas urpaǵıma.
Basıń, shashıń, qas, kóziń, gúldey júziń,
Usasqan barmaqlarıń barmaǵıma.

Qazaqtan kóp duz tatqan Berdaǵımız,
Tórinde qazı shaynap, ishken qımız,
Ájiniyaz, arıw Meńesh ashıq eken,
Aralım aramızda ortaq teńiz.

[1] Quwan — Quwandárya ataması. (Red).

Sábitjan, ketseń qaytıp kelmekte bol,
Men deseń, jılında emes ayında kel,
Qumarmız qatnasıwǵa qarındas dep,
Doslıqqa janı qumar, bul biziń el.

*1960-jıl, 13-sentyabr.*

## SADÍQ SHAYÍRǴA

*(Sadıq shayırdıń alpıs jasqa tolıw yubileyine)*

Sóz bası, shayırdıń balalıq waqtı,
Anıq jetilmey-aq jigitlik shaǵı,
Arıwlıqtı, dilwarlıqtı, ǵoshshaqtı,
Jastan juplap, bárin tapqan shayırsań.

Sen on tórt jasıńda — áyne náwbáhár,
Biraz qız bolǵısı kelip sáwer yar,
Sırtıńnan kóz salıp boldı intizar,
Sen uyalıp, ádep tutqan shayırsań.

On besińde tal shıbıqtay buralıp,
Bir názálim kórseń kim dep soranıp,
Taranıp, sılanıp sizge qaranıp,
Kórgen qızlar alma atqan shayırsań.

On altıda shıraylanıp jamalıń,
On jetide tolıp qáddi kamalıń,
Jasıńnan-aq jigitliktiń shamalın,
Ústińnen ótkermey tutqan shayırsań.

On segiz, jigirma, jigirma beste,
Oylanıp bir kúni túsirdiń eske,
Qálem-qaǵaz alıp azanda-keshte,
Jazıwshılıq dámin tatqan shayırsań.

Shayır bolıp shıqtıń xalıq arasınan,
Qırağı kóz saldıń aq-qarasına,
Barlıq qaraqalpaq el balasına,
Sózi jağımtallı juqqan shayırsań.

Sózlerińnen kóp ashıldı jaman sır,
Sóziń juwğanlıqtan ketti biraz kir,
Kegeyliden paxta urlağan «Úsh kempir»,
Basında jawlıqtan tapqan shayırsań.

Qálem menen túrttiń biraz dúńkini,
Sózge shıdamağan ırğıp óńkidi,
Qosıq penen bolğanınsha múmkini,
Túsinik islerin tutqan shayırsań.

Sonıń menen on jıl ótti aradan,
Sózińe qarıydar kelip sağadan,
Húkimetimiz siltew berip jańadan,
Joqarı nátiyje tapqan shayırsań.

Biraz insapsızdı keltirdiń nırıqqa,
Jasıń jetken waqta otız bes-qırıqqa.
Dańqlı bolıp óziń, sóziń xalıqqa,
Bulaqtay burqıldap aqqan shayırsań.

Sadıq shayır, ullı sóz gúzarına,
Túsip, basqı saldıń sóz bazarına,
Gáwhardı taqtırıp qarıydarına,
Til zibanınıń palın tatqan shayırsań.

Jánjel kórseń kúlip berip sálemdi,
Texnikasın tawıp uttıń máleldi,

Talay tawbuzarǵa siltep qálemdi,
Haqıyqatlıq jolın tutqan shayırsań.

Xalıq ishin torladıń hár túr sóz benen,
Qıyalap kóp qarap alǵır kóz benen,
Ájiniyaz, Berdaqtan qalǵan iz benen,
Qosıq stillerin tapqan shayırsań.

Aq qaǵaz betinde qálemniń ushın,
Oynattıń, órledi shayırlıq kúshiń,
Sózdiń gáwhar, marjan, altının, mısın,
Xalıqtıń aynasına dizgen shayırsań.

Keshegi ótken Watandarlıq sawashta,
Qaraqalpaq xalqı qalmay qatnastı,
Perzentiń Páriydi áwelgi basta,
Násiyatlap atlandırǵan shayırsań.

Sol waqta xalıqqa úles qosıwıń,
Úles qosıp xalıq aldında yoshıwıń,
Esitip «Perzentim» degen qosıǵıń,
Jalpı xalqıń raxmet aytqan shayırsań.

Miynet etpey, úles qospay nan qayda,
Qırıq besinshi jılı toǵızınshı mayda,
Jawdı jeńip el-xalıq quwanǵan toyda,
Jeńistiń medalın taqqan shayırsań.

Moskva sháhárinen jańalıq sezip,
Sózińdi xalıq jolına dúzep,
Ózbekstan, Qazaqstandı gezip,
Doslıq jırın jırlap qaytqan shayırsań.

Sadıq shayır, boldı miynetiń hadal,
Kir juqpay alpısqa shıqtıń biymálel,
Óńirińizde qos orden hám qos medal,
Miynetińniń palın tatqan shayırsań.

Bunıń abıray boldı tuwısqan dosqa,
Tarıday miynetiń ketken joq bosqa,
«Volga» mashın minip shıqtıń alpısqa,
Búgin dańqlı abıray tapqán shayırsań.

Eń alda túr abırayıńnıń bahası,
Jıynalǵan xalqıńnıń bilsem shaması,
Jáne bir alpıstan bar ǵoy dámesi,
Óytkeni, sen xalıq unatqan shayırsań.

*1960-jıl.*

## AYAPBERGEN SHAYÍRǴA

*(Ayapbergen Muwsaevtıń tuwılǵanına 80 jıl tolıwına arnalǵan)*

Muwsa ulı shayır Ayapbergendi,
Táriyp ettim sheber sózge mergendi,
Anıq elli altı jasqa kelgende,
Sum ájel ólimge sazawar etken.

Zamanında birge oynap kúlgennen,
Tawsıypın soradım anıq kórgennen,
Xabar berdi maǵan Ayapbergennen,
Turmıs qısıp ózin kóp sarsań etken.

Molla Muwsa jarlı bolıp qartayıp,
Ótipti qarasha úyi qıysayıp,

Barmaq tislep basın shayqap Muwsaev,
Sonnan qutılıwǵa bir árman etken.

Sonı aytıw kerek túsirip eske,
Ílaǵı da ya bar, ya joq bir eshki,
Qazanı da qaynap zorǵa bir keshki,
Basınan qattı kún qıyın hal ótken.

Qara duman, qara bulttıń waǵında,
Qara jılan, qara qurttıń waǵında,
Bir nan adam qunı jurttıń waǵında,
Ayapbergen yańlı talay jan ótken.

Sondaylardan el baslawǵa jol tappay,
Xalıqqa ádil sóyleytuǵın til tappay,
Búlbil bolıp sayraytuǵın gúl tappay,
Ayapbergen ózin dárbe-dár etken.

Kóp oylanıp kózin salıp jáhánge,
Qalıń tutas duman basqan zamanǵa,
Tarıǵıp, zorıqqan zarlı insanǵa,
Qayǵılanıp alp-qáddin dal etken.

Xalıq qayǵısı zıǵırdanın qaynatıp,
Kúygennen gúy shıǵıp, tilin sayratıp,
Aq qaǵaz betinde qálem oynatıp,
Til zibandı qozǵap dilwar etken.

Shayırlıq baslanıw on segiz jası,
Jigitlik áseri urǵan shaması,
Turmıstan tayaq jep aqılxanası,
Qısılǵanda til jumsawdı kár etken.

Sonday ash bolsa da kewlin bay etip,
Kim tasbawır bolsa tilin may etip,
Barın tósep, úyin keń saray etip,
Qonaqqa sır bermey joqtı bar etken.

Xalıq ishinde dıyanatlı bolmaǵa,
Haqıyqattıń girdabında turmaǵa,
Ádalatlı menen májilis qurmaǵa,
Ayapbergen shayır kóp qumar etken.

Haqıyqattı aytqanlarǵa júz salıp,
Dos-dushpandı ayırıwǵa kóz salıp,
Óz xalqın aralap jańa iz salıp,
Gúl pitken til menen lalazar etken.

Xalıqtıń muńın aytıp jırlap tolǵaǵan,
Aytqan sayın ayt dep xalqı zorlaǵan,
Qulaqtıń qarnı joq aytsa toymaǵan,
Sonda da xalıq ayttırıwdı kár etken.

Súyep jetim-jesir, ǵárip-paqırdı,
Kewlin xoshlap májilisine shaqırdı,
Aytıp berip qosıq juwap, naqıldı,
Sózlerine xalqın qarıydar etken.

Turdı buzıq, sumlıǵı kóp adamǵa,
Júrer jolın durıs bilmegen nadanǵa,
Miynet qazanında pispegen qamǵa,
Ayapbergen túsinik aytıp zar etken.

Úyinde óz qatını turıp bir jazǵan,
Bir názálim qızǵa qara qol sozǵan,
Qatın seziklenip ot basın buzǵan,
Ayapbergen kóz astınan ser etken.

Bir jigit oynaqlap júrip ot basqan,
Bir sulıwǵa kewil berip qatnasqan,
Bir kún qatınınan tayaq jep qashqan,
Xalıqqa kóriniwdi namıs, ar etken.

Bir qosıǵı Qutlımurat-Sayatxan,
Kóbirek qálem alǵanlardı oyatqan,
Qaltırap qatınnan jegen tayaqtan,
«Olla qatın almayman» dep zar etken.

Jas úlken shaqırıp jasap uyımdı,
Kópshilik arqalı sheship túyindi,
Xojalıǵın buzǵanlarǵa tıyımdı,
Salıp, Ayapbergen awzın bir etken.

Sonday qosıq penen sawıp toylardı,
Eliwbay, Esenbay, Saparbaylardı,
Orazbay, Qazaqbay, Sánkibaylardı,
Maqtap kóp qızlardı xabardar etken.

Bir qızǵa sóz aytıw bolsa da oyda,
Bir malım joq, óytip maǵan qız qayda,
Dep dúnyaǵa shıqqanımnan ne payda,
Turmıstan qısılıp kóp árman etken.

Qırıq tuwardıń malı túspey qolına,
Kóz sarǵaytqan talay qızdıń jolına,
Aq mańlay, aq qubá, qara torıǵa,
Qolı jetpey ózin minnetdar etken.

Eń biyik qızlardı alıp názerge,
Qızlar ırazı qansha maqtap jazarǵa,
Biybiaysha, Gúlaysha, Biybiajarǵa,
Jazıp Gúlandamǵa barabar etken.

Ayapbergen shayır jaylawı Sorkól,
Ózi búlbil, barlıq qızlar qızıl gúl,
Gúl sayın bir qonıp sayrap qızıl til,
Ishinde bir qızǵa názeri ketken.

Xalıq qızıqtı qızıl tilge gúl pitip,
Kewli kóterildi aspanǵa ketip,
Bir qızǵa úylenip maqsetke jetip,
Ózine ómirlik sáwer yar etken.

Bir kún Máten shayır keldi qaptallap,
Kewli jarısıwda, qızıl til jallap,
Ashamaylı, qıyat xalqın jamanlap,
Óziniń urıwın biyik jar etken.

Bunı esitip Ayapbergen shayır da,
«Sen bilmeyseń, dedi Máten shayırǵa,
Qaraqalpaqta joq edi ǵoy ayırma,
Burın joq nárseni qalay bar ettiń?».

Bul sózińdi maǵan sheship ber tallap,
Qıyat-ashamaylı xalqın jamanlap,
Jarıssań sen tur sol jerde tabanlap,
Dep Mátenge ózin talapker etken.

Ayapbergen shayır Máten gúrtikti,
«Sıyqı-sıyaǵı sol bizdi túrtipti», –
Dep qaytıp sóylemes qılıp irkipti,
Xalıqqa tilin tiygizdi dep ar etken.

«Aqmaqlıqtan óler jerińdi bilmeyseń.
Ayta bersem jan shıqqansha terleyseń,
Jarıssań sen záńgiligime kelmeyseń»,
Dep ózin halınan xabardar etken.

Ayttı jáne Ayapbergen Mátenge,
Jigit bolsań til tiygizbe wádeńe,
Bul sózleriń jayılmasın bótenge...
Máten sóylemeske ıqırar etken.

Ayttı Máten: «Men uyalıp óldim ǵoy,
Qol qawsırıp aldıńızǵa keldim ǵoy,
Endi aǵa, óz halımdı bildim ǵoy»,
Degen sózler menen ahıw-zar etken.

«Óz halımdı bilmey ketip zıyatqa,
Tilim tiygen ashamaylı, qıyatqa,
Qalıppan ólimnen kúshli uyatqa»,
Dep Ayapbergenge intizar etken.

## JÍRAW SÍRÍ

*(Qurbanbay jıraw Tájibaev haqqında)*

Qurbanbay jırawdıń tuwılǵan eli,
Tórtkúlde «Shıbıqlı» awıl belgili,
Mıń segiz júz jetpis altınshı jılı,
Tuwılıp dúnyaǵa keldi Qurbanbay.

Atası Tájibay ózi ash eken,
Ashlıqtan da beter jalańash eken,
Baspashı kóp, zaman basa-bas eken,
Jarlı adamlar shań astında qalǵanday.

Ámiwdiń arqası jaylaw, órisi,
Shoraxan elatı irge qonısı,
Ya malı, ya jeri joq, yaki egisi,
Alǵan qırmanı joq dorba tolǵanday.

Xanlardıń jarlıǵa janı ashımay,
Zamanı bir turǵan emes qajımay,

Turmıstan qısılıp sorlı Tájibay,
Jubı bir úzilip ketken jalǵanbay.

Dúnyadan zatı joq, tek janı bolǵan,
Raxman suwpınıń diyqanı bolǵan,
Kewlinde qap tolı ármanı bolǵan,
Tek diyqan demeseń, qulı bolǵanday.

Qurbanbay on eki jasqa kelipti,
Sol awır turmısqa bul da kónipti,
Jıl ishinde ata-anası ólipti,
Qayısqan Qarataw salmaq salǵanday.

Sol qayǵınıń otın óshire almaǵan,
Qanat qaǵıp ózin ushıra almaǵan,
Salmaq basıp turmıs keshire almaǵan,
Eki iyninen bir zil basıp turǵanday.

Qıyınlıǵı sonday turmıs jaǵdaydıń,
Batpanı bir sıyır arpa, biydaydıń,
Altı jıl shopanı Aytpambet baydıń,
Bolıp, qoyın baǵıp júrgen Qurbanbay.

Atadan besbeter bul jarlı boldı,
Altı jıllıq ómir kóp zarlı boldı,
Biraq, sózge, sazǵa qardarlı boldı,
Qoy ishinde jıraw jırlap turǵanday.

Sayası joq, panası joq basında,
Sazǵa, sózge beyimlendi jasında,
Qoyları adamday tıńlap qasında,
Kúyip shıqqan kúyge qulaq salǵanday.

Ańlıp júrgen baspashılar kóp boldı,
Qurbanbaydan bir-eki qoy joq boldı,

Sol kún qoy baqtırmay ketá-ket boldı,
Baydıń kewli tap Qurbanbay alǵanday.

Qoy menen urını tap dep sabadı,
Biyshara Qurbanbay qaydan tabadı,
Tayaq tiygen jerdiń bári qanadı,
Búrkit pánje salıp, shoqıp julǵanday.

«Qoyımdı tóletpey qoymayman dedi,
Bolmasa súrginge aydayman dedi,
Qanıńdı iship ózińdi jaylayman» dedi,
Baydıń túrin kórdi qanxor bolǵanday.

Qoydıń sózin bay kóbeytip sapırttı,
Bolıstan lawazım alıp shaqırttı,
Eki qoyǵa tórt qoy salıp qapılttı,
Qurbanbay belgili urı bolǵanday.

Barlastırıp kórdi Qurbanbay úyin,
Úyinde joq satıp isher bir buyım,
Tórt qoydı tólemek boldı bir qıyın,
Qazan urıp, turmıs gúli solǵanday.

Qurbanbay sóyerden tura qashadı,
Jalań ayaq qıya tastı basadı,
Arqalanıp kese arqashtan asadı,
Boldı bir kún ash ózegi talǵanday.

Endi óldim degende kárwan tap boldı,
Kárwanǵa «ash boldım» degen gáp boldı,
Berdi bir nan kóz ashqansha jep boldı,
Joldas boldı erip Qoqand barǵanday.

Zorǵa jetti ayaqların jaralap,
Bir kún júrdi Qoqand sháhárin aralap,

«Aldım kesh» dep dos qıdırdı shamalap,
Kim bar dep bir aqsham qonaq alǵanday.

Kesh boldı, dos tappay shıdap turmadı,
Jıraw bolıw ushın ózin zorladı,
Jinlidey kóshede turıp jırladı,
Eplep bala-shaǵa qulaq salǵanday.

Sol waq sın-sımbatlı bir adam keldi,
Burın kórgen edi jırawlıq joldı,
Tanıdı ol Qurbanbaydaǵı kewildi,
Qıyalı boldı bir kún qonaq alǵanday.

Sol adamnıń atı Quwanbay edi,
Saqıylıq babında Hatamday edi,
Barlıq jumısı da sayma-say edi,
Qurbanbayǵa bir jaqsılıq qılǵanday.

Boladı sol úyde bir jıl panalap,
Kirse-shıqsa gewishin qoydı aǵalap,
Endi jıraw boldım ǵoy dep shamalap,
Boldı bunnan maǵan násip salǵanday.

Ertti Qurbanbaydı, ustaz sol boldı,
Jaylawı «Jiydeli baysın» el boldı,
Shákirt bolǵanına eki jıl toldı,
Waqtı boldı endi ruqsat alǵanday.

Ruqsat alıp ayrıqsha shıǵıp bir ózi,
Tuw quyrıqtan qıl taǵılǵan qobızı,
Xalıqtıń qulaq qurshın qandırdı sózi,
Lapızı jaǵımlı xalıqqa bolǵanday.

Bir jaǵı Shaxadam, bir jaǵı Marı,
Xalıq qızıǵıp ketti onnan da arı,

Íqlası sonıńday xalıqtıń qardarı,
Bir jırlatqan jáne shaqırıp alǵanday.

Jırlap qayttı Hisar menen Termizde,
Úyrenip kóbeytti saz benen sózdi,
Xalıqtıń alǵısınan nur jaynap júzi,
Boldı tıńlaǵannıń miyri qanǵanday.

Bir jaylap jırlaǵan jeri Saraqsın,
Sháhrisábz benen Balqı-Badaqshan,
Hárqaysısında jırlar edi on aqsham,
Xalıq ishi dál ózi úyi bolǵanday.

Xalıq qollap-quwatladı, gúylendi,
Sársembi saatlı kúni úylendi,
Bir aqtamaq, aq qubanı súydi endi,
Shiyrinjan Farhadqa ashıq bolǵanday.

Eki toydı sawıp júrdi bir kúnde,
Eki ay, bir ay jırlap júrdi Gúrgende,
Qurbanbaydıń xızmetine hár kúngi,
Boldı xalıqtıń kewli bárha tolǵanday.

Miyankólge bardı ayaq alısı,
Mıńnan astı atın bilgen tanısı,
Gáhi kúnler bir aqshamǵı tabısı,
Bir bedewdi saylap satıp alǵanday.

Dekadada esitip edim bul sózdi,
Ayttı sır qaldırmay dos tutıń bizdi,
Sol jılları-aq ol úyrengen «Qırıq qız»dı,
Sózleri dizilgen qızıl marjanday.

Qurbanbay «Qırıq qız»dı sol elde ayttı.
Jırawshılıq nátiyjesin molayttı,

On bes jıl el gezip bermaǵan qayttı,
Jıraw boldı xalıqtıń kewli tolǵanday.

Keterinde ketip edi biy belgi,
Keldi aman-esen tuwılǵan elge,
Dańqı-daǵazası túsip Tórtkúlge,
Keldi jıraw bolıp abıray alǵanday.

* * *

Kelgennen soń qaraqalpaq xalqına,
Qulaq saldıń jırlawlardıń dańqına,
Bálent-pásin bilmek ushın Qurbanbay,
Toylarda sen zeyin qoydıń parqına.

Qıl qobız uslaǵan barlıq jırawdan,
Hesh nárse bile almay sırttan sorawdan,
Sazlardıń saz, nasazların sen bildiń,
Qobızlarınıń qulaqların burawdan.

Erpolat, Seydulla, Arzı kór dediń,
Bir qatar zamanı báribir dediń,
Qaraqalpaqta kál balanıń ustazı,
Nurabullanı bárinen de zor dediń.

Jırawlardıń bárin kórdiń Qurbanbay,
Bir qatar xızmetin qıldıń arlanbay,
Kóp jıraw ishinde Nurabullanı,
Bildiń kóp júyrikten shıqqan tarlanday.

Bardıń soǵan qastan shákirt bolmaǵa,
Ózińe úlgili ustaz qılmaǵa,
Hawazın, bar sazın, sózin almaǵa,
Tórt jıl xızmet qıldıń Nurabullaǵa.

Qurbanbay keshtiń de jeti tilladan,
Ruqsattı aldıń Nurabulladan,
Xorezm, bes qala, Ámiwdiń boyın,
Jıraw barma sendey taqlap jırlaǵan.

Rawajlanbay qalǵan emes talabıń,
Úyine túsip atı shıqqan balanıń,
Jırlap júrip quwanıshlı xabarın,
Esitip hám kórdiń baxıt zamanın.

Quwanıp elimniń jańa balası,
Jańa awıl, jańa sháhár-qalası,
Búlbil jırawısań ayt degen waqta,
Shıqtı sennen dástanlardıń jańası.

Bir dástan ayt dese awzıńda tayın,
Kóp dástanlar shıqtı ayttırǵan sayın,
Xalıq ushın tawsılmas ǵáziyne boldı,
«Erziywar»,«Qırıq qız»ıń menen «Qanshayım».[1]

«Qırıq qız» qaraqalpaq dástanı edi,
Dástanlardıń biyik aspanı edi,
Shaqalanıp jer júzine jayılǵan,
Sózdiń baǵı-baqsha, bostanı edi.

Qurbanbay ataǵıń shıqtı «Qırıq qız»dan,
Ózbek, túrkmen, rus, tatar, qırǵızdan,
Gúlayımnıń waqıyası dástanda,
Oqıǵandı ofarin dep turǵızǵan.

*1962-jıl, 24-aprel.*

---

[1]. «Erziywar»,«Qırıq qız»,«Qanshayım» — qaraqalpaq xalıq dástanları. (Red).

## BAWÍRMANLAR

*(Poema)*

Dushpannıń uw shashıp bizge kelgeni,
Isi qaytıp jáne ózi ólgeni,
Kóp xalqı qırılıp taǵı búlgeni,
Jónsiz urıs ashıp alǵan sıyı sol.

Tórt yarım jıl bolǵan soǵıs dáwirinde,
Qızıl jalın, qara dúttiń háwirinde,
Ne bir mártler mártlik penen jan berdi,
Bir taban jer bermeymiz dep kewlinde.

Mıń toǵız júz qırıq ekinshi jılında,
Watan qorǵaw haqıyqatlıq jolında,
Basın berip, izde qaldı balları,
Pana bolǵan húkimettiń qolında.

Ata-anadan ayra túsken hallarda,
Qorqıp zárresi ushıp qalǵan ballar da,
Hújim etip armiyamız qolǵa aldı, —
Sol ballardan jan shıǵarmas jollardı.

Jetimlerdi jámlestirip sanattı,
Respublika bolǵanlarǵa tarattı,
Ukraina, Belorussiya sháhárinen,
Tashkentke de bir neshesin qarattı,

Mıńlaǵan balalar Tashkentke keldi,
Bawırman qalaǵa — húrmetke keldi,

Balalarǵa qáwendershilik qılıwǵa,
Barlıq Tashkent xalqı kórmekke keldi.

Aldı ilgeri emes on eki jastan,
Keyni tómen emes úsh jas, tórt jastan,
Tuwǵan jerden ata-anadan ayırılıp,
Ballardı qayǵınıń zulmatı basqan.

Jáne ashtan isken qası-qabaǵı,
Qanı qashıp, shólden kepken tamaǵı,
Júzlerine óli shıray kirgendey,
Ortalanǵan eki kózdiń shanaǵı.

Ata-analardıń ólgen xabarı,
Qulaǵın shıńlattı, solǵan diydarı,
Kóz kóriwden janı ashıp olarǵa,
Tashkent xalqı gúlli jılastı bári.

Xalıqtan beter jetim ballar jılastı,
Ballar xalıqqa, xalıq ballarǵa talastı,
Mehribanlıq tárbiyalaw úyinde,
Qozı qoyǵa qosılǵanday jamırastı.

Kórgen xalıq dushpanǵa mıń nálet ayttı,
Ballarǵa ǵamxorlıq jaǵın molayttı,
Ráhimi túsip, tárbiyalaw úyinen,
Juptan, úshten úyine bala alıp qayttı.

Tashkent sháhárinde bir temirshi usta,
Bunıń kózqarası xalıqtan ayrıqsha,
Mehribanshılıǵı tasıp tógilip,
Kewil qazanında qaynawı basqa.

Hayalınıń atı edi Bahrixan,
Keń peyilli, hadal júrek, mehriban,

Esitip ballardıń qıyın awhalın,
Ráhimi kelip, uwayımnan ah urǵan.

Usta Shamahmudov Shaahmed degen,
Bardı jaqınlasıp ballarǵa kem-kem,
Júzin ısıq kórip ballar jabısıp,
Tuttı jazdırmastan ustanı bekkem.

Usta kewlin buzıp, bozlap jıladı,
Ishine ot tiyip bawırı janadı,
Tárbiyalap saqlaw ushın úyinde,
Sol ballardan on altısın aladı.

On altısı segiz millet balası,
Endi birew boldı shıqqan xanası,
Shamahmudov usta hayalı menen,
Boldı jańa tuwǵan ata-anası.

Kózleri de qorqıp qalǵan ashlıqtan,
Basın zorǵa kóteredi dastıqtan,
Shúykildesip jas shójedey ustanıń,
Eń jasları qoltıǵına bas tıqqan.

Endi usta qanat jayıp qorǵalap,
Jubın jeteklese, jubın arqalap,
Úyine apardı hayalı menen,
Mańlayınan hadal teri sorǵalap.

Bir-birden krovat jasap jayına,
Balların kirgizip aq sarayına,
Bir-bir jilik uslatpaqshı ballarǵa,
Perzentlikke qabıl etip udayına.

Usta ballarına basladı toydı,
Toyǵa aralas jáne taptı bir oydı,

Xalqın jıyıp, hayalına keńesip,
Hár balaǵa aydar taǵıp, at qoydı.

Rafik, Yuldash, Vova, Habiyba,
Muwazzam, Qarabay, Shuhrat, Xaliyda,
Samuk, Naǵmet, Raxmetulla, Hakiyma,
Ulıǵbek penen Hamidulla, Haliyma.

* * *

Usta bul ballardıń endi ilajın,
Etiw ushın shaqırıptı vrachın,
Rentgentge salıp kórip doktorlar,
Dedi jas jetimler neǵıp shıdasın.

Bul ballardıń isi pitken qorqıwdan,
Júrekler qozǵalǵan ırǵıp shorshıwdan,
Tamırlardan qan azayıp ketipti,
Gúlli bádenler de kewipti suwdan.

Oǵan qabatlasqan taǵı da ashlıq,
Ballarǵa qılsańız atalıq doslıq,
Jaqsı kóz, jaqsı sóz, jaqsı awqatın,
Sonda bolsa bolar kewlinde xoshlıq.

Jáne taza bolsın jutar hawası.
Tınısh uyqı bunday dárttiń dawası,
Qorqıwdan, shorshıwdan sonda qutılıp,
Ornalasar júreklerdiń xanası.

Doktor sózin tamam etip pitkerdi,
Eń kerekli dárilerin jetkerdi,
Shamahmudov usta hayalı menen,
Tárbiyada kún-tún qatıp tik turdı.

Salqın bolsa qoydı qapını basıp,
Íssı bolsa qoydı aynanı ashıp,

Tárbiyaǵa neler bolsa múnásip,
Taptı bárin doktor menen oylasıp.

* * *

Usta Shamahmudov sol kún oylandı,
Ballardıń basma-bas bárin aylandı,
Bir sóylesip sana-sezim almaǵa,
Kewil sandıǵına aqıl jıynaldı.

Muwazzam, Qarabay, Rafik balasın,
Sózge túsiner dep bildi shamasın,
Jaqsı asqa, jaqsı sózge teń jarı,
Qosatuǵın ıqlasın da ańlasın.

Dep balların jıyıp ayttı wásiyat:
— Bul isimnen men shıǵarıp áhmiyet,
Paraxatshılıq tárepdarı bolmaǵa,
Ullı tájiriybege qıldım bir niyet.

Sizler menen bir maqsetke jetermen,
Atalıq-analıq xızmet etermen,
Insanıylıqtıń jolın tutarman,
Tutalmasam sol waq ólip ketermen.—

Dep ballarǵa shártleskendey sóz ayttı,
Mehribanshılıǵın qattı zorayttı,
Júreklerge qatqan dártler shıqsın dep,
Sózine pal qosıp mayın molayttı.

Ata-anańız men sarǵayıp saǵınǵan,
Sút beriwge bar aǵzamda tamırdan,
Ústińizge bir boz orda jasayman,
Múmkinshilik bolǵanınsha qabırǵam.

Qutqarıwǵa kózlerińniń jasınan,
Tayınladım pal shuhratlı asınan,

Ókpem-dastıq, bawırım-tósek atańman,
Jay dúzetken júregininń qasınan.

Toltırıwǵa ortalanǵan qanlarıń,
Ballarım janıma qosıp janlarıń,
Ózlerińniń tuwǵan ata-anańnan,
Men artıq bolarman mehribanlarım.

Kewlimniń keń sarayında júrseńiz,
Shámen baylap gúl-miywesin terseńiz,
Hayalım Bahrixan menen qıyalım,
Torqalanıp bolsaq tósek-kórpeńiz!

Balalarım, shın júrekten ıqlasım,
Bahrixan tárbiya sherik joldasım,
Watan qarawında bir gúl solmasın,
Watan qushaǵında kúndey nurlasın!

Bul sózge túsingen ballar ǵalaba,
Turdı ornınan túsinbegen bala da,
— Million raxmet, húkimettey danaǵa,
Bizdi qosqan sizdey ata-anaǵa.—

Dep Muwazzam, Rafik eki balası,
Ballardıń jası úlken eki aǵası,
Atasınıń sózi jıllı júrekke,
Tiyip qozǵalıstı sezim sanası.

Qol qawsırıp turdı ballar bas urıp,
Eki jaqlap barıp betinen súyip,
Láblerine atasınıń júzleri,
Maydan jumsaq, paldan mazalı tiyip:

Dedi-áy mehriban ata-anamız,
Sizden bolǵan biz on altı balańız,

Húrmetlewge bizler bárha tayarmız,
Óle-ólgenshe ǵamxorıńız bolamız.

Biziń ushın siz — bir jemisli daraq,
Sayańızda tárbiyalansaq jaqsıraq,
Ay sáwlesi kúnniń qızıl nurınday,
Siz dóretken biz — on altı sham-shıraq,

Janım ata, bizlerdegi sol tilek,
Qosılıp soǵıp tur on altı júrek,
Qıyınsınǵan qırıq mıń xızmetiń bolsa,
Tayar tur jup-juptan on altı bilek!

Bálki sham-shıraqtan artıq bolarmız,
Parlap turǵan baxıt bolıp qonarmız,
Baxıt sarayınan kúndey nur shashıp,
Xalqımızda, basıńızda janarmız.

* * *

Ballardan esitip usta amqtı,
Júregi eljirep, jılap qamıqtı,
Basların, mańlayın sıypap qushaqlap,
Júzlerinen súyip-súyip alıptı.

Ballar menen sırlasıp sır bólisti,
Ata, bala bawırlasıp enisti,
Shamahmudov usta Bahrixan menen,
Kúni-túni tárbiyaǵa kiristi.

Úsh kúnde bir mártebe monshaǵa saldı,
Shashtárez shashın, tırnaǵın aldı,
Aq sútten de appaq sarpay tayınlap,
Ústinen sıpırıp sırmaǵın aldı.

Áwel baslap bir stakan sút berdi,
Bir qatar ishlerin buzıp ótkerdi,
Ekinshi kún bir piyala máshaba,
Shappattay nan, bir úzbennen et berdi.

Tayınlap janına jağımlı suwdı,
Hár kúni ballardıń denesin juwdı,
Jaqsı astı berip jaqsı sóz benen,
Júreginen qorqıp-shorshıwdı quwdı.

Bir on kúndey awqat berdi az-azdan,
Arasın uzatpay jáne tez-tezden,
On altı balanı hár kún bes márte,
Usta Shamahmudov ótkerdi kózden.

Tamırlarğa zırlap qanlar juwırdı,
Júreklerden ğam tikenin suwırdı,
Hár kún toğız túrli tağam tayarlap,
Zapas balıq, bawır, búyrek quwırdı.

Ashózekke túspesin dep az berdi,
Kúnde bir waq qosığı menen saz berdi,
Qayğınıń zulmatı basqan ballardıń,
Janlarına jağatuğın ház berdi.

Bir mezgil sarı may qosıp nan berdi,
Altın piyalağa salıp pal berdi,
Usta darağına atkónshek qurıp,
Ózi bir qaptalda turıp, hál berdi.

Kúnde bir waq parklerdi gezdirdi,
Jabıqqan kewlin dártten bezdirdi,

Bahrixan bawırına basıp jasların,
Aq sút bergen anańman dep sezdirdi.

Dúnyada awqattıń neshe túrlisi,
Podnos, stol menen bisyar gúllisi,
Júz procent qollarına kóterip,
Jáne qoltıǵında tayar ellisi.

Hám olarǵa salamatlıq samalı,
Esiw menen birge toldı kamalı,
Qızıl gúldiń ǵumshasınday ashılıp,
Shıraylanıp kórinis berdi jamalı.

Júregi menen bawırın tósep qaraǵan,
Xızmetler qutqardı pitew jaradan,
Qorǵalap qanatın jayıp pármana,
Bolıw menen altı ay ótti aradan.

Ólshetip burınǵı, sońǵı halların,
Doktorǵa teksertip kórip qanların,
Jańadan tazalap dokument alıp,
Baslawısh mektepke berdi balların.

Ata-anasınan ballar kúsh alıp,
Oqıdı jazdırmay hár kún bes alıp,
Bunı kórip Shamahmudov, Bahrixan,
Quwanıp túrlenip, ketti jasarıp.

Biydáwletlik jollarınan júrmedi,
Sabaqtan basqaǵa kewil bólmedi,
Kitaptı kóp oqıp, zeyni ashılıp,
Bilimi burqıldap tasıp órledi.

On jıl dawamında usta oqıttı,
Atalıq jolın márdana tuttı,
Rafik, Yuldash degen eki balası,
Joqarı bilimge oqıp jetisti.

Altı balasınıń bilimi orta,
Boldı segiz bala sawatlı ol da,
On altı balanıń bári qalmastan,
Sawatlanıp tústi haqıyqat jolǵa.

Xalıq awzında usta jaqsı jır boldı,
Rafik hám Yuldash injener boldı,
Hárbir ballarında bir óner boldı,
Ne xızmet buyırsa shırp eter boldı.

Shamahmudov tájiriybeli ónerdi,
Tawıp salıp sheberlik penen jigerdi,
Úlkenlerin úylendirip ballardıń,
Jeti jılda jetildirip jiberdi.

Altısı oqıwda, onı xızmette,
Ata-anasına etti húrmetti,
Joldas Shamahmudov Bahrixan menen,
Jańa taptı talap etken maqsetti.

Qırıq jıl qırǵın bolsa biri qalmastan,
Jawǵa shabar jigit boldı talmastan,
Zeyni ziyrek, aqılı jáwhar qılıshtay,
Hár balası ótkir boldı almastan.

Shamahmudov usta buǵan quwanıp,
Kewli, boyı ósti, beli juwanıp,
Kúlip turdı quwanıshlı tabıstan,
Jelbiretip qolǵa jeńis tuw alıp.

Jetimlerdi kórseń mańlayın sıypa,
Degen sózdiń ózi bizge bir tema,
Kóp millettiń balaların bir qosqan,
Ustanıń bul isi — ullı tájiriybe.

Esitken, kórgenler hayran qalarlıq,
Túsingenler bunnan ibrat alarlıq,
Bul jumısı Shamahmudov ustanıń,
Tar minezler keń peyilli bolarlıq.

Tamırına zil kirgen on altı ulın,
Óltirmey oqıtıp shıǵarǵan tilin,
Bir tabaqqa qosqan menen bara bar,
Áhmiyeti segiz millettiń qolın.

Bul tájiriybe bizge qımbat bahalıq,
Bunı kim islese kewli tazalıq,
Qaraqalpaq xalqım — baǵım-bostanım,
Bunday bawırmanlıq, aqıl-danalıq.

Jetimlerge hárbir qádem basqanın,
On altı jetimniń basın qosqanın,
Tárbiyalap ósirgenin ustanıń,
Mashhur ettim qısqashalaw dástanın.

*1963-jıl, iyun.*

## BAHADÍR

*(Dástannan úzindi.)*

### Birinshi bap

Qaraqalpaqtıń elinde,
Keń salalı jerinde,
Qırı menen oyında,
Ámiwdáryanıń boyında,
Mıń toǵız júz sáneniń,
Jáne de on da birinde.
Basınan miynet ketpegen,
Shekpeni dizge jetpegen,
Zalımlardıń zulımınan,
Jılamay kúni keshpegen.
Ómirinshe jeri joq,
Miynetsiz jarma ishpegen.
Elden elge barǵanda,
Arqalanbay kóshpegen.
Ómiriniń gúli órkenlep,
Bir jetilip pispegen.
Diyqan júrip, mal baqqan,
Mudamı ırǵıp, sekirip,
Qızıl sheńgel, aq sheńgel.
Aqbas penen jantaqtan.
Baydıń malı baqqanı,
Altı ayǵa azıq bolmaǵan,
On eki ayda tapqanı.
Jar basına tikeytken,
Jartı ılashıq shatpanı,

Allanǵor degen bir adam,
Jılaw menen jáhánde,
Ishine túsip bir kesel,
Kókirek qıspa, kóp jótel,
Tuwrılap kelip sum ájel,
Ótti paqır dúnyadan,
Shınargúl sonıń hayalı,
Jartı ılashıq, shatpanıń,
On jaǵına qoyadı.
Kemshilikti yadqa alıp,
Túrli jaqqa ketedi,
Shınargúldiń qıyalı.
Abılaysań jamǵırday,
Kózinin jası móltildep,
Etegine quyadı.
Atın qoyǵan Arıslan dep,
On tórt jasar balasın,
Názerine qoyadı.
Ishten debdiw shıǵarıp,
Dawıslap qattı ah urdı.
Qońsı-qoba awıldı,
Qullası, meshit qáwimdı,
Tórkini menen tamırdı,
Bir qatar bárin shaqırdı.
Awhalın aytıp Shınargúl,
Ornınan ırǵıp turadı,
Jıynalıp kelgen xalqına,
Hal-jaǵdayın bildirip,
Tuwısqan dep tolǵanıp,
Arzasın aytıp zarlanıp,
Jer tebirenip gúrsinip,
Shınargúl shıntlap jıladı:

— Kewlimde qayǵım kóp dásteme-dáste,
Bálentte ornım joq, al mudam páste,

Ómirinshe Allańǵorım qápeste,
Maydanǵa shıqpaǵa kóp qumar etti.

Ne payda baylardıń baxtı bolsa da,
Xan menen sultannıń taxtı bolsa da,
Ay, kúnler solarǵa jaqtı bolsa da,
Bizdi bir juldızǵa ahıw-zar etti.

Aldım-artım bolıp tastay qarańǵı,
Ushıradım jabıwsız malday boranǵa,
Jazım qısqa aylanıp, qaldım sıranǵa,
Mezgilsiz boraǵan qalıń qar etti.

Ne dawa bar qısqa aylanǵan jazıma,
Kim qaraydı jarasıqsız nazıma,
Shebine shertilgen qayǵı sazına,
Zulpımdı tarqatıp soǵan tar etti.

Búgin qayǵı tuwın qolǵa usladım,
Bizge qol bergendey kim bar, doslarım!
Bir qaytpas saparǵa ketti qostarım,
Bir kóriwge basqan izin zar etti.

Bir qaraqus párwaz etip qıyadan,
Ómir qusın aldı-ketti uyadan,
Sóytip Allańǵorım ótti dúnyadan,
Jer júzin bir taban bizge tar etti.

Biysharanıń ómiri uzaq bolmadı,
«Ájel áydarhası» juttı-jalmadı,
Mal baqqan ataǵı erip qalmadı,
Bizdi hám sol talapqa qarıydar etti.

Doslarım, qabımda dánim bolmasa,
Bir tandır shıqqanday nanım bolmasa,

Bar nanıma bir dasturxan tolmasa,
Kúnimdi sayılǵa barabar etti.

Allanǵorım jatır xalqım kósilip,
Soyıwǵa mal tappay turman qısılıp,
Kárwan qátebinde toqpaǵı sınıp,
Júgi jolda qalǵan qara nar etti.

Zámin awzın ashtı tartıp jutpaǵa,
Qolın sozdı jup jaǵadan tutpaǵa,
Erimdi bawırlap qushıp jatpaǵa,
Bizden hám bes beter sáwer yar etti.

Shınargúldiń jesir atı baslandı,
Bir basıma jaqınlatıp aspandı,
Keynindegi on tórt jasar Arıslandı,
Jetim xanasına sazawar etti.

Shınargúldiń sózlerine,
Jarlı bolǵanlar jıladı,
Bay bolǵanlar kúldi,
Jetim bolǵanlardıń,
Jesir bolǵanlardıń,
Ishi bildi.
Shınargúldiń aldına,
Óligińdi kómiwge,
Neń bar, neń joq dep,
Barlıǵı jıynalıp keldi.
Shınargúl ayttı:
— Qıymıldawǵa halım joq,
Soyıslıqqa malım joq,
Bisatımda bar bolsa,
Ayamas edim qostardan.
Bir basım qurban jolına,

Ayaǵanday janım joq,
Mınaw turǵan shatpada,
Uramda da, qapta da,
Yarım batpan bolmasa,
Batpan shıǵar dánim joq.
Aqılım bar, pulım joq,
Jarlılıqtan minim joq,
Sıpıramda bolmasa,
Shanashımda unım joq.
Qalıń xalqım bolmasa,
Janı ashıp qol berer,
Aǵa menen inim joq,
Kósilip jatqan erimdi,
Kómbegenshe tınım joq.
Rasın aytsam doslarım,
Esabın tawıp qalay da,
Kómilse mınaw qostarım,
Mal baqpasam kúnim joq.
Jıynalıp kelgen xalqıma,
Kómip ber dep aytıwdan,
Basqa heshbir sózim joq.

— dep jıynalǵan xalıqqa qarap, Shınargúl ólisin kómiwge, járdem sorap bir sóz dep turıptı:

— Qarańǵıda qayǵı sazın,
Shertken menen bolarmeken?!
Bir jesirdiń muńlı zarın,
Esitkenler tıńlarmeken?!
Tilenip qayda gezeyin,
Xalıqtan artta qaldım keyin,
Júyrik tilli, ótkir zeyin,
Bul sózimdi aqlarmeken?!
Jetim qalǵan jalǵız Arıslan,

Malǵa bersem onı jastan,
Tas tóbeme meniń aspan,
Ábden jaqın kelermeken?!
Allanǵorday biz mal baǵıp,
Mudamı kisi otın jaǵıp,
Qayǵılı kózden jas aǵıp,
Jetim-jesir jılarmeken?!
Qashan keter siyne daǵı,
Arıslanımnıń jaslay waǵı,
Jaman shatpanıń shıraǵı,
Bir dúzelip janarmeken?!
Kemshiliktiń alamatı,
Qıysıqlardıń qıyanatı,
Júregimde janǵan otı,
Bir suw serppey sónermeken?!
«Raxmaniydan» kórgen túsler,
Onǵa aylanıp biziń isler,
Párwaz etip «dáwlet quslar»,
Bizge de bir qonarmeken?!
Óldi meniń Allanǵorım,
Qıyametlik joldas erim,
Úyimde joq mańlay terim,
Bul kómilmey qalarmeken?!
Qarızǵa bir baspaq alsam,
Soń tawıp bere almay qalsam,
Basımdı bazarǵa salsam,
Jalǵız baspaq bolarmeken?!
Qánekey, bizge bir baspaq,
Bolıp turman sonnan aqsaq,
Barıp baydıń malın baqsaq,
Shopanlıqqa alarmeken?!
Birlik penen el boladı,
Kóp túkirse kól boladı,
Naǵız abıray sol boladı,

Bunı xalqım bilermeken?!
Támem kóp jıynalǵan dostan,
Basımda tur kóp zimistan.
Jarlılıq — úlken shólistan,
Bir suwsınım qanarmeken?!
Aytıńız sózdiń sabaǵın,
Ashılarmeken qabaǵım,
Meniń tógilgen tabaǵım,
Jáne qaytıp tolarmeken?!
Shınargúldiń bar tilegi,
Xalıqtan basqa joq tiregi,
Tabılmasa hesh keregi,
Ishi janıp ólermeken?
Shınargúldiń sózin,
Tıńlaǵan xalıqtıń ishinde,
Sernazar, Pirnazar degen,
Allanǵordıń eki dayısı bar edi.
Ortaǵa telpekti taslap,
Xalıqqa órnek jol baslap,
Allanǵorǵa ápkeldi,
Ekewi eki baspaq.
Shınargúldiń Orınbet,
Turımbet degen,
Eki nemere aǵası bar edi.
Tamır-tamır jerlerden,
Semiz eki qoy keldi,
Batpan-batpan dáni bar,
Sonday-sonday sıy keldi.
Taǵı basqa awıldan,
Shaqırılǵan meshit qáwimnen,
Allamurat alpıs teńge,
Elmurat eliw teńge,
Óteniyaz otız teńge,
Jiyemurat jigirma teńge,

Ońǵar on bes teńge,
Omar on teńge,
Tilewbay tilla,
Jálimbet jarım tilla,
Besimbay bes teńge,
Tóremurat tórt teńge,
Úsenbay úsh teńge,
Qosımbet qos teńge,
Jumaniyaz jup teńge,
Berdimurat bir teńge,
Qısılıp turǵan Shınargúl,
Zordan shıqtı bir keńge.
Ashıńız endi aranı,
Hayalǵa náwbet qaradı,
Ne berer eken kóp jeńge,
Toqsulıw toǵız nan,
Sáliyma segiz nan,
Áliyma altı nan,
Biybigúl bes nan,
Turdıgúl tórt nan,
Úmitgúl úsh nan,
Elti sheshem eki nan,
Búlkildek sheshem bir nan,
Shúrbiy shórek,
Shınıgúl shelpek,
Toldı nan shórekke,
Ortaǵa taslaǵan telpek,
Qırmızı qırıq aǵarı,
Ótebiyke otız aǵarı,
Jámiyla jigirma aǵarı,
Ólmesek on aǵarı,
Kim júweri, kim tarı,
Allanǵordı kómiwge,
Unı menen dáni,

Eti menen nanı,
Tayın boldı bári.
Malın soydı, et boldı,
As-abatı kóp boldı.
Úsh-tórt kúnniń ishinde,
Tarqatıp bárin jep boldı.
Jıynalǵan kópten qárejet,
Kóbeydi sonday bereket,
Allanǵordıń ası,
Tabaq jayǵan sadaqası,
Jıynalǵan kópten óndi.
Hayalı menen balası qalıp,
Ot basınıń otı sóndi.
Pesinnen tómenirek,
Namazlıgerden joqarıraq,
Namazın oqıp, juwıp kepinlep,
Allanǵordı jer astına kómdi.
Endi Shınargúl,
Qazanshı menen suwshıǵa,
Mereke jayǵastırıwshıǵa,
Bálki ruqsat alıp qaytıwshıǵa,
Ólisin kómiw jóninde,
Maqset-muradına jetip,
Xalıqtıń xızmetine kewli pitip,
Alǵıs penen raxmet aytıp,
Bir sóz dep turıptı:

— Áwel-aqır qaǵılmaǵan tósektey,
Kúnniń júzin bir kórmegen kesektey,
Arqan boyın taqırlaǵan esektey,
Jılıstırmay bizdi soǵan kóndirdi.

«Jarlıǵa jarma joq is etip júrmey»,
Adam qatarında ózindey kórmey,

Allanǵor mal baqsa haqısın bermey,
Talay námárt jánjel salıp búldirdi.

Mudamı ayaqta baralmay órge,
Esikte ornı bar, shıǵalmay tórge,
Xalıq qatarında bekimey irge,
Zorlıq penen qıyınlıqqa kóndirdi.

Áywan-jáywan bolǵan beren-zerenge,
Duwshar boldım qızıl sheńgel háremge,
Sózim zaya boldı talay gereńge,
Haqıyqat dos búgin ózin bildirdi.

Óli me, tiri me aynalǵan dosqa,
Bizge janı ashıp qıynalǵan dosqa,
Hámiyshe razıman jıynalǵan dosqa,
Jılıwǵa jıǵıldım, maǵan qol berdi.

Men shırmaldım qayǵı-zarǵa shatılıp,
Jan ashır bolmasa qalıp em talıp,
Al, kettim de jańa janlar kóz salıp,
Qoldıń ushın berip esim endirdi.

Jubayımnan júdá bolıp uyada,
Jarı jolda, jáziyrada, qıyada,
Xalıq bolmasa qalıp edim piyada,
Belimnen kóterip atqa mindirdi.

Toldı dasturxanım pul menen nanǵa,
Uram tolıp qaldı, qoram da malǵa,
Jalǵız kún bolsa da xanǵa, sultanǵa,
Basımdı teńgerip óli kómdirdi.

Xalıqqa raxmet — tuwısqan, dosqa,
Qazan, tabaǵımdı toltırdı asqa,

Meni qosıp jan shığarğan turmısqa,
Qayta gúrestirip mağan jeńdirdi.

Kúnim eki jaqlap ońıw-solımnan,
Shıqtı mısal kárwan júrdi jolımnan,
Shığarıp tereńnen, tartıp qolımnan,
Yarıw-doslar bir tóbege mindirdi.

Jer astına tústi búgin qostarım,
Endi bizden ruqsat bolsın doslarım,
Maqsetke jetkerip waqtım xoshladım,
Sıylıq zatlarıńız kewlim toltırdı.

Shınargúl der xosh keldiniz ağayin,
Sizlerden jaqsını qaydan tabayın,
Búgin shad bolıp tur kewil sarayım,
Qılğan xızmetińiz meni kúldirdi.

Shınargúl el-elatına,
El-elatınıń ápkelgen,
Sıylıq zatına,
Kewli tolıp, raxmet ayttı.
Olar hám ruqsat alıp,
Úy-jaylarına qayttı.
Otız jıl otlas,
Bir qatar jıl qoslas,
Aqsham yarı bolğan,
Kúndiz qulı bolğan,
Allanğordıń ornı,
Kúndegiden góri,
Kózine basqasha kórindi.
Bunıń qostarlıq haqın,
Bir-eki awız joqlaw,
Jılaw menen bereyin dep,

Zulpların tarqatıp,
Shashların jazıp,
Ómirininń áwel-aqırınan,
Sóylep jılap turǵan qusaydı:

— Jáhánde jan bar ma sendey kúyingen,
Mudam shobıt, jarǵan penen kiyingen,
Kewlinde shashlanıp hárbir úyilgen,
Qayǵıdan kóp qırman ketti qostarım.

Mal baqtıń, qolıńda qayqı tayaǵıń,
Tilinip qırıq jarıq bolıp ayaǵın,
Qayǵıǵa qaynadı qaybir qayaǵıń,
Dalaǵa kóp dárman ketti qostarım.

Jarlılıq kóp bastı, kettiń toyınbay,
Bul jaman shatpańda bir jan soyılmay,
Hámiyshe ardabıń qaynap qoyılmay,
Suyıq bolıp jarmań ketti qostarım.

Júre almadıń shıbın jandı qıynamay,
Úzilgen jubıńdı jalǵap baylamay,
Qazanıń bir tolıp mayǵa qaynamay,
Tabaq quwrap, qırmań ketti qostarım.

Boz otawdı gúmbirletip tige almay,
Arqıratıp arbaǵa at jege almay,
Tuqım tawıp, bir qıytaq jer ege almay,
Durıs tola almay dorbań ketti qostarım.

Sendey bolıp jan barmeken tarıqqan?!
Bunı qarap kórgen bar ma tariyxtan,
Bir semirmey ólip kettiń arıqtan,
Bir tatımay sorpań ketti qostarım.

Qamıǵıp, kóz jasın tógip monshaqlap,
Óte almadım dedi dúnyada shaǵlap,
Ólerinde Arıslanjandı qushaqlap,
Qaray-qaray zordan ketti qostarım.

Ótti qaytıp atlap túspes sızıqtan,
Qutqarmas sum ájel ilgen dozaqtan,
Kelgen bar ma bunday sapar uzaqtan,
Góhiqaptan arman ketti qostarım.

Shınargúl der nawqan masaq tereyin,
Endi óz baxtımdı sınap kóreyin,
Xalqım ushın shiyrin jandı bereyin,
Allańordı umıtpańıs doslarım!

Shınargúl Arıslannıń qasına kelip, «Balam aqıllımeken, ya aqılǵa namaqulmeken, mártpeken, námártpeken, parasatlı, sabırlımeken, ya ashıwshaq, shart-shurtpeken», — dep balasın sınamaq ushın: — «Aqıl jastan shıǵadı», deytuǵın edi, balam. Waqtı pitip, áken óldi, saǵan jetimlik keldi.

Ata kásibińde mal baqpay,
Ya elden bir aǵa tappay,
Abırayıńdı sóytip jappay,
Sen qalay kún kóre alasań?

Balam, ketti miyim awıp,
Kún kórisim boldı qáwip,
Bir danıshpan dana tawıp,
Ayaǵıńa dumalasań.

Sóytpeseń baxıt keler me,
Qolınıń ushın berer me,

Quwsań sağan jetkerer me,
Uslatar ma qamalasań?

Tez erjetip kámalıńa,
Salsań bir názer halıma,
Qalmay balam obalıma,
Kemshilikti quwalasań.

Kewlimde tawsılmas qumar,
Tarqap, otım dúziw janar,
Bolıp balam iske qardar,
Miynetińdi panalasań.

Shınargúl der boldım ğárip,
Ayağımda sansız jarıq,
Qıstan shıqpas men bir arıq,
Jortarman ba sabalasań.

Shınargúl balasına qarap,
Sózin tamam etti.
Bul sózler Arıslannıń,
Jeti júyresinen ótti.

— «Áy ana, meniń, ákemniń, qullıqta júrip, mal baqqan kásibi qurısın, onday mal bağıw jumıs, óziniń jayına tursın. Jańa shıqtım on tórtke. Balań tolısıp kámalına kelsin, dúnyada talap kóp, qaysısı mağan gez keledi, onı meniń baxtım bilsin», — dep anasınıń sózine, juwap qaytarıp bir sóz dedi:

— Qayğı menen qapalanba,
Jesirmen dep japalanba,
Iplas pikirge talanba,
Aq sút bergen mehribanım.

Sizge men ádep saqlayman,
Emgen sútimdi aqlayman,
Qullıqta men mal baqpayman,
Qurısın meniń ata kárim.

Seniń perzentiń — men hadal,
Joq bolsa da kóp dúnya-mal,
Kewlimde bar júz-mıń qıyal,
Aytsam ana sóz tiykarın.

Qıyalım ketip hár jerge,
Bólinip tur neshe túrge,
Basıńız kirgenshe górge,
Qádirleymen anajanım.

Súmbil shash, sáwer yar bolsa,
Jolımda intizar bolsa,
Astımda meniń bar bolsa,
Alpamıstay bayshubarım.

Atı shıqqan palwan bolsam,
Bir sayalı nárwan bolsam,
Kúnde júz túr álwan dónsem,
Alǵa ósip bir qumarım.

Qonsa qonaq on-on besten,
Hár kún sayın kelip túsken,
Barlıq dáskem soǵan kóshken,
Bolsa sonday ǵirdikárim.

Sapar shıqsam basshılıqqa,
Elge qaytsam qosshılıqqa,
Hám suhbatlas sazshılıqqa,
Bolsa meniń ulpikárim.

Keldi jigitlik samalı,
Barmaqlarım tar xanalı,
Ala moynaq sharxanalı,
Bolsa meniń saz duwtarım.

Samawrında shay qaynasa,
Qazanımda may qaynasa,
Sendey kempirler jaynasa,
Balań bolıp mádatkarıń.

Arıslan der aytar sózim kóp,
Keshiriń bolsam biyádep,
Xızmet buyırsań xosh ájep,
Anam sende ıqtiyarım.

Shınargúl balasınıń sózin tıńlap, túrli qıyalǵa ketkenin ańlap: «Balam nátiyjesiz bolmas», — dep quwanıshlı túrde, Arıslanǵa qarap: — «Balam, ashshını hám tattıq, dushshını hám tattıq, qansha kúnler tamaq tappay, jılap jattıq. Neshshe suwlarǵa mantıǵıp, neshe ılaylarǵa battıq», — dep Shınargúl qádir biliw menen qádir bilmewden gáp urıp sóylep turıptı:

— Japanı shekpegen ashıq,
Sapanıń qádirin bilmes,
Zimistan kórmegen búlbil,
Báhárdiń qádirin bilmes.

Is buyırsa xosh jaqpaǵan,
Ózin sayada saqlaǵan,
Miynet penen ot jaqpaǵan,
As, nannıń qádirin bilmes.

Malı-dúnyasın giznegen,
Ózin maqtap kóp sózlegen,
Biytanıs jerdi gezbegen,
Miymannıń qádirin bilmes.

Górqaw bar nápsin tıymaǵan,
Ishse tamaqqa toymaǵan,
Óz qolı menen jıymaǵan,
Dúnyanıń qádirin bilmes.

Mańlayına túk pitpegen,
Shúlliklep aǵash ekpegen,
Qolı menen kógertpegen,
Miywanıń qádirin bilmes.

El gezgendi er demegen,
Kirip barsa kel demegen,
Jáziyrada shóllemegen,
Sharaptıń qádirin bilmes.

Miynet palın bilmegenler,
Májilisti bir kórmegenler,
Bası topqa kirmegenler,
Azamat qádirin bilmes.

Jawın bolsa el qıslaǵan,
Sárdar bolsa tuw uslaǵan,
Hayta-haytqa at qospaǵan,
Qanazat qádirin bilmes.

Yar jolında jan qıynamay,
Moynına zulpın baylamay,

Opasız benen oynamay,
Periyzat qádirin bilmes.

Baha bermey aq-qaraǵa,
Túspey, qarańǵı jıraǵa,
Mútáj bolmay tas shıraǵa,
Gáwhardıń qádirin bilmes.

Dushpan qamap, bolsa urıs,
Urısta mártke ne turıs,
Kespey qalmaǵansha qılısh,
Jáwhardıń qádirin bilmes.

Keń sawashqa túspegenshe,
Etikli suw keshpegenshe,
Jawdıń basın kespegenshe,
Erliktiń qádirin bilmes.

Sharwashılıq oylamaǵan,
Qızılqumdı jaylamagan,
Qarakóldi jıynamaǵan,
Qoshqardıń qádirin bilmes.

Kózim salsam qaybir qusqa,
Qustan qustıń túri basqa,
Tarlan salmay ótken bosqa,
Suńqardıń qádirin bilmes.

Jılqınıń minseń bári at,
Adamnıń bári azamat,
Báygige qospay qanazat,
Tulpardıń qádirin bilmes.

Shınargúl der sózim tamam,
Balam saw bol, esen-aman,

Bárinen joqshılıq jaman,
Shekpegen záhárini bilmes.

Shınargúl balasına,
Qádir-qımbat sózlerin,
Bir qatar bayan etti.
Arıslan bul sózlerdi,
Esitip bolıp oylandı.
«Meniń anamnıń,
Kewli tolı dana eken,
Awzı tolı sana eken,
Kempir balanıń qıslawı degendey,
Qayerlerde júrsem de,
Bir basıma pana eken.
Ózim awılda joq waqtımda,
Jıyǵandı jawǵa bermestey,
Úyime dushpan kelmestey,
Temir qorǵanlı qala eken.
Meniń oylap júrgen oyımnıń,
Barlıǵı da shala eken.
Dep tulpardan, suńqardan,
Gáwhardan, jáwhardan,
Alıp aytqan sóz mısallarına,
Anasınıń kewlin bólip, sóyledi:

— Anajan, betimdi jelpip bir samal,
Keselep aldımnan ótip turıptı.
Kewlimniń xanasın alıp bir qıyal,
Bar tula boyımdı tutıp turıptı.

Baylar xızmetinde arba aydadım,
Jete almadım men shetine paydanıń,
Zorǵa ótkerdim balalıqtıń maydanın,
Jigitlik kámalı jetip turıptı.

Kemshilikti kóp kórip-em men jastan,
Jáne jetimlikti ótkerdim bastan,
Júgim awır edi qırıq batpan tastan,
Sol búgin iynimnen túsip turıptı.

Ana, toy-tamasha meniń háwesim,
Háwes eter kewlim búlbil namasın,
Baǵlarda seyil etip dártim-dawasın,
Tapsam dep ıqlasım ketip turıptı.

Kewlime bir mısal meniń kelip tur,
Bir qanjar ishimde bawırım tilip tur,
Aqıldıń qaltasın jırtıp ilip tur,
Bir ushı júrekke ótip turıptı.

Jalınlay shıǵadı ishten háwirim,
Lárzem alıp ezilip tur bawırım,
Tabalmadım dártke dawa táwirin,
Ómirim aqırın ótip turıptı.

Arıslan der qıdırsam baǵ arasına,
Dárt keter me qonsam gúl shaqasına,
Bir sáwer yar tawıp barsam qasına,
Shın kewlim tap sonı kútip turıptı.

Shınargúl balasınıń qıyalın,
Sózinen tanıp bildi de,
Mıyıǵın tartıp kúldi de,
Úsh ret súyip aynaldı,
Balanıń diydar-jamalın,
Jarması suyıq jarlı ediń,
Tar bolıp tur balam, zamanıń.
Jantarma bolıp soqpaǵın,
Taymaǵaydaǵı tabanıń.

Jaslıq penen jetimlik,
Qarsı kelip jan balam,
Ósip ediń búklenip.
Bawırıńdı jaza almay,
Shıǵanaǵıń tartılıp,
Qollarıńdı soza almay,
Ballar menen jarısta,
Qısqa jip kelmey gúrmewge,
Neshe sapar jıladıń,
Qatarıńnan oza almay.
Qullıq penen jetimlik,
Sırtıńnan qalıń tor boldı,
Biz júrdik sonı buza almay,
Ketemiz be dúnyada,
Sol turmıstan beze almay.
Kórmedik bolıp biz balam,
Jer-jáhándi geze almay.
Qárejet tawıp bereyin,
Qız-jigittiń aldında,
Ornıńdı tawıp otırsań,
Uyalmay balam, qızarmay.
Jigitliktiń maydanı,
Sapırıp ótseń uzaq jol,
Saǵan aytar sózim sol,
Men de bolsam qartaydım,
Kóp júrme bala qız almay.
Xojalıqtıń jılawın,
Ózim-aq endi uslayın,
Bersem de bastı girewge,
Kiyimińdi durıslayın.
Qatarıńa qosıwǵa,
Basıńdı seniń boslayın.
Kelegińdi ayta ber,
Ne deseń de qashpayın.

Allanǵordıń tusında,
Qolı tartıq quw qazan,
Atanǵan bolsam eger de,
Endi onı taslayın.
Qolımdı jazıp, kewlimdi,
Qaqpa túpke baslayın,
Dep Shınargúl balasına,
Bir qatar kiyim-kenshek aldı,
Tapqan bar qárejetin,
Balasınıń qaltasına saldı.
Balamnıń óz qatarı ǵoy dep,
Shınargúl paqır qaydan bilsin,
Biypárwa, biyqayǵı,
Biydáwlet, qumarpaz,
Pálek urǵan, zım-zıya zıp berdi,
Bir jigitke balasınıń basın qostı,
Balası burın, azanda ketip,
Keshte keletuǵın bolsa,
Endi háptede,
On kúnde, on bes kúnde,
Bálki jigirma kún, bir ayda,
Zorǵa bir kórinetuǵın boldı,
Sol taqılette aradan,
Bir yarım jıl ótti.
Shınargúl eshegin jetelep,
Eshkisin baǵıp júrip,
Bir kúni keshke úyine kelse,
Beldewge baylaǵan,
Kóp ılaqtıń birewi haram ólipti.
Ashıp kirse úyine,
Keregeniń basında turǵan,
Bir gúze qatıǵı,
Jerge túsip ketipti.
Gúzeniń erneginiń de,

Bir qarıstay jeri ushıp ketipti,
Bar qatıǵı tógilip,
Bosaǵadan iyt kirip,
Jalap-juqlap iship ketipti.
Shınargúl úyge kelsem,
Dúzim joq,
Dúzge ketsem úyim joq,
Kelin alıp jumsawǵa,
Qattı-kúshli kúyim joq,
Kórindi Arıslannıń qarası,
Kempirdiń jalǵız balası,
Balasına qaradı.
Qolınan uslap aladı,
Ózine ne kerek ekenligin,
Balasına bir-bir bayan qıladı:

— Men aytayın, balam sizge ótinip,
Ómirimniń dawamı keldi jetilip,
Otız tisim on bes jerden ketilip,
Durıslap ishe almadım bir náhár, balam.

Balam, shashılıp júr kewlimniń jámi,
Ǵarrılıq bir kesel, joq eken emi,
Awzıma pal salsam bilinbes dámi,
Hasla mazası joq bir záhár, balam.

Jalǵız ózim ot basına sıymasam,
Men kelinsiz ǵarrı jandı qıynasam,
Men seniń pushtıńnan aqlıq súymesem,
Kóklemegen men de bir báhár, balam.

Qáddim búgilip júr boyım jazalmay,
Bir adımım bir adımnan ozalmay,

Tánim jannan, janım tánnen beze almay,
Sarayım saatsız boldı tar, balam.

Tárbiyalap úy-xojalıq baqpaǵa,
Bir tilekte, bir tósekte jatpaǵa,
Miyriń qanıp súyer ul-qız tappaǵa,
Jigit jarasıǵı sáwer yar, balam.

Sen júripseń sayran etip toy-toylap,
Paydasız qızlarǵa baxtıńdı baylap,
Men júrsem bir shiyrin janımdı qıynap,
Bolmay ma bul saǵan namıs-ar, balam.

Ara berip aq júzińe, jurtıńa,
Atlanıp bar balam, dayı jurtıńa,
Qızbay qalmas sımbatıńa-turqıńa,
Kórgen qızlar saǵan qarıydar, balam.

Peshanası jazıq bolsa aybatlı,
Isten qaytpaytuǵın bolsa ǵayratlı,
Júzinen nur tamǵan sulıw sımbatlı,
Sonday atı shıqqan qızǵa bar, balam.

Balam, jaqsı kórsin tuwılǵan elin,
Xalıqqa xızmet qılsın ul hám qız, kelin.
Yar tutsań aqıllı, márt bolsın ulım,
Erligi dástanǵa barabar, balam.

Shınarǵúlder ayttım sózdiń dawamın,
Tezirek, qaytar balam, bizge juwabın,
Arqalama kempirinniń obalın,
Kempiriń kelinge ahıw-zar, balam.

Arıslan ornınan turıp,
Sóz haslına túsinip,
Anasına qaradı.
Biyádeplik qıldım dep,
Ózinen-ózi qısınıp
Ishi ottay janadı.
Xojalıqqa qaramay,
Kempirden hal soramay,
Júrgen bolsa qanshama,
Esine alıp sóyerin,
Aqmaqlıqqa sanadı.
Biziki mánzúr ana dep,
Keń saraylı kewilden,
Ne maqsetiń bar bolsa,
Orınlayman jáne dep,
Kóp tereńnen oyladı.
Aqıldıń altın qabınan,
Ádeptiń artıq babınan,
Marjanday bolıp dizilgen,
Hasıl sózdiń káninen,
Anasına sóyledi:

— Anajan, men endi ne maqset bolsa,
Bararman qayerde periyzat bolsa,
Seniń kewliń qay nársege shad bolsa,
Orınlawǵa talap etermen endi.

Ońǵa aylansa talap etken saparım,
Tarqatarman seniń barlıq qumarıń,
Qayda atı shıqqan qızdıń xabarın,
Esitsem irkilmey ketermen endi.

Qoynı «jánnet» kibi báhár paslınıń,
Moyılday taralǵan súmbil shashlınıń,

Kózi qumarlanǵan qıya qaslımń,
Bir-birlep aldınan ótermen endi.

Kewlińdi jiberme qıysıq qıyaǵa,
Keshikpey kelerseń ana góyaǵa,
Basıma bas qosıp qonsam uyaǵa,
Seniń muradıńa jetermen endi.

Baha qoyıp seniń aytqan sózińe,
Qaray almay turman seniń júzińe,
Jaqsı sózler talap etip ózime,
Men sizden kóp alǵıs kútermen endi.

Qızǵa beriw ushın malım bolmasa,
Malsız qız alıwǵa zalım qılmasa,
Dasturxanda zıyat nanım bolmasa,
Men xalıqqa beriwge netermen endi.

Atım Arıslan sózim qáte bolmasın,
Men ana jolıńda pidá bir basım,
Bir kelin jumsatsam degen ıqlasım,
Men soǵan kún-kúnnen betermen endi.

Arıslan anasına qarap,
Eki qolın qawsırıp,
Alǵıs penen ruqsat sorap,
Ádep penen tik turıp,
Turǵanında balası,
Ruqsat etti anası,
«Jolıń bolsın bar, balam,
Baxıth bol, saw bol dep,
Tilegińde men anań.
Jetermen dep otırman,
Kelin menen aqlıqqa.

Táwir qız tapsań sen, balam,
Malım joq dep hawlıqpa.
Sen hawlıqsań men balam,
Qayǵırmay neǵıp shıdarman,
Qosaǵınan ayırılıp,
Jalǵız qalǵan Shınarman.
Tárbiyalap ósirip,
Bir shaqam ediń shıǵarǵan.
Aq kiymeshek kiymege,
Appaq aqlıq súymege,
Balam, sonday qumarman.
Qumarpazǵa bas qosıp,
Kóbirek balam, keshiktiń,
Balası bar Shınardıń,
Rústem menen Dástanday,
Sonnan kelgen kempiri,
Kelini joq, aqlıq joq,
Neǵıp otır mástanday.
Degen sózler esittim,
Qız ayttırıp ketерseń,
Qızı bar úyge jeterseń,
Saylap al dep aytaman,
Qosıwı biler nesiptiń.
Xalıq ishinde qızlar kóp,
Neshshe túrge bóliner,
Bir túri bar qızlardıń,
Altı barıp, bes qaytıp,
Talayın kórgen esiktiń,
Saqlan balam, solardan,
Keltirip kesir ómirine,
Óziniń baxtın tuwarǵan,
Solardan balam, úylenseń,
Shıǵalmaysań qumardan».

Dep balasına qarap,
Shınargúl sóylep turıptı.

— Bir násiyat bizden, balam,
Qulaq salıw sizden, balam,
Nesip tartsa duzdan balam,
Kelmey qalmas Sahıpjamal.

Xalıqta qız kóp qatar-qatar,
Birewin nesiybe tartar,
Bilmeymen bizden kim duz tatar,
Gúljamal ma, Biybijamal.

Kóp qıdır balam, erinbe,
Kóringen qızǵa berilme,
Sabırlı bol, kóterilme,
Qızlarda kóp qızıl samal.

Ústińnen gúze sındırıp,
Óz abırayıńdı kómdirip,
Sóz ornına mush dóndirip,
Tawıp júrme qattı malal.

Otırıspaǵa barǵanıńda,
Qızǵa hámdam bolǵanıńda,
Bir kese shay alǵanıńda,
Jumsaq sózli bol biymalal.

Xalqıńa jaman, sóz bolma,
Tom-torıs suwıq muz bolma,
Kóp sóylep jaǵımsız bolma,
Perzentim bolsań sen hadal.

Orınsız jerge at salıp,
Átirapıńdı dushpan alıp,

Bir basıń, ortada qalıp,
Bolıp júrme tastay qamal.

Jolama balam buzıqqa,
Ózińdi tar jerge tıqpa,
Sırtı sulıwǵa qızıqpa,
Kóp sıǵalap kózińdi sal.

Jarlıman dep bara almasań,
Barar jolın tabalmasań,
Baydıń qızın alalmasań,
Jarlı qızınıń aqılın al.

Sımbatlı, hawalı bolsa,
Tilleri nawalı bolsa,
Sózleri mazalı bolsa,
Kóp jalbarıp júzińdi sal.

Qız kóp balam, neshe túrli,
Bári birdey emes gúlli,
Bir záhár shóp ashshı tilli,
Oǵan sırttan kózińdi sal.

Teńin tappay ishi kúygen,
Tas tóbege shashın túygen,
Azatlıqtıń jolın súygen,
Basıńdı ber, sol qızdı al.

Erkin zaman dep tilegi,
Sháwkildep tursa júregi,
Jumırı polat aq bilegi,
Durıs joldasıń seniń hadal.

Shınargúl der sózim tamam,
Tileklesiń ǵárip anań,

Sonday qızlar tapsań balam,
Bazarına ózińdi sal.

Sol waqtağı zamanda,
Baydıń qızı qırıq qara,
Jarlınıń qızı on qara,
Sol eki ortada,
Qızdıń qalıńı júretuğın edi.
Arıslan qulaq tutıp tıńladı,
Anasınıń sózlerin.
Qız alıwğa mal tappay,
Jasartıp eki kózlerin.
Zapıranday sarğaytıp,
Aydan arıw júzlerin,
Anasına sóyledi:

— Kóp jasağan anamsań,
Kópti kórgen danamsań,
Uzın-qısqa sapardan,
Men aylanıp kelgenshe,
Belgili paqırxanamsań.
Kemshilik aytıp sóyleymen,
Kóp emes malım, pulım joq,
Úylenbesem kúnim joq,
Kelispese talabım,
Miynettiń bári seniki,
Ólgenshe sağan tınım joq.
Mereke, májilis bolğanda,
Basımdı qossam qatarğa,
Jigitlikten minim joq,
Jarlılıq basta turğanda,
Sánim túwe sınım joq.
Keltiriwge sánimdi,
Jekkeligim tağı bar,

Aǵa menen inim joq.
Úylenbey sirá qalarman,
Degen meniń kewlim joq.
Násiyat aytıp sen maǵan,
Qızlı awılǵa bar deyseń,
Aralap júrip birewin,
Ishinen saylap al deyseń,
Jaman qızdan boyıńdı,
Awlaǵıraq sal deyseń.
Qızlardıń parqın ayırıp,
Bir neshe túri bar deyseń.
Qoradaǵı eshkińdi,
Eshekti qosıp kewlińe,
Onı da ana mal deyseń.
Anajan qızdı alıwǵa,
Elli tuwar mal kerek.
Dasturxanǵa salıwǵa,
Yaǵlı pátir nan kerek.
Sol pátirge ılayıq,
Jaya menen jal kerek.
Sherbet qosıp iylegen,
Shiyrin-sheker pal kerek.
Bulardıń bárin tabıwǵa,
Abırayıńdı jabıwǵa,
Qattı-kúshli hal kerek.
Qayaǵına jetedi,
Bir eshki menen eshegim.
Ańsat emes úylenbek,
Oylanıp kór kempirim,
Tabarman qalay esebin.
Ala almaydı qızdı dep,
Sırtımızdan aytılǵan,
Esitip júr qulaǵım,
Dushpannıń kúshli ósegin.

Bazarǵa satsam aparıp,
Jalǵız qara bolmaydı,
Barlıq kórpe-tósegim.
Dep Arıslan anasına qarap,
Bir sóz deydi.

— Ala almasam ana bir qızdı saylap,
Júrmesem moynına qol salıp oynap,
Dárt tolısıp keter ishimdi jaylap,
Neǵıp tegislener kewlim alası.

Qızlı úyge barsam balam kel deydi,
Qız ayttırsam elli tuwar ber deydi,
Eliw tilla el jigiti jer deydi,
Soǵan buzılıp júr kewlim qalası.

Qaslarına qara maqpal oyǵanday,
Ishpey-jemey diydarına toyǵanday,
Sımbat qanday, ǵayrat qanday, boy qanday,
Ana, qız kóp Gúlayımday shaması.

Bir qız qol bılǵasa bermaǵan kel dep,
Búlbilim bol, men saǵan qızıl gúl dep,
Hallas urıp, alǵa qarap sháwkildep,
Tolıp ketpespedi júrekxanası.

Mal bolmasa ya úyińde hasıl zat,
Sayran etip kóp júre almas adamzat,
Qızıl til gúrmelmey qalsa azamat,
Lapızlı, jaǵımlı shıqpas sanası.

Sayray almay tursa qápeste búlbil,
Ashıla almay tursa baqshada bir gúl,
Kewil sandıq, ashalmasa qızıl til,
Bilinbeydi xalıqqa adam danası.

Muradıma jetpey kewlim tasar ma,
Malsız jigit súygen yarın qushar ma,
Tomaǵası menen suńqar ushar ma,
Qarshıǵa, iytelgi qustıń balası.

Qashaǵan tar jerge tıǵılǵan waqta,
Say keshiwge tayıp jıǵılǵan waqta,
Ǵosh jigit jol tappay qısılǵan waqta,
Ayıp emes aqıl berse anası.

Ana elli tuwar qızdıń qalıńı,
Biz qaydan tabarmız qalıń malını,
Júregimdi shalsa ıshqı jalını,
Bolar eken bunıń qanday sharası?

Malsız qız ayttırsam maǵan tiymeydi,
Aqılsız qız malı joqtı súymeydi,
Anam qaysı dawa menen kúymeydi,
Ne menen jazılar ishim jarası?

Kim bilsin jarlınıń arzan-qımbatın,
Kórdim talay qızdıń sulıw sımbatın,
Dańqım kóterilip, shıqpasa atım,
Tapsam da tiymeydi qızdıń seresi.

Qız alayın desem malım jetpese,
Almasam kewlimnen qayǵı ketpese,
Ey, anajan, maqset-murat pitpese,
Sarǵayıp ketpey me kózdiń qarası.

Qashan ilinermen esapta-sanǵa,
Kim qolın beredi bul biziń halǵa,
Eliw tilla menen qırıq tuwar malǵa,
Tolmasa bermeydi qızdıń qorası.

Arıslan der: bolıs bar, aqsaqal jáne,
Qay qızdı alar dep sorap júr meni,
Qızlar erge tiyse jamılar tonı,
Eki sıyır eken ayırım parası.

Shınargúl balasınıń sózlerin,
Esitip bolǵannan keyin,
Teńlik zamanǵa deyin,
Xalıq kózin asha almas.
Zalımlardıń zulımınan,
Jarlı xalıq qız ala almas,
Sonıń ushın jan balam,
Xalıq penen birge aralas.
Xalıq quwanıp qarsı alar:
Ayamas sennen dúnya-mal,
Beredi járdem aǵayin,
Tabadı xalıq esabın,
Qıslawıńdı baǵayın,
Tilekles bolıp men saǵan,
Aqshamı, kúndiz jolıńa,
Intizar bolıp qarayın.
Degen waqta Shınargúl,
Arıslan turıp sóyledi:
— Aynalayın, anajan,
Kóp túlegen suńqarsań,
Men sennen shıqqan palapan,
Úydiń ishin ońǵarsań,
Uyadan shıǵıp usharman,
Qolıma alıp sazımdı,
Tilge sheshen, sheber sóz,
Shayırlıq penen sóz tawıp,
Jigitke aǵa bolǵanday,
Birewge bastı qosarman,
Mereke-májilis bar jerde,

Uqıp penen is qılıp,
Aqıl menen sóz tawıp,
Qızlardıń jolın tosarman.
Esikke qırın sıyǵanday,
Bir sáwer yar qusharman.
Dep bar kiyimin kiyinip,
Shayırlıqqa yosh berip,
Kewline waqtı xosh enip,
Úyden shıǵıp ketedi,
Taspolattıń awılına,
Kún batqanda jetedi.
Sol awılda bar edi,
Azat degen bir jigit,
Xalıq ushın tuwǵan nar edi,
Arıslandı tanımasa da,
Sol jigittiń sırtınan,
Arıslan xabardar edi.
Astına saylas at túsip,
Topqa kirse bir ózi,
Alpamıstay bar edi,
Ullı bayram, toylarda,
Sheshinip tússe ortaǵa,
Jıǵıp bolıp bir ondı,
Jáne palwan bar ma dep,
Taǵı da pát qumar edi.
Shanı-sháwket qosılıp,
Sazı-sáwbet gez kelse,
Otırıspanıń gúli edi,
Duwtarlarǵa tar edi.
Esitken qızlar ataǵın,
Diydarına qanbay-aq,
Sırtınan sáwer yar edi.
Jas kúninen kámalǵa,
Kelgeninshe jarlı edi.

Dúnyaǵa kelip mal pitpey,
Júrgeni ushın kewline,
Qattı namıs-arlı edi.
Jigirma bes jasında,
Shashınan kóp qarızlanıp,
Bir qız tawıp alıp edi.
Qarızınan qutıla almay,
Eki sıyırı qalıp edi.
Mal bermey qız alǵanday,
Jarlıǵa teńlik bolǵanday,
Bolar ma dep bir zaman,
Qaraqalpaqtan izlenip,
Bilgishlerden soranǵan,
Ámiwdiń eki boyınan,
Saǵası Pamir, ayaǵı,
Ashshı teńiz Araldan.
Qáhári kelse Azattıń,
Nar túyedey jaranǵan,
Bilekke kúshi jıynalıp,
Basqa waqta boyına,
Múshelerge taralǵan.
Eki murtı aylanıp,
Qulaqqa bir-bir oralǵan.
Kórmegen qızlar bir kórse,
Ayıbı jarlı eken dep,
Bizlerdi alarmeken dep,
Talay qızlar sılanıp,
Talay qızlar taranǵan.
Úylenbesten burınıraq,
Almay turıp hayalın,
Sarp urıp qızdı izlegen.
Jarlıman dep oylamay,
Ál-hawanı gózlegen,
Qız jigitti kórgende,

Otırıspağa kirgende,
Bawırıńdı eritip,
Sarı mayday sóylegen.
Qaraqalpaq elinde,
Atağı shıqqan jerinde,
Quwıs-qoltıq bolmasa,
Qızı bar ma kórmegen.
Mıyığın tartıp nur tamğan,
Kúle shıray júz benen,
Tógilme kirpik tayaqtay,
Qumarlanğan kóz benen.
Arıslannıń kórip bet-álpin,
Sóyles bala biz benen,
Dep Azat Arıslanğa qarap:
Qayğı menen qapadan,
Jábir menen japadan,
Bos emesseń ğoy bala dep.
Arıslannıń reńki-shırayınan,
Tanıp, Azat bir sóz deydi:
— Jańa kelgen kámalına,
Sarğısh engen jamalına,
Kim qaldı eken obalıńa,
Jábir kórgen balamısań?

Kemisiń joq boylarıńda,
Ne bar seniń oylarıńda,
Sarhawızdıń boylarında,
Gúlin tergen balamısań?

Qızarğan kórse umtılğan,
Qızlardı kórse jutınğan,
Juwap aytısıp utılğan,
Sóyler sózge shalamısań?

Qayǵısı kóp, qapası bar,
Jábiri kóp, japası bar,
Basta awır sawdası bar,
Sharası joq balamısań?

Xan aldında ayıplanǵan?
Qanlı darǵa qayımlanǵan,
Ólimge durıs tayınlanǵan,
Ilajı joq balamısań?

Aytılǵan arzı pitpegen,
Sozǵan jerge qol jetpegen,
Heshbir griyadan ótpegen,
Bosqa júrgen balamısań?

Suńqarǵa aw aldıra almay,
Gúlge búlbil qondıra almay,
Hesh maqsetin boldıra almay,
Kúyip júrgen balamısań?

Ata-anań bar ma seniń,
Birge tuwǵan aǵań-iniń,
Ya qarap pa kórgen kúniń,
Jal-quyrıqsız balamısań?

Ar-namısqa qızarsań ba,
Jawdıń tobın buzarsań ba,
Kóp jarısta ozarsań ba,
Ya shúykildep qalamısań?

Awır jumısqa shatasqan,
Qoldan ketip baǵı-bostan,
Tarlıq qılıp jer hám aspan,
Janıp júrgen balamısań?

Sen tarıqtıń qaysı awhaldan,
Jolıń tar ma jalǵız qıldan,
Ya ayırılıp es-aqıldan,
Tanıp júrgen balamısań?

Joldasıń joq ǵoy qasıńda,
Qanday sawda bar basıńda,
Ákeń ólip bes jasıńda,
Jetim qalǵan balamısań?

Kempiriń jesir qaldı ma,
Baǵ-dáwletiń taysaldı ma,
Basshı bolsam men aldıńa,
Aytqan tilim alamısań?

Qorańda qanday malıń bar,
Mashuq tuttıń ba qarıydar,
Kerek bolsa sáwgili yar,
Tawıp bersem alamısań?

Azat aytar sózim qalıs,
Durıslap bala bizge tanıs,
Qaydan keldiń, qayda barıs,
Bizge joldas bolamısań?

Azat bul sózdi aytıp,
Bolǵannan keyin Arıslan ayttı:
Qulaq salsań, Azat aǵa,
Juwap bersem áwelbastan,
Ákemniń atı Allanǵor,
Sorasań óz atım Arıslan,
Anamnıń atı Shınargúl,
Ómir boyınsha miyneti,
Qalıń bolǵan qara tastan.
Miynet penen aǵarmaǵan,
Jalǵız qıl joq saqal, shashtan.

Sonday qalıń miynet penen,
Qırıq bes penen eliw jıldı,
Ekewi ótkerdi bastan.
Úsh jıl boldı, ákem óldi,
Sol miynetti jazdırmastan,
Ákemdi kómer waqtında,
Kómek boldı talay dostan.
Anam meniń jesir bolıp,
Jetimlik maǵan kesir bolıp,
Awır boldı jazım qıstan.
On segizge jana keldim,
Jetim qalıp on tórt jastan.
Kimde qıyın súrgin sawda,
Bolsa eger Azat aǵa,
Óte almaydı biziń bastan.
Qattı ótip júr janıma,
Kelgen waqta kámalıma,
Bolar ma dep gúl-gúlistan.
Izlep júrmen japa shegip,
Sáyir etkendey baǵı-bostan.
Tap ózińdey birew kerek,
Qayǵırǵanday bir tuwısqan,
Aqıl berseń Azat aǵa,
Shıqpas edim men uwıstan,
Dep Arıslan Azatqa qarap,
Bir sóz dep turıptı:

— Azat aǵa, qulaǵıń sal sózime,
Bir ısıq kórindiń meniń kózime,
Sarǵısh enipti dep ayttıń júzime,
Aytqanıń durıs, kemelip júr mádarım.

Ákem ómirinshe mal baqqan eken,
Tórden orın tiymey ot jaqqan eken,

«Túyeniń ústinde iyt qapqan» eken,
Men aytsam ákemniń ómirbayanın.

Ákem ólip men tabalmay dúnya-mal,
Haramnan pıshıq joq, tawıqtan hadal,
Kewlimdi kóp qaplap qayǵılı samal,
Doslarım kóterdi barlıq zıyanın.

Qaldım bir bálege hár jıl salıqtan,
Anam qaytarıp júr iyrip shanıqtan,
Bir inińmen zır juwırıp shalıqqan,
Azat aǵam, aytsam sol meniń halım.

Kemlik, tarlıq, qorlıq — úshew joldasım,
Qutıla almay júrmen aǵa, bir basım,
Qayǵım kóp, qalıńıp boldı qorǵasın,
Qáddimdi búktirip qurttı dimarım.

Hesh arzım pitpeydi aytarlıq penen,
Anam jılap otır kóp zarlıq penen,
Meniń qáddim jasım kemtarlıq penen,
Áyne on segizge keldi kámalım.

Keneges penen Mańǵıttan.
Qıtay menen Qıpshaqtan,
Shúllik penen Jawıngır,
Qaraqalpaq eli edi.
Neshe sapar Azattıń,
Aralap júrgen jeri edi.
Atı shıqqan qızlardıń,
Birazın Azat biledi.
Burıngı kórgen qızlarǵa,
Arıslandı ertip keledi.
Ózleri payıw-piyada,

Ústi-basın shań basıp,
Talay qızdıń úyine,
Ádep penen kiredi.
Bilimsiz qızlar bulardı,
Sımbatına qaramay,
Qız ayttırıp piyada,
Júrgenine kúledi.
Bilimli qızlar bulardı,
Ayıbı jarlı qusaydı,
Naǵız jigit eken dep,
Ishinen tanıp biledi.
Kórgen qızdıń bári de,
Uzın-qısqa keledi.
Azat ayttı bir kúni,
Qızlardıń bunday kópligi,
Átteń maldıń joqlıǵı,
Kewline aldı qapalıq,
Qız ayttırıp piyada,
Kóp shekti jábir-japalıq.
Esim menen Kókózek,
Quwanıshjarma, Dáwqara,
Axunjap penen Úsenjap,
Shoqarıq penen Jalpaqjap,
Kegeyli menen Tazǵara,
Tallıq, Náwpir, Iytqırı,
Shaǵırlı menen Qusxana,
Aral teńiz, Aqdárya,
Moynaq, Qońırat, Qosqala,
Shımbay, Nókis, Ámiwdi.
Jaǵalaǵan bes qala.
Malı joq dep qız tiymey,
Úsh ayda zorǵa aylanıp,
Awılǵa keldi bosǵana.

Azattıń Arıslanǵa «qız alıp beremen» degen sózi, dúnyanıń kemliginen, zamannıń tarlıǵınan, jalǵan shegip Azat jer bawırlap, «kúydim seniń dártińnen» dep, dúnyaǵa keyip, dúnyaǵa ókpelep aytqan sózi:

Dúnya seniń neshe túrli peyliń bar,
Kelseń kúlip, ketseń jılar keyniń bar,
Bay-jarlıǵa eki bólek oynıń bar,
Oyın oynamaǵa sheber dúnyasań.

Birewlerdi aldap qurılıs qaqtırıp,
Birewlerge ashshı-dushshı tarttırıp,
Nátiyjesiz miynetlerin arttırıp,
Jandı qıynamaǵa qumar dúnyasań.

Birewdiń ishine túyin túyeseń,
Birewlerge sheshilmestey shiyeseń,
Birewge naqma-naq bolıp tiyeseń,
Tarlı shubarlanǵan ala dúnyasań.

Birewlerdiń atızına egilip,
Birewlerdiń arbasına jegilip,
Birewlerge kelip qaytıp tógilip,
Basqan iziń seniń shala dúnyasań.

Geybirewdiń qorasına tolasań,
Geybirewge baxıt bolıp qonasań,
Birewdiń mańlayın qırshıp jonasań,
Bir tártip kórmegen bala dúnyasań.

Birewge dushshısań, birewge duzday,
Birewge ıp-ıssı, birewge muzday,
Xalıqqa sırtıń sulıw sazlanǵan qızday,
Kewil súygenine jora dúnyasań.

## EKINSHI BAP

Endigi sózdi,
Ámiwdáryanıń jaǵasında,
Qırantawınıń átirapında,
Qorası qoyǵa tolı,
Qaltası pulǵa tolı,
Abıray-qáteresine qaraǵanda,
Hár jerge jetetuǵın sozǵan qolı.
Jılqısı júz, sıyırı bir júz elli,
Bir basına qarap turǵan,
On-on bes bar seńseń tonı,
Tolıbay degen bar edi.
Qorıqqan adamı bolmasa,
Basqaǵa peyli tar edi.
Bir balası bar edi,
Óttey úpik sarı edi,
Ózi jılan qabırǵa.
Jáne serke san edi,
Bay balası demeseń,
Áytewir tiri jan edi.
Eńbeklep júrgen waǵında,
Bet aldınan otqa jıǵılıp kúyip,
Qıysaytıp ketip oń kózin,
Bir bettiń almasın tartıp edi,
Qızıp oynap júrgeninde,
Ishetuǵını qaymaq penen qatıq edi,
Sonnan sebep bolıp, kesel tawıp,
Murnı kese belden batıp edi.
Onday balanıń shırayı,
Qayaǵında bolsın,
Ózi áljuwaz jatıq edi.
«Jaman iyttiń atın,
Bóribasar qoyadı» degendey,

Tolıbaydıń balasına qoyǵan,
Atı Artıq edi.
Tolıbay ózindey baylar menen,
Quda bolıw ushın,
Uzaq-jaqın jerlerge,
Qız ayttırıp, jawshı jiberse, «Onıń
balasına qızımızdı bermeymiz» dep,
Jawshılarıń ermek qılıp jiberetuǵın edi.
Tolıbay balam bar dep,
Abıraylı bola almaytuǵının bilip,
Qapa bolıp jata bersin.
Endi sol awıldan,
Meshit qáwimnen,
Shetirek jerde,
Ózi ortasha halı bar,
On-on bes qara malı bar,
Jılında keskirt alatuǵın,
Otız-qırıq batpan dáni bar,
Tájimbet degen bar edi,
Boyjetip otırǵan,
Jalǵız qızı bar edi.
Qızdıń atı Qırmızı,
Shahsánemniń dál ózi.
Eki bettiń alması,
Qaǵazǵa qan tamǵanday,
Qarańǵı úyge kirgende,
Kózleri sham janǵanday.
Kórmegenler bir kórse,
Es-aqıldan tanǵanday,
Kese alısıp shay ishseń,
Palǵa miyriń qanǵanday.
Esalańlaw jigitler,
Qırmızını kórgende,
Biyhuwsh bolıp qalǵanday,

Jawırını bar qaqpaqtay,
Bilekleri toqpaqtay,
Orta boylı, dembelshe,
Ata-anadan tuwmay-aq,
Jerden piship alǵanday.
Jeń túrip jumıs qılǵanda,
Zeynińdi qoyıp qarasań,
Ortaǵa túser palwanday,
Badam qabaq ústinde,
Qıyalanǵan qası bar,
On jetini toltırǵan,
On segizde jası bar.
Hár jaǵında on-onnan,
Jigirma burım shashı bar,
Mántirseklew qızlardan,
On qızǵa bermes bası bar.
Ishi tolǵan ilimge,
Óner menen bilimge,
Baqa jawırın, mántirsek,
Bayaǵı aytqan balaǵa,
Ayttırıp keldi Tolıbay,
Qırmızını bir kúni,
Jarar dep maǵan kelinge,
Tájimbet qızı menen,
Kúyew balasınıń parqın bilmey,
«Qızımdı bay balası ayttırdı» dep,
Quwanıshı qoynına sıymay ketti.
Mal soyıp Tolıbaydı bir aqsham kútti.
Qudası menen qalıń mal aytıstı.
On bes ógiz, on sıyır,
On eki qoshqar, bes qozı,
Sonıń menen tamam boldı,
Qalıń mal aytısqan sózi.
Pátiyalasıp tarqastı,

Qız óziniń malǵa satılǵanın bilip,
«Baydıń malına qaraǵansha, qızıńnıń qalay
kún kóretuǵın, halına qarasańshı» dep,
Qırmızı ákesine bir sóz deydi:

— Ata, malsız ba ediń meni satqanday,
Quwanasań jerden altın tapqanday,
Bir sarazban júregimdi shaqqanday,
Ishimdi ashıttı otırsam, tursam.

Ata, meni berdiń bay balasına,
Kóziń qızıp baydıń malqorasına,
Alǵan malıń bále bolıp basıńa,
Qaytıp qutıla almay hayran bolarsań.

Áwel-ha kórseńshi baydıń balasın,
Sonnan soń alsańshı baspaq-tanasın,
Qızıń menen kúyewińniń shamasın,
Bilmeseń tap erteń oyran bolarsań.

Bay balasın kórmey malǵa qızıqtıń,
Ústinen júrdiń ǵoy ata buzıqtıń,
Qanday dárkarı bar gáwhar júziktiń,
Qası durıs qonbasa hayran bolarsań.

Meni satıp shappat urdıń sawdaǵa,
Ógiz jumsap jáne sıyır sawmaǵa,
Bir kún qalar basıń jánjel-ǵawǵaǵa,
Ózińdi hám meni sarsań qılarsań.

Bul sawdań qaytpasa shorı bolarman,
Baxıtsız mańlaydıń sorı bolarman,
Adamnıń eń tómen qorı bolarman,
Mıń túmenlik basım arzan qılarsań.

Keyni kelispese wáde-opanıń,
Ne mazası bolar zawqı-sapanıń,
Shaq bolmasa ústińdegi shapanıń,
Kóp pushayman etip árman qılarsań.

Bir qız tiymey júrgen xalıq arasınan,
Bir xabarıń bolmay bay balasınan,
Mázi paydalandıń ata-anasınan,
Bul sawdańdı buzsam óziń jılarsań.

Kúyewinniń kórmey basın-ayaǵın,
Kóbirek oyla ata óziń soyaǵın,
Sawda buzsam erteń baydıń tayaǵın,
Jep jılawǵa ata óziń qumarsań.

Qırmızı der: men barmayman jamanǵa,
Gellem ketpey túse almayman tabanǵa,
Izi ańsat emes ata saǵan da,
Aqıl tap, kóp oylan, óziń bilerseń.

Tájimbet bul sózdi esitkennen keyin, qızı Qırmızıǵa qarap:

— Qızım, meni qızdırma,
Pitken sawdanı buzdırma,
Qulaǵıma jaqpaytuǵın,
Sózdi aytıp otırma.
Perzenttiń jamanı,
Xalıqqa ákesin kúlki qıladı.
Jaqsı perzent ákesiniń múlki boladı,
Basqa gápti neteseń?!
Qul-qutanǵa bersem de,
Irkilmesten keteseń.
«Awzı qıysıq bolsa da,

Baydıń ulı sóylesin»,
Degen xalıqta naqıl bar.
Seni bergen kúyewimniń,
Sımbatı pás bolǵan menen,
Sanası tolı aqıl bar.
Seni men sonday bay balasına berdim,
Baydıń úyine barsań,
Qarnı jer sıypap júrgen,
Múyizleri shańıraqtay,
Ayır baqan sıyırlardı sawasań.
Sonday aǵıl-tegil,
Maylı, qatıqlı jerdi qaydan tabasań?!
Dep Tájimbet shaqırıp,
Qutlıbay, Qutlımurattı,
Hárqaysısı minip alıp bir attı,
Aytısqan qalıń malın,
Alıp kelmege Tolıbaydıń,
Awılına qarap jol tarttı.

Qırmızı ákesinen bul sózlerdi esitkennen soń, anası Sarıgúlge barıp aqıllastı. Sarıgúl ayttı: — «Janım qızım, bay balları eki qatın, úsh qatın, bálki tórt qatınǵa deyin aladı. Seniń kiyewiń pás bolǵan menen, bir basqa bir kóz boladı.«Gúrish arqasınan shigin suw ishedi» degendey, bizler seniń arqańnan, ógiz jegip, sıyır sawayıq» dedi. Qırmızı anasınıń sózinen de heshbir nátiyje tabalmay, awıllas hám atalas, Áljan degen aǵasınıń hayalı Dúrdana degen jeńgesine qarap, muńayıp turıp, awhalın bayan etip turǵan qusaydı:

— Jeńge, maǵan kim boladı pármana,
Biykeshińniń at basınday ármanı.

Atıń ne sebepten boldı Dúrdana,
Teńim tabılar ma xalıq arasınan?

Kewlime alǵan jigitimdi súymesem,
Ómirden ne payda súyip tiymesem,
Ózim piship, ózim tigip kiymesem,
Ne payda jáhánniń keń dalasman.

Maǵan qapılǵanday sonsha jáhánnen,
Qalay qostar bolar Artıq jamannan,
Tússem qaytıp shıǵalmaspan tabannan,
Jeńge, qutqarsańshı bay balasınan.

Mendey bolıp qız bar ma eken shatılǵan,
On bes sıyır, on ógizge satılǵan,
Tuwǵan ayı bultqa ushırap batılǵan,
Qorlıq, zorlıq kórip ata-anasınan.

Kórgenler Artıqtı áljuwaz deydi,
Qıysıq, pushıq, jırtıq, bası taz deydi,
Nadanlıǵı basım, aqılı az deydi,
Er bolalmas deymen ol shamasınan.

Sen jolın bilerseń hárbir kósheniń,
Neǵıp er qılarman baydıń meshelin,
Sen tappasań jeńge bunıń esabın,
Biykeshińniń duman ketpes basınan.

Jeńgejan, aqıl tap buǵan sen búgin,
Jamanǵa tiy degen bul qalay húkim,
Bir zilge aylandı iynimde júgim,
Qalıń bolıp Qaratawdıń tasınan.

Ata-anam qaramadı halıma,
Kózi qızıp ketip baydıń malına,

Bir egewdi saldı menin janıma,
Dárt baylandı júregimniń qasınan.

Qızdıń jolı qıysıq ketse qıyağa,
Qostar tawıp qona alar ma uyağa,
Men qalay kelermen jeńge góyağa,
Qoynım tolmay qumar kózdiń jasınan.

Qırmızıman, bağda qızıl gúl edim,
Qızlardıń ishinde qızıl júz edim,
Farhad bolsa, tap Shiyrinniń ózi edim,
Teńim tabılğanda áwel basınan.

Jeńgesi bul sózdi esitkennen keyin,
Biykeshiniń moynına,
Qolı bardı sozılıp,
Qamıqqan qızdı kórgen soń,
Júregi, bawırı ezilip,
Ózin irkip tura almay,
Ketti kewli buzılıp,
Kóziniń jası móltildep,
Bir-bir tamıp tırsıldap.
Etekke tústi tógilip.
Qayğılı qızdıń zarınan,
Iymeydi beli búgilip.
Boyın jazıp qaytadan,
Kóterip basın túrgelip,
Qırmızını qushaqlap,
Dúrdana turıp sóyledi:

— Biykeshim, seniń jolıńda,
Basımdı qurban qılayın.
Ne boldı yapırmay qaynağamızğa,
Malğa kewli ketip qaramay qızğa,

Seni bir jıqqan soń jılıwlı muzǵa,
Ózi qalay keler eken góyaǵa.

Qayǵınıń hazarı saǵan jetipti,
Etiń túwe súyeginnen ótipti,
Qızıl júziń sarǵısh tartıp ketipti,
Ata-anań qızǵannan soń dúnyaǵa.

Biykeshjan, tanıdım aytqan sózińnen,
Jeńgeń bir aynalsın jaslı kózińnen,
Eger maǵan járdem bolsa ózińnen,
Men jibermes edim seni qıyaǵa.

Áken salǵan qıysıq joldan jılıssań,
Mártlik etip bir wádede turıssań,
Jılawıńdı berip shappat urıssań,
Qondırar edim bir gúllengen uyaǵa.

Jańa saǵıyradan qabiyraǵa kóshken,
Bir qızıl gúl ediń tawlanıp ósken,
Júzleriń ánjirdey qızarıp pisken,
Kim háwes bolmaydı sendey miywaǵa.

Ógiz, sıyır, bergen jılqı-qoy menen,
Seni shorı qılsam degen oy menen,
Men shıntlap gúressem Tolıbay menen,
Dushpanımdı qaldırar edim piyada.

Ne bir ǵoshshaq jigitler bar sultanday,
Baxıt qonsa jurtqa tulǵa bolǵanday,
Malsızlıqtan qızıl gúli solǵanday,
Kewli yarım jigitler kóp dúnyada.

Solardıń «dáwlet qus» qonsa basına,
Sendey qız jazılsa peshanasına,

Baylardıń Artıqtay mıń balasına,
Bir mártti adamnıń kózi qıya ma?

Tarlandı námártke saldırǵan menen,
Qanatın qayırar aldırǵan menen,
Qızıl gúlge ǵarǵa qondırǵan menen,
El ádet-úrpinde nırıqqa sıya ma?

Kóz jasıń járiya bolıp tógilse,
Sırtıńnan kóz salıp dushpanıń kúlse,
Dúrdana der jańǵa qısıwmet kelse,
Ózińdi jılatqan ákeńdi ayama.

Dep Dúrdana sózin tawıstı,
Qırmızı ayttı: — Janım, jeńge,
Qarsaq jortpas jabıǵa,
Keter boldım, men jemge.
Tum-tusımnan qısıp tur,
Tawı kúshli iskenje,
Qabırǵalarım qabıstı,
Júrekke ókpem jabıstı,
Sen shıǵarmasań bir keńge,
Kettim men túpsiz tereńge,
Abıraylı qılıp sen jeńge,
Mindirmeseń bir dóńge,
Qolıńnan eger kelmese,
Xalıqqa oylas, sal jónge.
Esabın tawıp basımdı,
Jamannan jeńge qutqarsań,
Bereyin saǵan mıń teńge,
Qayǵınıń qalıń áskeri,
Janımdı qamap gewdeden,
Ajırastırıp alıwǵa,
Keltirip tur bir demge. —

Dep Qırmızı páreńi,
Jipek oramalı menen,
Kóziniń jasın sıpırıp otırdı.
Qızdıń sózin esitip,
Jeńgesi turıp kiyindi,
Ashıwı kelip ishinen,
Júregi-bawırı kúyindi.
— Aynalayın, biykeshjan,
Otıra tur úyimde.
Kelse qoldan shırağım,
Qaynağağa arız etip,
Ketireyin basıńnan,
Qayğılı qara qıyındı.
Aytqan arzım pitpese,
Qudaların shaqırıp,
Bere bersin toyıńdı.
Gúrespazlar gúresip,
Shabandozlar at shawıp,
Oynay bersin oyındı.
Sende barıp sol toyğa,
Qatar-qurbı, xalqıńa,
Kiyinip shığıp dolanıp,
Kórset qáddi-boyıńdı,
Dep Qırmızıǵa ayttı,
Dúrdananıń ózi.
Úyden shığıp jeń salıp,
Túrmesiniń sırtınan,
Aydınlını bir shalıp.
Narazbaydan qıyıqsha,
Qıyalap, basına salıp,
Sárbinazday sallanıp,
Qarshığaday qıyallanıp,
Qızdıń muńın aytıwğa,
Sálem berip qaytıwğa,

Tájimbettey qaynaǵasına,
Qádem urıp jollanıp,
Tájimbet otırǵan úlken úydiń,
Esigin jamılıp ishke kirdi.
Sálemdi qosıp, tájimin berdi.
Sóytip, qáddin tiklep turıp,
Qaynaǵalarına qarap tuwrı turalmay,
Qıyalańqırap betin burıp,
Qarap kórse Qutlıbay, Qutlımurat,
Ótebay, Ótemurat,
Jiyenbay, Jiyemurat,
Qallıbay, Qalmurat,
Taǵı basqa, uzın-qısqa,
Qaynaǵalarınıń barlıǵı da,
Úyde tolıp otırǵan eken.
Dasturxandı nan menen qant-shayǵa,
Kelistirip toltırǵan eken.

Dúrdana awıl kátqudası beglerim,
Sizlerge bir nashardıń muńın aytpaǵa kelip edim,
Dep jası úlken qaynaǵalarına,
Qarap arzın sóylep turıptı:

— Bir arzım bar esit, qaynaǵamız,
Iynińe jarasar zerli jaǵańız,
May aynısa untap duzdı salamız,
Duz aynısa oǵan neni salamız?

Qaynaǵa, bul sózdi ne dep oyladıń,
Halıń bilmey baylar menen oynadıń,
Qızdıń shıbın janın bunsha qıynadıń,
Oylaspaysań, birdey sırtta qalamız.

Qızıńdı satıpsań on bes biyege,
Elli qozı-qoshqar, on bir túyege,

Bergen kúyewińe qızıń tiye me,
Qız súymese qalay maldı alamız?

On bes sıyır, on ógizge quwanıp,
Qızıńdı jılatıp, ózin jubanıp,
Kewliniń xanasın ketti suw alıp,
Biykeshtiń kelbetin kórsek shamamız.

Qaynaǵa kórippeń kúyew balanı,
Xalıqqa burın málim eken nadanı,
Tartpay tur ǵoy biykeshjannıń tabanı,
Bul isińnen qalay abıray alamız?

Tolıbaydıń esigine barmaydı,
Barmayman dep aqsham-kúndiz zarlaydı,
Eki kózden qanlı jası parlaydı,
Shıdap otıra almay qapa bolamız.

Kótermeseń basıńdaǵı obaldı,
Qız qıyalı tarmaqlanıp taraldı,
Bir qıyalı Ámiwdárya, Araldı,
Háwes eter bizler hayran qalamız.

Shól jerde sheńgelge búlbil qonar ma,
Qızıl gúlge ǵarǵa qonıp bolar ma,
Qonsa da qondırǵan adam ońar ma,
Usınday islerge kúyip janamız.

Elimniń sárdarı begi-begleri,
Hámme kátqudasız tolı miyleri,
Qızǵa zindan Tolıbaydıń úyleri,
Sózimniń eń hash danısh-danamız.

Aldında jol baslar odanbasıman,
Qızlardıń jeńgesi Dúrdanasıman,

Kim jılasa sonıń pármanasıman,
Qaynaǵa, jılap tur nashar balańız.

Dúrdana sózin tamam etken soń,
Tájimbet kózin alartıp,
Reńin qaraytıp,
Qabaǵın úyip,
Qatınlardan maǵan kátquda boldı ma dep,
Ishi kúyip,
Eki mushın túyip,
Bar kúshin jıyıp,
Isinip ketip, kiyimine zordan sıyıp,
Ornınan ırǵıp turıwı menen,
Táp berip juwırıwı menen,
Dúrdananıń arqasına,
Eki qamshını urıwı menen,
Úyine kelip otırǵan,
Adamlarǵa qarap bılay dep sóyledi:

— Meniń eńbegim kúymesin,
Qudamnan alatuǵın malıma,
Tap usı qatınnıń kesiri tiymesin.
Ózi malǵa satılıp kelgen qatın,
Qudamız benen aramızdaǵı doslıqtı,
Buzayın dep ot taslap,
Kúsheytip júr ǵoy bul pátin.
Qudamdı shaqırıp toyımdı,
Bermesten burınıraq,
Bul qatındı bir bálege shatıń,
Kórdiń be bunıń uyalmay,
Maǵan qurıp júrgen,
Bir óziniń saltanatın.
Eki júz eshek tarta almas,

Mákkarı menen sawlatın.
Dep Tájimbet qamshısın,
Ortağa taslap otırdı.
Sol waqıtta Qallıbay, Qalmurat,
Ótebay, Ótemuratlar,
Bılay dep sóyledi:

— Qatın-qalashtıń sózin,
Tájimbet ağa ne qılasań?!
Tap usınday sózlerdi,
Esapqa ala berseń,
Qopalaq adam eken-aw dep,
Jaman atqa tağılasań,
Qudańdı erteń shaqırıp,
Ullı bayram — toyıńdı ber.
Bizlerge toyğa soyatuğın,
Sıyırıń menen qoyıńdı ber,—

dep sol másláhát penen, sársembi sátli kúnge, qudasın toyğa shaqıratuğın, bolıp tura bersin. Endigi sózdi Dúrdanadan esitiń:

Qaynağasınan qashıwı menen,
Eki qamshınıń ashıwı menen,
Ayağın tez-tez basıwı menen,
Qırmızığa kelip esitken.
Sóziniń bastan-ayağın,
Qaynağasınan jegen tayağın,
Qızğa qarap birim-birim aytıp turğan usaydı:

— Zarıńdı aytıp sayramağa,
Sózdiń jubın baylamağa,
Barıp edim qaynağağa,
Bir gewpaqal adam eken.

Sálem-tájimdi bilmegen,
Heshbir sárdarǵa ermegen,
Sóz káninen gúl termegen,
Bir láttepám, nadan eken.

Ishi gewek bos turǵanday,
Nan salmaǵan dasturxanday.
Qapırıqta ıssı urǵanday,
Dánesi joq saban eken.

Sóz tamamında qaynaǵa,
Juwırıp shıqtı ortaǵa,
Jup qamshı urdı arqama,
Bir gúwlegen samal eken.

Táp berdi ǵoy qutırǵanday,
Óytip maǵan umtılǵanday,
Gúnam joq qamshı urǵanday,
Es-aqıl joq awan eken.

Eki qamshıdan ólmeymen,
Biraq sózine shólleymen,
Dámsiz adam ba bilmeymen,
Duzın kemirek salǵan eken.

Dasturxan jayıp asımnan,
Duz tattırıp ot basımnan,
Húrmetli qaynaǵasınan,
Tayaq jegen jaman eken.

Qaynaǵanıń bawırı tastay,
Qız súygenin kóre almastay,
Jan-jananın alalmastay,
Biykesh bir jaman zaman eken.

Tum-tusı temir kerege,
Muz bolıp muńlı júregi,
Azatlıqtıń hesh dáregi,
Bolmaǵanı jaman eken.

Biykeshjan, tilde barımdı,
Ayttım pitpedi zarıńdı,
Dúrdana der qardarıńdı,
Tapsam isiń tamam eken.

Dúrdana qızǵa qarap ayttı:
Ákeń toyın bereyin dep atır,
Biykeshjan, sen endi,
Bunnan ketip úyińe bar.

Erterek bul awırıwdıń aldın al,
Eger aldın almasań,
Ómirińshe órisin tar.
Bir ámel etip qalmasań,
Shıǵarlıǵın biyik tik jar,
Bar kiyimińdi kiyinip,
Erteń maǵan qosılıp,
Izime erip toyǵa bar.
Gewdemdegi amanat,
Aman tursa ornında,
Tabarman saǵan bir qardar,
Dep Dúrdana sózin tamam etti.
Endigi sózdi Tájimbetten esitiń:
Dúyshembi kúni másláhát toyın basladı.
Másláhátke arnalǵan toydıń,
Qoyın soyıp tasladı.
Zamanında esapqa alınǵan,
Semirip ketip qarnı salınǵan,
Aq atpa belbewdi jipek shapannıń,

Sırtınan buwıp,
Sarı postındı jelbigey jamılǵan,
Kátqudashılıq jolı menen,
Talay gúzarlarda shabılǵan,
Másláhát toyǵa on bes adam jıynaldı,
Aqshamı menen kútinip sıylandı.
Azanda másláhát penen,
Tolıbayǵa at jiberildi.
Shaqırtıwshınıń qolına,
Pátek penen xat berildi.
Bul pátek barıwdan,
Tolıbay qolına alıwdan,
Ózi menen záńgi joldas,
Qatarın jıyıp awıldan,
Ayttı toydıń xabarın.
Shabandoz benen palwanın,
Shaqırıp aldı Tolıbay,
Bayraqqa at shabarın,
Shaqırǵan toyǵa niyetlep,
Qudasınıń awılına,
Tolıbay tarttı saparın.
Qashqanǵa quwıp jetkendey,
Quwǵannan qutılıp ketkendey.
Shaybas gúreń atına,
Mingizip edi balasın.

Men alıs dep aytpayman,
Eki awıldıń arasın.
Qudam qashan keler dep,
Kóz tutıp turǵan Tájimbet,
Shıqqannan kórdi qarasın.
On úylik dep oyladı,
Qudasınıń shamasın.
Qonaqqa úyin sayladı,

Tósep kiyiz-palasın.
Sıylıǵın alıp jasları,
Bir maydan kókpar oynadı,
Aralap awıl arasın.
Jas úlkenlerin húrmetlep,
Qoltıqlap attan túsirip,
Shılbırın sheship bayladı,
Tazalap attıń qorasın.
Tolıbay menen Tájimbet,
Ishkeri kirip kóristi,
Qolǵa-qoldı beristi.
Qutlı bolsın toyıń, dep
Baslana bersin oyın dep,
Eki quda sóylesti.

Tolıbay — Írzaman bergen malıma,
Quda bolıp sındırısqan nanıma,
Qostım tatıwlıqqa jandı-janıńa,
Aqırı abadan bolsın toylarıń.

Tájimbet — Tatıwman dep jandı-janıma qostıń,
Men bildim janımnan artıq shın dostım,
Maǵan baydan juǵarma dep bas qostım,
Hár túr quwanıshta bergen toylarım.

Tolıbay — Baydan juǵar, paldan tamar naqıldı,
Úyrenip bilipsiz ańsat aqıldı,
Jarlıǵa perzentten dúnya jaqındı,
Alǵan pulıń qutlı bolsın toylarıń.

Tájimbet — Tolıbay baylıǵıń seniń tolısqan,
Qatnasıǵıń edi uezd-bolıstan,
Gúzarıń túsken soń biziń qonıstan,
Oylarım bar qutlı bolar toylarım.

Tolıbay: — Shanı-sháwket, gernay-sırnay urılǵan,
Xosh hawazlar, sazı-sáwbet qurılǵan,
Palwan menen shabandozlar jıyılǵan,
Qudam, qutlı bolsın bergen toylarıń.

Tájimbet —Jarlı demey quda boldıń biz benen,
Qutlı bolsa birge bolsın siz benen,
Sizde Artıq, bizde Qırmızı menen,
Birge qutlı bolsın qudam toylarım.

Tolıbay — Qırmızıjan Artıqjanǵa múnásip,
Bolar ma bir-birin kórse qarasıp,
Tilegim sol toyıń-toyǵa ulasıp,
Ketsin qudam, seniń bergen toylarıń.

Tájimbet —Tolıbay bul sóziń maǵan da jaqsı,
Jırawlar shaqırttım, qaldırmay baqsı,
Artıqjannıń Qırmızıjan naqıshı,
Sonıń jarasıǵı ushın toylarım.

Tolıbay — Tolıbay der baylıq basımda dáwlet,
Saǵan shamalastı bay bolar náwbet,
Toydı-toyǵa ulastırıp Tájimbet,
Izinen izbe-iz bolsın toylarıń.

Tájimbet— Tájimbet der qolım jetti bir bayǵa,
Sen qudam asıqpa, qara jaǵdayǵa,
Eki jıl, bolmasa otız altı ayda,
Qızımdı uzatar sońǵı toylarım.

Tájimbettiń eki jıl,
Bolmasa úsh jıl,
Jesirińdi alasań degen sózi,
Tolıbayǵa jaqpay,
Bılay dep sóyledi,
«Tájimbet qudam, ólimnen,
Basqanıń ertesi jaqsı».
Kóp keshigiwdiń nesine qızdıń,
Qızıńdı uzatıw jumıstı,
Onsha nege uzaqqa sozdıń.
Aytıp-aytıp kelip wádeńdi,
Kóz-kóreki buzdıń.
Kámalǵa kelip erjetkennen soń,

Qosılǵanı jaqsı emes pe,
Jigit penen qızdıń.
Tájimbet, sen tegislep kelip,
Iz jaǵın buzdıń ǵoy sózdiń.
Degen waqıtta Tájimbet:
Bılay dep sóyledi:
— Tolıbay qudam, oǵan nege shamlanasań?
Qıs qansha qattı kelgen menen,
Izinde jarasıqlı jazı bar.
Kóldiń qopası qansha qalıń bolsa da,
Úyregi, quwı, ǵazı bar.
Qarshıǵa menen suńqarǵa,
Iytelgini teńewge,
Qarǵılı, qayın tazı bar.
Qız-jigittiń otırıspasınıń,
Gedir-budırın tegislewge,
Sáwbeti bar, sazı bar.
Sen baylıǵıń menen balańdı,
Maǵan qansha minlet qılsań da,
Qızı bardıń nazı bar,
Degen waqıtta Tolıbay:
«Maǵan naz qılıp aytqan eken
ǵoy» dep kúlip jiberdi.
Tájimbet Tolıbay qudası menen,
Bir aqsham kúlisip, shadı-qorram bolıp,
Gúrrińlesip jattı.
Toyxanadan ton japtı,
Mayxanadan tabaq tarttı.
Erteń azanda seńseń,
Postınlardı jamılıp,
Tájimbet qudası menen,
Toqsawılǵa qarap qádem urıp,
Piyadalap jol tarttı.
Bul sóz búyerde endi tursın,

Endigi sózdi bayağı,
Maldıń kemligi zıyan berip,
Kewildiń keńligi zaya bolıp,
Qutılmay júrgen azaptan,
Esitesiz doslarım,
Arıslan menen Azattan.

## MAZMUNÍ

Nawayı haqqında .................................... 3
Otarba .................................... 4
Shomanay .................................... 7
Biz jeńemiz .................................... 10
Jeńgen jaqsı.................................... 12
Námárt jigit nege dárkar? .................................... 14
Xalıq ǵarǵısı .................................... 15
Jawdı keyin ısırıptı .................................... 17
Fronttan harmasın .................................... 18
Xalıq aylandı seni tuwǵan anadan .................................... 21
Jıl kiyatır .................................... 24
9-may .................................... 26
Palwanlarǵa .................................... 27
Paxtakeshlerge .................................... 29
Maqsetim .................................... 31
Sarraslap júr sabaǵıńdı! .................................... 32
Báhár .................................... 33
Jaz máwsimi .................................... 35
Bilimlen .................................... 36
Biybisánem .................................... 40
Mektepte bolar .................................... 43
Hayal-qızlar .................................... 44
Batır azamat .................................... 45
Ármanım .................................... 47
Shayırlarǵa .................................... 49
Berdaq haqqında qos qosıq .................................... 52
GES qurılısına .................................... 56
Qálli Ayımbetovqa .................................... 58
Maqtımqulıǵa .................................... 61
Paxtakesh xalqıma .................................... 64
Sábit Muxanovqa .................................... 66
Sadıq shayırǵa .................................... 68
Ayapbergen shayırǵa .................................... 71
Jıraw sırı .................................... 76
Bawırmanlar (poema) .................................... 83
Bahadır (dástannan úzindi) .................................... 94